# ЦЫ УЫДИС, ЦЫ ФЕДТОН, ЦЫ БАМБÆРСТОН*

## Мæ мысинæгтæ цыбыргондæй

Кæимæ ахуыр кодтон, уыдон уыдысты уырыссæгтæ, украинæгтæ, дзуттæгтæ, фæскавказæгтæ, белоруссæгтæ, Астæуккаг Ази æмæ Прибалтикæйæ. Алчидæр дзы раугъта иу дыууæ чиныджы. Сæ фылдæр мæнæй кæстæртæ, уыдис дзы ме 'мгæрттæ дæр. Зæгъæм, Владимир Федоров, украинаг Чендей æмæ æндæртæ. Мемæ иу курсы уыдысты, уый фæстæ сæ ном кæмæн айхъуысти, ахæмтæ: Евгений Носов, Новелла Матвеева, Иван Чендей... Се 'ппæтæй мæ зæрдæмæ хæстæгдæр айстон Евгений Носовы. Йæ бакаст дæр, йæ митæ дæр сыгъдæг уырыссаг; æргом ныхас, æнæхин, æнæсайд адæймаг. Уыимæ, фæци æрмæстдæр аст къласы, фæлæ, æвæццæгæн, чингуытæ бирæ бакасти, бирæ ахъуыды кодта наукæйы æмæ царды фарстатыл. Ноджы æрдзæй зондджын, æмæ йемæ цæйфæнды тыххæй дæр уыдис æнцон дзурæн. Истæуыл быцæу ныхас кæнгæйæ-иу мын арæх загъта:

— Цæй-ма, ныууадз мæ, Саша,— афтæ мæ хуыдта,— цы мæ агурыс! Æз æнахуыргонд дæн.

Фæлæ, чи зоны, кæд цыдæр зонындзинæдтæ мæнмæ фылдæр уыд, уæддæр æз никуы банкъардтон, æмæ уый мæнæй дæлдæр лæууыди.

Уыимæ-иу философийы, литературæйы теорийы, кæнæ эстетикæйы фарстатыл ныхас кæнгæйæ, уый хъуыддаг йæхирдыгонау афтæ радзырдта, афтæ-иу æй райхæлдта, æмæ-иу адæймаг дызæрдыг нал кодта, цы фарстайыл дзурæм, уый арф кæй æмбары, ууыл. Хæрзæрыгон лæппуйæ бархийæ хæстмæ ацыд, фæци уæззау цæфтæ æмæ хæсты кæронмæ 'ввахс госпитальмæ бахауди... Касти-иу нын йæ радзырдтæ, скъуыддзæгтæ йæ п о в е с т т æ й æмæ кæддæриддæр зæрдæмæ арф хъардтой, зæрдæ агайдтой. Прозæйы семинарты дæр уый уацмыстæн хуыздæр аргъ кодтой. Цыбырдзырдæй, уый уыдис, æмæ у стыр курдиатджын адæймаг æмæ нæ хицауад тынг раст бакодта Социалистон Фæллойы Хъæбатыры ном ын кæй радта, уымæй. Æрмæст æм иу лæмæгъдзинад уыдис. (Кæд уымæн лæмæгъдзинад схонæн ис, уæд). У уырыссаг æмæ уарзы уырыссаг адæмы, бæстæйы иннæ адæмтæй уыдоны æмрæнхъ никæй æвæры. Арæх-иу дзырдта афтæ: «Дружба дружбой, а табачок — врозь». Уæддæр кæрæдзийы уарзтам, кæрæдзийæн аргъ кодтам æмæ ма абоны онг дæр æрдхæрдтæй баззадыстæм. Æрмæст æй Кавказмæ цал хатты нæ хуыдтон, иу хатт дæр не сразы. Зындгонд уырыссаг фыссæг Виктор Астафьевимæ дæр уæд базонгæ дæн Носовы руаджы, уыимæ хæлæрттæ уыдысты, сæ зондахаст дæр иухуызон уыди.

---

* Райдиан журнал «Мах дуджы» 3-æм номыры.

Зæрдæхæлар адæймæгтæ уыдысты Иван Чендей, зындгонд украинаг фыссæг, Виталий Чернов, Новеллæ Матвеева. Уыцы сылгоймаг дæр, æвæдза, æмбисонд у. Лирик, æмдзæвгæйы музыкалондзинад иттæг хорз чи æнкъардта, ахæм, фæлæ низхæрд.

Цы бирæ предметтæ ахуыр кодтам, уыдонæй, зæгъæн ис, æмæ сæ ахуыргæнджытæм гæсгæ тынгдæр зæрдæмæ цыдысты литературæйы теори, ахуыргæнæг Поспелов, рагон дуджы литературæ, ахурыгæнæг Тахо-Годи, XIX æнусы уырыссаг литературæ, ахуыргæнæг Архипов. Дзæбæх мæм фæкастысты Бяличы лекцитæ Горькийы тыххæй, Мотылевайы лекцитæ фæсарæйнаг литературæйы тыххæй. Екименкойы лекцитæ Шолоховы дæсныдзинады тыххæй. Ахуыр ма кодтам Бальзак æмæ Гоголы, Диккенс æмæ Флоберы дæсныйад.

Мæ зæрдæмæ фæцыди Борис Шкловский. Уый нын касти сфæлдыстады психологи. Уыди хуымæтæг. Уыйимæ йæ удыхъæд, йæ митæм гæсгæ, стæй уæд, чи зоны, æмæ йæ зонындзинæдтæм гæсгæ дæр уымæн æмбал нæ уыдис. Иу чысыл догматик арæзт уыдис эстетикæйы ахуыргæнæг Иван Астахов.

Литературæйæ кæд æдзæттæ нæ уыдтæн, уæддæр бирæ ног цыдæртæ базыдтон, уæлдайдæр литературæйы теори æмæ хицæн авторты дæсныйадæй. Марксистон философи æмæ политэкономи та уым куыд ахуыр кодтой, уымæй æз дзæвгар хуыздæр зыдтон.

Тынг бамæстджын дæн иу хатт Назым Хикметы тыххæй.

Дыууæ курсы æрæмбырд кодта нæ ахуырады хайады хицау Виктор Телпугов, ныртæккæ нæм Назым Хикмет æрбацæуудзæни, зæгъгæ. Æмæ уый æцæгдæр фæзынди. Бæрзонд, рæсугъд лæг, урсæмхæццæ сæрыхъуынтимæ. Æрбадти разæй, йæ иу къах иннæуыл æрæвæрдта æмæ дзурын райдыдта:

— Æз дæн, туркаг пашайы фырт уæвгæйæ, коммунизмæ чи æрцыд, уый.

Цыппар сахаты ахаста нæ фембæлд. Уыцы рæстæгæн йæ дзæвгар фылдæр хай уый дзырдта æмæ дзырдта литературæ æмæ аивады тыххæй, уыимæ, куыд бамбæрстон, афтæмæй иттæг хорз зыдта италиаг, францаг, немыцаг, англисаг, америкаг, азиаг литературæ æмæ аивад. Дзырдта æмæ дзырдта, цы бæстæты уыди, цас бирæ федта æмæ базыдта, ууыл. Адæймаг æм хъуыста æхсызгонæй, хæлæггæнгæйæ. Уыйбæрц æз бæстæтæ нæ, фæлæ областтæ дæр нæ федтон. Фæлæ иуахæмы Хикмет Уæрæсейыл дзурын куы райдыдта, уæд загъта мæнæ æртæ ахæм хъуыдыйы:

— 1. Ленин литературæ æмæ аивады фарстатæй йæхи дард ласта. Уый афтæ дзырдта: æз уыдонæн ницы 'мбарын æмæ сыл дзурынмæ дæр нæ хъавын. Дзурæнт сыл æмæ сæ æвзарæнт, чи сæ зоны, уыдон.

2. Уæрæсейы нывкæнынад нæ уыдис. XIX æнусы дæр æмæ ныр дæр. Репин, Крамской цыдæр агиткæтæ арæзтой, фæлæ уыдон аивадмæ ницы бар дардтой.

3. Уæрæсейы нæ уыдис æмæ нæй театр. Ныртæккæйы театртæ бæззынц æрмæстдæр рагон дунейы музейтæм радтынмæ.

Уыцы ныхæстæм Хикметæн æмдзæгъд дæр ма æркодтой. Æз бамæстджын дæн, æмæ ме 'мбæлттæн загътон: «Иваны вы, непомнящие родства». Чидæртæ мæм зул цæстæй æрбакастысты. Хикмет ныхасгонд куы фæцис,

æмæ куы загътой, фарстатæ кæмæ уыдзæни, науæд та чи цы зæгъдзæни, зæгъгæ, уæд сыстадтæн.

— Хатыр бакæн, æмбал Хикмет. Чи зоны, æз дæуæн ахуыргæнинагæн дæр нæ бæззын. Фæлæ иуæй-иу хъуыддæгты цыдæртæ æмбарын, æмæ сын æнæ зæгъгæ мæ бон нæу. Æмæ йын ранымадтон:

1. Ленин афтæ никуы дзырдта: æз литературæ æмæ аивадæн ницы 'мбарын. Стæй уыцы фарстатæй йæхи дард дæр никуы ласта. Ленин дзырдта афтæ: фысгæ чи кæны, уыдонæн бар дæттын хъæуы сæ хъуыдытæ, се сфæлдыстадон тыхтæ равдисынæн. Курдиат кæмæ ис, уыдоныл хъæуы æппынæдзухдæр аудын... Мах литературон хъуыддагмæ хъуамæ нæ чъылдым макуы раздахæм æмæ йæ ма ауадзæм йæхи бар. Ленин литературæ иттæг хорз кæй æмбæрста, уый бæрæг у йæ уацмыстæй дæр, уæлдайдæр Толстойы тыххæй кæй ныффыста, уыдонæй.

2. Уæрæсейы нудæсæм æнусы дæр уыдис æмæ ныр дæр ис нывкæнины егъау дæсниад. Репин, Крамской, Суриков, Иванов æмæ ма æндæртæ дæр сæ дæсныйадмæ гæсгæ лæууынц Европæйы бирæ зындгонд нывгæнджыты æмрæнхъ.

3. Уæдæ кæд кæйдæр пьесæтæ ныртæккæ уырыссаг театртæ не 'вæрынц, уæд уый дæр ууыл дзурæг нæу, æмæ уырыссаг театр лæмæгъ у. (Раздæр мын куыд дзырдæуыд, афтæмæй Хикметæн цавæрдæр пьесæтæ мæскуыйаг театртæ æвæрынмæ нæ райстой æмæ сæм уый тыххæй фыдæх уыди).

Мæ ныхæсты тыххæй мæм ме 'мбæлттæ фæйнæрдыгæй фæкъæппфæкъæпп кодтой. Хикмет куы ацыди, уæддæр ма нæ быцæу ныхас дзæвгар ахаста.

Иуахæмы та уыдыстæм нæ ахуыргæнæг профессор Бяликимæ Горький кæм царди, уыцы хæдзары. Воровскийы уынджы. Уый раздæр уыди къупецаг Рябушкинскийы хæдзар. Базонгæ стæм Горькийы чындз, йæ фырт Максимы бинойнагимæ. Уый нын радзырдта бирæ хабæрттæ Горькийы тыххæй, йæ бинонтимæ, йæ фыртимæ, йæ чындзимæ зæрдæхæларæй куыд цард, уыдæттæ. Радзырдта нын уыцы хæдзары йæм Сталин, Ворошилов æмæ Молотов бирæ хæттыты кæй уыдысты, уый дæр. Сæ къамтæ дæр ма нæм равдыста. Уырдыгæй куы 'рбацыдыстæм, уæд та мын æнæхъæн курсимæ бацайдагъ быцæу ныхас. Валодя Сапожников æмæ æндæртæ дзурын райдыдтой Горькийы ныхмæ, Сталины ныхмæ. Горькийы хуыдтой советон Рябушинский, Сталины — хъæдын сæрымæгъзтæ кæуыл уыд, ахæм. Сæ ныхас уыд афтæ æмæ социалистон революцийæн знаг дæр нæ уыдис, йæ ныхмæ дæр ничи тох кодта, кулаччытæ дæр нæ уыдис. Уыдон иууылдæр æрхъуыды кодтой Сталины «хъæдын сæры мæгъзтæ». Горький та уыди Сталины трубадур, æппæлыди дзы, йæ сæрыл хæцыди. Уый Горький загъта: если враг не сдается, его уничтожают. Æртæ сахаты иунæгæй фæбыцæу кодтон æнæхъæн курсы ныхмæ, мæ фарс рахæцæг нæ фæци, афтæмæй. Уыцы рæстæджы ахуырады хайады сæргълæууæг Виктор Тельпугов, зындгонд уырыссаг фыссæг, иу-цалдæр хатты дуарæй æрбакасти, фæлæ мидæмæ не 'рбацыди. Нæ ныхасыуаг нын æмбæрста æмæ-иу йæхи дарддæр аласта.

...Мæ сæрымагъзæй та нæ цух кодтой уыцы æнæхайыры ныхæстæ: Больные хроническим нефритом живут 10—12 лет , потом в результате самоотравления организма погибают...

1961 азы каникулты рæстæг нæхимæ куы ссыдтæн, уæд мын нæ обкомы ног фыццаг секретарь Хъæбæлоты Билар партийы Центрон Комитеты æххуысæй смадзал кодта путевкæ нефритæй рынчынтæм кæм зилынц, ахæм сæрмагонд санаторий — Байрам-Алимæ. Путевкæ балхæдтон 45 бонæн, æмæ атахтæн Ашхабадмæ. Уырдыгæй ма цыппарсæдæ километры та — поезды...

Санаторийы дохтырмæ бацыдтæн. Уый уыдис иу фондз æмæ дыууиссæдз азы кæуыл цыдаид, ахæм сылгоймаг, Атаева, зæгъгæ. Атаевтæ уым бирæ ис. Ата — фыды ном у. Рафæрс-бафæрс мæ кæны.

— Дæ низ рæстæггай фæкарздæр вæййы!

— О.

— Ангинæйæ рынчын фæкæныс!

— Фæкæнын,— дзуапп ын радтон.

— Хорз уаид, дæ миндалинтæ дын ралыг кæн, уæд.

— Мæнмæ гæсгæ уымæн уæвæн нæй. Мæ туг хорз нæ ахсы, æмæ куы фемæхса, уымæй тæссаг у.

— О, о! Уый æцæг тæссаг у. Уымæй адæймаг æваст æрбамæлдзæни. Фæлтау нæ хъæуы операци. Тыхсгæ ма кæн, уæддæр ма иу цыппарфондз азы фæцæрдзынæ,— йæ цæст дæр нæ фæныкъуылдта, афтæмæй мæм комкоммæ кæсгæйæ, загъта «дохтыр» Атаева. Алы адæймаг дæр бамбардзæн, мæ уавæр куыд уыдаид, уый. Смæсты дæн мæхимæ дæр, зæгъын, куы зыдтон, мæлинаг кæй дæн, уый, уæд ма ардæм та цæмæн лæсыдтæн! Уыцы ныхæстæ фехъусынмæ! Комкоммæ мын афтæ никуы ма ничи загъта. Уæды онг ма мæм цыдæр ныфс уыди, цæуылдæр ма мæ зæрдæ дардтон. Мæхицæн сомбонмæ цыдæр пълантæ дæр арæзтон. Ныр мын уыдоныл дæр мæнæ ацы ныллæггомау саулагъз сылгоймаг крест бафтыдта. Мæ зæрдæ, мæ ныфс бынтондæр асастысты. Иннæбон - та-иу æрбацу, зæгъгæ, ма мын загъта, фæлæ йæм æз нал фæзындтæн. Иу цасдæр ма Байрам-Алийы алыварс хъæуты, районты центры азилæнтæ кодтон, æркастæн уымы адæмы цардмæ, сæ цæрæн бынæттæм, сæ базартæм, стæй уæд рафардæг дæн Мæскуымæ.

...Адæмы базонынæн, алы рæттæй æрцæуæгæ фысджыты зондахастмæ байхъусынæн, ныронг кæй нæ кастæн, бирæ ахæм чингуытæ бакæсынæн мын фадат кæй фæци, уымæй мын егъау пайдайаг хъуыддаг уыдысты уыцы ахуыртæ.

1962 азы ахуыр фестæм. Кæронбæттæн æмбырды иу-цалдæримæ мæнæй дæр раппæлыдысты æмæ уый адыл нæхимæ рафардæг дæн.

Ныр та мæ сæрæй иу минут нал цух кодтой уыцы æнæхайырфæуинаг дохтыры ныхæстæ: «Тыхсгæ ма кæн... Иу цыппар-фондз азы ма фæцæрдзынæ...»

Нæхимæ куы ссыдтæн, уæд иу къорд боны фæстæ обкомы фыццаг секретарь Хъæбæлоты Билармæ бацыдтæн. Ома, сыздæхтæн, зондджындæр нæ фæдæн, фæлæ мæ зонындзинæдтæ фæфылдæр сты æмæ кæд гæнæн ис, уæд мын исты куыст радтут. Уый мæ бафарста:

— Дæхи зæрды цы ис!

— Мæхи зæрды — иу чысыл сабыр куыст. Ме 'нæниздзинад æмæ мæ сомбоны пълантæм гæсгæ.

— Ома!

— Журнал «Мах Дуг»-мæ æхсызгонæй бацæуин цыфæнды куыстмæ дæр.

— Уымæй ницы рауайдзæни. Дæхицæн дзы дзæгъæлы зæрдæтæ ма 'вæр. Мах дын ратдзыстæм ныронгæй егъаудæр æмæ бæрнондæр куыст. Кæнæ партийы обкомы, кæнæ Министрты Советы. А-дыууæ боны обком дæр дих кæндзыстæм, хъæууон обком æмæ горæтаг обкомтыл æмæ нæ æхсызгон бахъæудзынæ.

— Партион куыстмæ нал бацæудзынæн.

— Цæуылнæ!

— Мæ зæрдæ дзы фæцъæх. Уæвгæ ис иу бынат, кæдæм бацæуин æмæ кæм бакусин, ахæм. Фæлæ йæм, æнæ гæды ныхасæй, иуæй мæ ныфс дæр нæ бахæссин, иннæмæй та мын æй дæтгæ дæр нæ ракæндзысты.— Билар мæм лæмбынæг æрыхъуыста, æрбакасти мæм æмæ мæ афарста:

— Цавæр бынат у, цæ!

— Мæнæ дæ бынат.

Уый йæ мидбылты хинхудт бакодта æмæ афтæ:

— Уыцы хъуыддаг æрмæст æз æмæ дæуæй аразгæ нæу.

— Æмæ уæдæ иннæ куыстытæм мæ зæрдæ нæ райы.

— Цæуылнæ!

— Билар Емазаевич, режиссер Образцовы сфæлдыстад хъуамæ дзæбæх зонай.

— Иу чысылтæ йæ æмбарын.

— Гъе, уæдæ уый йæ куклатимæ куыд фæкусы, обкомы дæр, райкомты дæр фыццаг секретарьтæ афтæ архайынц сæ дæлбар чи ис, уыдонимæ. Уыйимæ ма Образцов йе 'нгуылдзтыл æндæхтæ уæддæр бабæтты, æмæ уый æххуысæй фезмæлын кæны куклаты. Ам та сæхæдæг змæлынц цæстæнгасмæ, æрфгуыты ахастмæ гæсгæ. Ныхасы руаджы та — бынтондæр.— Хъæбæлойы-фырт ныхъхъус и, хъуыдытыл фæци. Уалынмæ йæ кабинетмæ æрбахызти партийы горкомы фыццаг секретарь Дзарасаты Темболат. Бадгæ дæр нæма æркодта, афтæмæй йæм Билар сдзырдта:

— Дæ хорзæхæй, байхъус ма мæнæ Æгъуызары-фыртмæ. Бынтондæр сзондджын и.

Темболат мæм фæрсæгау æрбакасти, æз дæр ын дзуапп радтон:

— Мæ ныхæстæ мæнмæ диссаг нæ кæсынц. Билар Емазаевич дын сæ йæхæдæг зæгъæд.

Уый дæр ын сæ худгæйæ радзырдта. Темболат ма ныр дæр лæугæ кодта, афтæмæй иу уысм сагъæсыл фæци. Стæй сдзырдта:

— Æгъуызары-фырты ныхæстæ æнæбындур не сты. Вæййы, вæййы афтæ дæр, Билар Емазаевич, вæййы.

— Æнхъæлдæн, уæ дыууæ дæр æмхуызон зонддждынтæ стут,—сдзырдта ма обкомы фыццаг секретарь.

Цыбырдзырдæй, мæнæн уæд уыцы æваст ницы бынат разынд, æмæ мæ рæстæгмæ скодтой партийы обкомы лектор.

— Истытæ уал архай, стæй уæд фендзыстæм.

Æз та мæхинымæры ныхъхъуыды кодтон: радиомæ ацæуин. Кæддæрты газет «Рæстдзинад»-ы, стæй та уæд партийы обкомы кусгæйæ, радиокомитет мæ зæрдæмæ фæцыди. Æмæ та мæ куысты тыххæй ногæй ныхас куы рауад, уæд Хъæбæлойы-фыртæн загътон:

— Нæ уарзын хицауы куыст кæнын. Стæй уæд æппынæдзух хицауады цæстыты цур уæвын дæр. Æмæ кæд гæнæн ис, уæд афтæ бакæнут: Гаппаты Иваны сæвæрут культурæйы министрæй, мæн та арвитут уый бынатмæ, радио æмæ телеуынынады Комитетмæ.

Хъæбæлойы-фырт мæ бафарста:

— Афтæ хуыздæр уыдзæни!

— Хуыздæр уыдзæни хъуыддагæн дæр, Иванæн дæр, мæнæн дæр.

* * *

1963 азы мартъийы мæйы мæ партийы обкомы бюро сфидар кодта радио æмæ телеуынынады Комитеты сæрдарæй æмæ кусын райдыдтон.

Мæ куысты фыццаг бонты бамбæрстон, мæ ног бынат дзæнæт кæй нæ уыдзæн, уый. Цыбырдзырдæй, æз радиойы куыст куы зыдтон, уæд нæм телеуынынад нæма уыди, ницы йын æмбæрстон, нæ зыдтон, зын хъуыддаг кæй у, уый. Нoджы ма мæ характер, мæ зæрдæйы уаг, мæ цæстæнгас ахæм уыдысты æмæ мæхицæн дæр æнцойдзинад никуы радтон æмæ мемæ чи куыста, уыдонæн дæр. Кусын куы райдыдтон, уæд фыццаг-дæр мæ зæрды уыди бакæнын иу ахсджиаг хъуыддаг: иу гæды ныхас, иунæг фæлывд ныхас дæр хъуамæ макуыуал райхъуыса Цæгат Ирыстоны радио æмæ телеуынынадæй. Суанг хæсты райдианæй фæстæмæ дæр нæ радиойы бирæ хæттыты фехъуыстон гæды æмæ уæлæнгай ныхæстæ, æмæ фыццаг хатт ме 'мкусджыты куы æрæмбырд кодтон, уæддæр сын уый бафæдзæхстон.

— Уæ хорзæхæй, цы кæнут æмæ цы фыссут, уый æнæ гæды ныхасæй. Æнæ сайдæй. Алы хъуыддаг дæр, алы факт дæр бæлвырд бæрæггондæй.

Æвæццæгæн мæ ныхæсты бирæтæ сæ зæрдæмæ нæ айстой. Æмæ раздæр куыд куыстой, ныр дæр афтæ. Телефонæй бадзур колхозы сæрдармæ.

— Мæхæмæт, дæ хорзæхæй, зæгъ-ма, уæ хъуыддæттæ куыд цæуынц! Хор куыд æфснайут, фæззыгæнд куыд таут!

— Уæллæгъи, биллæгъи, басгуыхтыстæм! Нæ быдыртæ адæмæй æмызмæлд кæнынц. Нартхор Октябры бæрæгбонмæ ныццæвдзыстæм. Фæззыгæнд дæр афтæ. (Йæ мады æддæдзаст чи хоны!!)

— Уæдæ ма хуыздæр чи кусы, уыдонæй мын искæйты ранымай.

— Тембот, Джамбот, Дудар, Фидар...

Уый адыл уацхъуыд цæттæ. Радио æмæ йæ телеуынынад адæмæн фехъусын кодтой. Хъуыддæттæ æцæгæй куыд сты æмæ цы сты, уый та хуыцау базонæд. Уый уыди фыдбылызы куыст æмæ йемæ хъуыд ахъаззаг тох. Кæйдæрты æфхæргæ дæр бакодтон, сæ бынæттæй сæ систам, сæ бæсты сын нывæрдтам æнæсайддæр кусджыты. Уавæр чысыл фæрæвдздæр. Фæлæ уæддæр зæронд методтæй кæронмæ, зæгъæн ис, æмæ не схицæн стæм. Абон дæр æй зæрдæрыстæй зæгъын: ссæдз азы бæрц сайæн æмæ фæливæн миты ныхмæ фæтох кодтон, мæхицæн знæгтæ дæр скодтон, уæддæр мæ бон нæ баци уыцы миты бындзарæй сыскъуынын.

Радио æмæ телеуынынады фæстаг хабæрттæ лæвæрд цыдысты дыууæ æвзагыл. Уырыссаг æмæ ирон æвзæгтыл. Æмæ сæм чи хъуыста, чи сæм касти, уыдон мах æвууæндын кодтам нæ заводты, фабрикты, колхозты

æмæ совхозты хъуыддæгтæ хорз кæй цæуынц, ууыл. Уæвгæ уæд æппæт бæстæйы дæр уавæр ахæм уыди. Цавæрдæр цыргъæвзаг хуымæтæджы нæ загъта, чидæр ын куы рахъаст кодта, дуканийы æхсыр нæй, зæгъгæ, уæд:

— Æмæ ууыл та цы тыхсыс! Дæ ведра радиорепродукторыл æрцауындз. Радио дзурын куы райдайа, уæд уайтагъддæр æхсырæй айдзаг уыдзæни.

Хъæндзинæдты ныхмæ тох цæмæй фæтыхджындæр уыдаид, уый тыххæй телеуынынады сарæзтам журнал «Объектив обвиняет». Куыстуæтты æмæ колхозты æнæхæдзардзин, сайæн митæ, базарады æгъдæуттæ халын, арæзтæдты хъæндзинæдтæ æмæ бирæ æндæр ахсджиаг хъуыддæгтæ æвдыст цыдысты уыцы журналы. Чи йæм касти, уыдоны зæрдæмæ цыди, нымадтой йæ хъæугæ хотыхыл хъæндзинæдтимæ тохы. Фæлæ мæ иу рæстæджы партийы обкомы разамонджытæй чидæртæ мæ хъуырмæ скодтой, сæ зæрдæмæ нæ цыди, журнал хъæндзинæдтыл æгæр кæй дзырдта, уый. Мах дæр баздæхтыстæм æмæ йæ иу-цалдæр мæйы нал рауагътам. Мæхинымæры æнхъæлмæ кастæн, уæдæ мæм партион кæнæ советон разамонджытæй уый тыххæй исчи загъд кæндзæни, зæгъгæ. Фæлæ куыд нæ! Сæхинымæр, æвæццæгæн, загътой: хуыцауæй бузныг, кæй нал цæуы, уымæй. Дзурæг мæм куы нæ фæци «Объектив»-ы тыххæй, уæд та йæ фæстæмæ уадзын райдыдтам нодж карздæрæй. Радиойы дæр æмæ телеуынынады дæр фæфылдæр кодтам критикон æрмæг, уыимæ йæ дзæвгар фылдæр хай лæвæрд цыдис ирон æвзагыл. Æз кæддæриддæр афтæ нымадтон æмæ Ирыстоны радио дæр æмæ телеуынынад дæр сæ æрмæгæн æппын къаддæр йе 'мбис хъуамæ дæдтой ирон æвзагыл. Уымæн æмæ, хуыцауæй бузныг, уырыссаг æвзагыл Мæскуыйы радио æмæ телеуынынад æрмæг уыйбæрц дæттынц, æмæ кæс æмæ хъус цасдæриддæр дæ фæнды, уый бæрц. Ацы хъуыддагмæ чидæртæ та æндæр цæстæй кастысты.

* * *

1964 азы, зæгъæн ис, æмæ иу хъуыддагыл сæрра дæн. Уый уыдис кино. Куыд бамбæрстон, афтæмæй телеуынынады руаджы аразæн уыдис документалон æмæ аивадон кинонывтæ, фильмтæ-концерттæ. Фæлæ уый кæнын сæ бон уыд Мæскуыйы, Ленинграды, Киевы, Минсчы телеуынынадтæн. Махмæ та уыди æрмæстдæр бæллиц. Не студийы уыдис профессионалон кинооператор — Темыраты Мирон. Фæлæ иуæй студийы техникæ нæ уыди, иннæмæй та — цæмæй уыдаид, ууыл дæр архайæг нæ уыд.

...Михайловскы концерты куы азарыд, уæд уый фæстæ йæ уд систа æмбисонды зарæггæнæг Харебаты Сергей. Æмæ мæхинымæры афтæ ахъуыды кодтон, ехх, тæхуды, ныр нæм кино куы уыдаид æмæ уый раздæр нæ бон сисын куы бауыдаид, уæд кинолентæйыл уæддæр баззадаид цæргæ. Иннæ хатт та ныхас рауади Таутиаты Солæманыл. Хуызæнæн къамтæ дæр ма дзы хæрз чысыл баззади. Йæ хъæлæс, йæ фезмæлд, йæ архайд — уыдон иууылдæр исчи кинолентайыл куы систаид, уæд абон уыцы æмбисонды артист не 'хсæн цæрид, уыниккой йæ, кæсиккам æм.

Фæцыдтæн Мæскуымæ, радио æмæ телеуынынады Комитеты уæды

сæрдар Харламов Аверкий Михайловичмæ. Уый мæм ракасти æмбисонды дзæбæх цæстæй. Æз ын нæ хабæрттæ ракодтон. Загътон ын: нæ зæрды ис концерттæ исын, кæд нæ бон бауа, уæд та кинонывтæ дæр. Фæлæ йæ кæд тынг фæндыд, уæддæр нын æнцон баххуыс кæнæн нæ уыд. Иуæй йæ фадæттæ къуындæг уыдысты, иннæмæй та уæд закъон нæма уыди бынæттон студитæ кинонывтæ цæмæй исой, уый тыххæй. Дыккаг хатт дæр та йæм фæцыдтæн. Уæдмæ йæ фадæттæ иучысыл фæхуыздæр сты, æмæ нын цæмæйдæрты баххуыс кодта. Радтой нын иу кинокамерæ, ноджы кинопленкæ æмæ 1964 азы нæ режиссер Мерденты Юрий исын райдыдта киноконцерт «Мелодии гор». Кинойы хъуыддагæн куыд чысыл æмбæрстам, уый бæрæг уыд уыцы кинонывæй дæр. Дæс æмæ ссæдз минуты йедтæмæ чи нæ цыд, ахæм кинонывыл фæкуыстам дыууæ азы бæрц. Хъуыды ма кæнын иу эпизод.— «Доны былыл кафт» сисыны тыххæй Куырттаты коммæ фæцыдыстæм 18 хатты. Кафтæн та йæ дæргъ уыди æгасæй дæр æртæ-цыппар минуты.

Кино аразыны хъуыддагæн знæгтæ дæр бирæ фæзынди. Нæхи Комитеты дæр, стæй уæд партийы обкомы, Министрты Советы дæр. Уæд ма кæ киноисджытæ радиойы хæдзары куыстой. Æмæ-иу райсомæй уырдыгæй куы рараст стæм, уæд-иу ныл фæстейы сусæгæй æхситтгæнджытæ дæр фæци. Фидисгæнæгау-иу дзырдтой:

— Агузаровский Голливуд поехал.

Мерденты Юрий æмæ Темыраты Мирон æнæхъæн Комитеты æххуысæй «Мелодии гор» систой. Æмæ фæрæстмæ и. Хуымæтæджы цин ыл кодтам! Цыма нын паддзахад стыр хæрзиуджытæ радта, уый хуызæн. Нæхимæ телевизормæ кæсджыты зæрдæмæ тынг фæцыди. Мæскуыйы дæр æй æхсызгонæй айстой. Центрон телеуынынад æмæ йæ бынæттон телестудитæ дæр бирæ хæттыты равдыстой. Иу хатт та Хъæбæлойы-фырт цавæрдæр делегациимæ Парижмæ куы цыди, уæд уыцы кино дæр йемæ аласта æмæ фæстæмæ куы 'рбаздæхт, уæд нын арфæтæ фæкодта.

Адæймаг иу хатт исты ахсджиаг хъуыддаджы сæраппонд куы сæрра вæййы, уæд иу æрра мийыл нæ банцайы. Бынтон æнæрæвдзæй мах бавнæлдтам егъау кинооперæ «Возвращение Коста» исынмæ Плиты Христофоры æмбисонды музыкæмæ гæсгæ. Сценари ныффыстой Цæгæраты Максим æмæ Иоаким Шароев. Ноджы ма нын зæрдиагæй æххуыс кодтой уæды рæстæджы дæр зындгонд чи уыд, уыцы кинорежиссер Юрий Чулюкин æмæ «Мосфильмы» кинооператор Герман Шатров. Хъуыды ма кæнын, партийы обкомы фыццаг секретарь Хъæбæлоты Билары кабинеты æрæмбырд сты, киноисынмæ чи хъавыд, уыдон. Ноджы дыууæ-æртæ министры æмæ дыууæ райкомы фыццаг секретарьтæ. Уыдонæн Билар загъта:

— Нырæй фæстæмæ, цапынмæ кино ист фæуа, уæдмæ æххуыс кæнут Æгъуызары-фыртæн. Къостайы тыххæй кино сисын цас ахсджиаг у, уый уын дзурын нæ хъæуы. Уæдæ нæхимæ аивадон кинонывтæ исын куы байдайой, уæд цас хорз хъуыддаг сараздзыстæм, уый дæр æмбарут.

Афтæ райдыдтам исын кинонyв «Возвращение Коста». Техникæ нæм уæддæр нæ уыди æмæ нæ инженер Есиаты Сулейманимæ фæцыдыстæм Гуырдзымæ. Уым «Грузия-фильм»-ы цыдæр амæлттæй нæ къухы бафтыд, махæн стыр хæзнайы хуызæн чи уыд, ахæм дæрдджын кинотехникæ. Æмæ кусын райдыдтам. Хъуыди ма нæ электростанцæ. Æмæ цавæрдæр арæз-

тадон управленийæ райстам иу сæдæ киловатты дæттын йæ бон кæмæн уыди, ахæм. Иууылдæр нын æххуыс кодтой. Æрмæст нын Цæгат Кавказы кинохроникæ, нæхи кинохроникæ, æххуыс кæнынвæнд нæ кодта. Йæ директор Остап Павловский мын алыфыдæмбисонд акалдта. Кæрæдзимæ цæфмæ æрцыдыстæм.

Павловский баздæхт æмæ обкомы æмæ Министрты Советы нæ фыдгой фæкодта. Мæн хуыдта авантюрист. Фæлæ йæм кæй бартхъирæн кодтам, уый руаджы йе 'взагыл чысыл фæхæцыди. Хабар афтæ уыд æмæ кино куы истаиккам, уæддæр киноплёнкæ куыстгонд кæм цыдаид, ахæм лаборатори нæм нæ уыди. Кинохроникæмæ та уыд æмæ нын йæ бон уыди баххуыс кæнын дæр. Æмæ нын фæстæдæр æххуыс кæнын райдыдта æхцайыл.

Зæгъын хъæуы уый, æмæ æнæхъæн Кавказы дæр махæй æвзæрдæр телецентр никæмæ уыдис. Хæрзчысыл, æрмæстдæр фæстаг хабæрттæ дæттынæн чи бæззыди, ахæм. Арæзт æрцыди 1952 азы.

Æз кусын куы райдыдтон, уæд нæ телеуынынад бон фылдæр-фылдæр лæвæрдта равдыстытæ 30—40 минуты. Уыдис ма нæм радиойы хæдзар. Æндæр ницы. Ничи ахъуыды кодта, телеуынынадæн æнæ кинобазæйæ цæрæн кæй нæй, ууыл. Æппын ницы, фæлæ куыстуæтты, арæзтæдты, колхозты æмæ совхозты хъуыддæгтæ уæддæр хъуыди æвдисын. Æмæ уый кæнын дæр нæ бон нæ уыдис.

Фæцыдтæн та Мæскуымæ. Бирæтимæ фæдзырдтон æмæ сæ сразы кодтон Дзæуджыхъæуы кинокомплекс саразыныл. Цæгат Кавказы цыппар республикæйæн дæр иумæйаг чи уыдаид, ахæм. Уыцы хъуыддагыл сразы кодтон Хъæбæлойы-фырты дæр. Кинокомплексæн æмбисонды бæстыхай бæргæ уыдаид Горькийы уынджы раздæр радио кæм уыд, уыцы хæдзар. Фæлæ мæ размæ чи куыста, уыдон æй райæххæсткомæн балæвар кодтой. Ныр та мах горæты къуымты фæагуырдтам æмæ Маркусы уынджы ссардтам, раздæр типографийы бланкæтæгæнæн цех кæм уыд, ахæм хæлддзаг агъуыст. Æмæ... О, мæ Хуыцау! Уым цас фæтухи кодтам не 'ппæт дæр! Мыхуыргæнæн машинæты бын уыдис цементæй бæзджын пъолтæ, дæсны рæмудзджытæ æрбахуыдтам æмæ нын сæ срæмыгътой. Стæй уæд нæхæдæг архайын райдыдтам ломтæй, къахæнтæй, белтæй.

Мæскуыйæ нæ Паддзахадон комитетæй схуыдтам, уыцы хъуыддæгтæ чи кодта, ахæм адæймаджы — Коровин Альберт Андреевичы.

Кæсæг-Балхъары, Цæцæн-Мæхъæлы æмæ Дагестаны Комитеттæ куы базыдтой, мах кинокомплекс аразæм Цæгат Кавказы цыппар республикæйæн дæр, зæгъгæ, уæд уыдон дæр баиллæг сты.

Коровин æрзылди сыхаг комитеттыл дæр, байхъуыста сæм. Куы 'рбаздæхт, уæд мæм, хъуыды ма кæнын, æрбацыди изæры æнафон мæ кусæн быкатмæ, хъæлдзагхуызæй. Æвæццæгæн æй алы ран дæр хорз суазæг кодтой. Æз хинымæры тыхстæн, зæгъын, мыййаг, афтæ куы зæгъа: сымахмæ нæ аразæм. Налцыччы, науæд Грознайы кæнæ Махачкалайы аразæм, зæгъгæ. Иуцасдæр æнæдзургæйæ абадти, тамако фæдымдта. Æз æй фæрсын:

— Цæй, куыд уыди!

— Иууылдæр хорз сты. Уазæгуарзон. Фæлæ кинокомплекс уæддæр аразын хъæуы сымахмæ.

Мæ зæрдæйæн фенцондæр, æрсабыр дæн æмæ йæ чысыл фæстæдæр бафарстон:

— Æххæст ма мын уый дæр зæгъ: цæмæн!

Уый мын афтæ:

— Дæуимæ куы дзырдтон уыцы Комитетты тыххæй, уæд мын ды се 'ппæтæй дæр раппæлыдтæ. Загътай, хорз адæм сты, хорз кусджытæ дзы ис. Уыдонæй та алчи дæр æппæлыд æрмæстдæр йæхицæй.

Тухитæ, фыдæбæттæ, зæгъæн ис, хъизæмайраг куысты руаджы дыууæ азмæ бацъапп кодтам, кусæн кæм уыди, ахæм базæ. Абон дæр ма уый тыххæй æз стыр бузныг дæн Есиаты Сулейманæй, Темыраты Миронæй, Мерденты Юрийæ æмæ бирæ æндæртæй. Техникон æгъдауæй уæлдай зондджындæр æмæ курдиатджындæрæй равдыста йæхи Есиаты Сулейман. Уый æцæгдæр ма ницытæй арæзта истытæ. Иудзырдæй, нæ бон баци пленкæимæ кусын, кинонывтæ аразын. Æрмæст цы нæма уыди нæ бон, уый аивадон кинонывтæ сдзурын кæнын. Уыцы хъуыддаг кодтам Мæскуыйы. Æмæ уæвгæ ахæм куысты фæдыл Мæскуымæ æрмæст мах нæ цыдыстæм. Цыдысты киностудитæ кæм уыд, ахæм бирæ цæдисон республикæтæй дæр.

О, æмæ фæстæмæ здæхын «Возвращение Коста»-мæ. Истам æй Куырттаты комы. Къостайы роль хъазыди Икъаты Мæирбег. Кинойы ма ахъазыдысты Токаты Асæх, Сланты Къоста, Туменаты Еленæ, Хуырымты Уырызмæг æмæ æндæртæ.

Кино сræвдз 1967 азмæ. Æмæ уæд Мæскуыйы телевизион кинотæн цы фестиваль уыди, уым райста дыккаг преми æхцайы лæваримæ. Ирыстоны æрыгон кинойыл æйтт-мардзæ, зæгъгæ, дзурын райдыдтой. Иу дзырдæй, нæ кой айхъуысти. «Возвращение Коста» бирæ хæттыты æвдыст æрцыди Мæскуыйæ, стæй уæд республикæты, крайты æмæ областты студиты дæр. Кæй зæгъын æй хъæуы, абоны цæстæй йæм куы кæсæм, уæд дзы хъæндзинæдтæ бирæ ис, Мæгуыр уыдыстæм. Ницы нæм уыди. Нæ мæгуырдзинады тыххæй æрмæстдæр иунæг факт. Ахæм кино «Мосфильм» куы истаид, уæд ыл бахардз кодтаид æппынкъаддæр 500 мины. Мах та йыл бахардз кодтам æгасæй дæс æмæ æртиссæдз мины.

Уыцы кино æмæ ныл уыцы фестивалы фæстæ базыртæ базади. Нæ пъланты снысан кодтам ног аивадон æмæ документалон кинонывтæ, фильм-концерттæ. Æмæ бавнæлдтам... Мæнæн-иу мæ кусгæ бон райдыдта райсомæй цыппар-фондз, фæстæдæр æхсæз сахатыл æмæ-иу ахицæн æмбисæхсæвты. Уыимæ æнæ фæлладуадзæн бонтæй. Мæ къæхтæ ма-иу мæ фæдыл тыхласт кодтон, афтæмæй-иу æрбацыдтæн мæ хæдзармæ, цæмæй та райсом сæумæраджы ацыдаин мæ куыстмæ. Æнхъæл никуы уыдтæн æмæ кинотæ аразын афтæ зын хъуыддаг у. Адæймаг киномæ кæсы сахат, сахат æмæ æрдæг. Фыдæбон кæнын та йыл бахъæуы афæдз, кæнæ ноджы фылдæр. Кæд техникæйæ мæгуыр уыдыстæм, æхцайæ дæр, кадртæй дæр, уæддæр нæм ныфс бирæ уыди. Нæхиуыл нæ ауæрстам... Раздæр иу-цалдæр адæймаджы ранымадтон, уæлдай фылдæр чи куыста, уыдонæй. Æмæ гæнæн ис, зæгъгæ, уæд ма уыдоныл бафтауæн уаид бирæты. Æмæ дзы алкæйы тыххæй дæр зæгъæн уаид стауæн ныхæстæ. Кусынмæ ма нæм æрбацыдысты режиссертæ æмæ оператортæ Роберт Меркун, Дзбойты Батырбег, Рафик Гаспарянц, Бырнацты Измаил, Автандил Мдинарадзе, Михаил Немысский, Гариссон Федорович, Бызарты Берд, Себетты

Алан, звукорежиссер Хъайтыхъты Аслан æмæ æндæртæ. Кинойыл æхсæвæй-бонæй тæккæ æнувыддæрæй чи куыста, уыдонæй иу уыди Татьянæ Кяхиди. Бирæ фæллой кодтой Гаматы Зæирæ, Дадианаты Рая, Къадзаты Галинæ, Касаты Земфирæ, инженер Бидеты Зоя, механик Игорь Саввов, директортæ Бæзойты Хъазыбег, Абайты Шамил, Дмитрий Ващенко, Абайты Валодя æмæ æндæртæ. Кинокомплексы инженерæй кусын райдыдта æмæ нын стыр æххуыс бакодта Ленинграды киноинженерты институт чи фæци, уый — Точиты Алик, Ташкентæй æрбахуыдтам пленкæйы куыст хорз чи зыдта, ахæм инженер-технолог Пинчуковайы. Уый нæм ссыди йæ мой Пинчуковимæ; Сылгоймаг дæсныдæр у, фæлæ йæ мой — хуыцау æндæр ахæм мауал радтæд (уый размæ политикон хъуыддаджы тыххæй ахст чи фæци, ахæм). Гæнæн нæ уыд æмæ уый дæр куыстмæ райстам. Уыдис æм диплом Мæскуыйы киноинституты сценарон факультет каст кæй фæци, уый тыххæй. Йæхи хуыдта кинодраматург. Цавæр кинодраматург уыди, уый абон дæр нæ зонын, фæлæ уый хыгъд хахуыртæ фыссынмæ уыди фыдæмбисонд. Баздæхт æмæ мыл Мæскуымæ ныффыста. Йæ хъуыды уыди ахæм: Æгъуызары-фырт, сымах æй кæуыл нымайут, ахæм нæу. У мæнгард, сайæгой, афæлывта æнæхъæн Цæгат Кавказы дæр æмæ Мæскуыйы дæр. Аразы «колосс на глиняных ножках». Йæ кинойæ ницы рауайдзæн. Тагъд фæзынут, науæд сæфæм. Æмæ фæзынди егъау къамис. Центрон радио æмæ телеуынынады Комитеты кадрты хицауы хæдивæг Рыжов йæ сæргъы, афтæмæй. Пинчуковы фыстæг æвзарынтæ байдыдтой, рафæрс-бафæрс байдыдтой, стæй уæд писмо тæрхонмæ рахастой. Æмæ дæ фыдгул дæр ахæм ранмæ бахауæд! Пинчуковы куыдзæй куыдздæр бакодтой Есиаты Сулейман, Темыраты Мирон, Мерденты Юрий æмæ иннæтæ. Æрмæст телеуынынады уæды сæйраг редактортæй иу, Цæллагты Владимир, радзырдта мæ ныхмæ. Уый афтæ загъта: Æгъуызарыфыртыл æз куы фыстаин, уæд ыл ноджы хъæбæрдæр ныффыстаин. Цы ныффыстаид, уый нæ загъта. Къамис скодта ахæм хатдзæгтæ: Цæгат Ирыстоны радио æмæ телеуынынады Комитет, махмæ гæсгæ, æвзæр нæ кусы. Хъæндзинæдтæ дзы ис, æмæ уыдон алы ран дæр сты .Сайæн митæ, сайæн хъуыддæгтæ дзы мах не ссардтам. Пинчуков нæ дзæгъæлы фæцæуын кодта.

Иу чысыл здæхын фæстæмæ. 1964 азы Н. С. Хрущевы йæ бынатæй куы суæгъд кодтой, уæд йæ куыстæй систой А. М. Харламовы дæр. Советон Цæдисы радио æмæ телеуынынады комитеты сæрдарæй сæвæрдтой Месяцев Николай Николаевичы. Уый раздæр куыста фæскомцæдисы ЦК-йы секретарæй, уый фæстæ — партийы Центрон Комитеты. Бакастæй Харламовæй хъауджыдæр уыдис тызмæгдæр, гуымыдзахуыз. Фæлæ уымæн дæр уыди хорз зæрдæ, æцæг уырыссаг адæймаджы парахат зæрдæ. Махмæ ног стыр кинокомплекс саразыны тыххæй йæм куы бацыдтæн, уæд дзæвгар фæныхас кодтам æмæ мын афтæ загъта:

— Уый хорз хъуыддаг у. Сомбон уæлдай æхсызгондæр хъæудзæни. Телеуынынад тынг рæзы. Ныр ма уал нæм ис æппæт бæстæйæн иу программæ. Фæлæ нæм тагъд фæзындзæни дыккаг программæ дæр, стæй æртыккаг æмæ, чи зоны, цыппæрæм дæр. Æмæ уыцы программæты исты æвдисын хъæудзæни. Цæгат Кавказ та у æмбисонды бæстæ æмæ уымы адæмты цард, сæ фæллой, сæ аивад, сæ культурæ хуызæнæн æвдыст куы цæуа кинойы, уæд уый дзæвгар фæхъæздыгдæр кæндзæни центрон те-

леуынынады дæр. Дыккаг хатт Николай Месяцевмæ нылластон, нæ республикæйы Министрты Советы уæды сæрдар Баситы Олег йæ къух кæм бафыста, ахæм гæххæтт. (Афæдзы дæргъы дæсгай хæттыты уыдтæн Олегмæ ацы гæххæтты фæдыл!) Ома республикæйы Министрты Совет æмæ бæстæйы радио æмæ телеуынынады Комитет иумæ, æмхайæ, горæт Орджоникидзейы сараздзысты ног комплекс аивадон æмæ документалон кинотæ исынæн. Хъуамæ йæ аразын райдыдтаиккам 1967 азы, æмæ йæ фæуыдаиккам 1969 азы. Ссардтам проекттæ дæр, сæ иу уыди киноисæн павильонæн чи бæззыд, ахæм. Æрбаластам æй Волгоградæй, сæ иннæ та типон кинокомплекс. Лабораторитæ, монтажгæнæнтæ, хъæлæсфыссæн цехтæ кæм хъуамæ уыдаид, ахæм. Ацы хъуыддæгты мын уæд тынг зæрдиагæй æххуыс кодта Хъаныхъуаты Инессæ, нæ комитеты уæды сæйраг инженер.

Аразын райдыдтам кинокомплекс, фæлæ куыдæй! Уыцы рæстæджыты аразын уæлдай зындæр уыдис. Махæн та нæ уавæр бынтон æвзæр уыди. Æххуысгæнæг нын нæ уыди Министрты Совет æмæ партийы обкомы 'рдыгæй. Уым мах хъуыддæгтæм йæ цæст чи дардтаид, уыдон уыдысты обкомы пропагандæ æмæ агитацийы хайады сæргълæууæг Тотраты Абхаз æмæ Министрты Советы сæрдары хæдивæг Гапбаты Иван. Уый уæдмæ культурæйы министрæй баивтой уырдæм. Æмæ бюрократ цы у, æцæг бюрократ, уый уæд мæхи сæрыл бавзæрстон, ацы дыууæ адæймагимæ кусгæйæ. Абхаз нымадта афтæ, зæгъгæ, мах хъуамæ кинотæ ма кæнæм. Уый хъуыдымæ гæсгæ бæстæйы хъуамæ уа æрмæстдæр иу системæ, паддзахадон кинокомитет, кинотæ чи араза, ахæм. Æндæр телеуынынад кинотæ цæмæн хъуамæ араза! Цас ын нæ дзырдтон, никуы мæ бамбæрста. Уыдоны фыдæй кинойы арæзтадмæ сæ хъус нал дардтой Министрты Советы сæрдар Басийы-фырт æмæ партийы обкомы фыццаг секретарь Хъæбæлойы-фырт дæр.

Кинойы хъуыддаджы нæ зындзинæдтæ æрмæст арæзтадæй куы хицæн кодтаиккой, уæд бæргæ. Фæлæ зын уавæры уыдыстæм кинотæ аразыны, сценаритæ фыссыны дæсныйады дæр. Кинодраматургийæн ис йæхи закъонтæ, йæхи сусæгдзинæдтæ æмæ уыдон, зæгъæн ис, æмæ бынæттон автортæй ничи зыдта. Цыбырдзырдæй, ирон цардыл чи фыстаид, ахæмтæ нæ уыдис. Цы сценаритæ-иу нæм æрбахастой, уыдоныл-иу кусын бахъуыди тынг бирæ. Æмæ-иу арæх æз дæр режиссер-æвæрæгимæ дзæвгар фæтухи кодтон уыцы сценаритыл.

Мæ мæгуыры бон куы базыдтон, уæд бавнæлдтон кинойы дæсныйад ахуыр кæнынмæ. Бакастæн бирæ чингуытæ, кино куыд аразын хъæуы, сценаритæ куыд фыссын хъæуы, уый тыххæй æмæ сын цыдæртæ бамбæрстон. Ацы хъуыддаджы ма мæнæн дæр æмæ нæ иннæ кусджытæн дæр ахъаззаг æххуыс бакодтой зындгонд режиссертæ Чулюкин æмæ Мотыль.

Уый руаджы æз мæхæдæг дæр сценаритæ ныффыстон фондз аивадон кинонывæн —(Последний снег», «В горах реки бурные», «Во всем виновата Залина» æмæ æндæртæ).

Раздæр дæр ма загътон, мах телецентр æнæхъæн Кавказы дæр уыди тæккæ æвзæрдæр, тæккæ æвадатдæр. 1967—68 азтæм та нæ комитеты кусын байдыдтой 450 адæймаджы. Æз куы æрбацыдтæн, уæд та дзы уыдис æрмæстдæр 200. Уыимæ уыцы 450 адæймагæй 200 уыдысты телеуынынады æмæ сын кусынæн уыд æрмæстдæр авд чысыл къуымы. Уыимæ

алы изæр дæр 30—40 минуты нал куыстам, фæлæ æртæ сахаты. Цæвиттон, нæ пълантæ æмæ нæ фадæттæ кæрæдзимæ афтæ сных сты æмæ телецентры уæлкъуыппæй хъуыдис фæдис хъæр кæнын. Мах тынг тагъд саразын хъуыди ног агъуыст. Адæм кæм куыстаиккой, кæм бадтаиккой, ахæм.

Йæ саразынæн бирæ дæр нæ бахъуыдаид, фылдæр-фылдæр 150 мины. Фæлæ нын Министрты Советæн æмæ Госпланы хицæуттæн уый дæр сæ цæст нæ бауарзта. Загътой нын: уæ арæзтад дæс æмæ æртиссæдз минæй фылдæр куыд нæ сыста, афтæ. Æмæ уый аргъ æртæуæладзыгон чысылгомау бæстыхай сарæзтам телецентры æмных. Уый дæр фылдæр нæхи хъарутæй. Æз дзы мæхæдæг иу æмæ дыууæ боны нæ бакуыстон белимæ дæр, дзæбугимæ дæр, мастерокимæ дæр. Бирæ æндæртæ та мæнæй ноджы фылдæр. Уыцы бæстыхай арæзт куы фæци, уæд нын фенцондæр.

Ноджыдæр ма иу хъуыддаг. Чи зоны, æмæ зæгъынæн дæр нæ бæззы, чи зоны, æмæ сæ æндæр адæймаг кой дæр не скæнид. Фæлæ Брежневы рæстæг куыд уыд æмæ цы уыд, уый равдисынæн бæззынц дæлдæр кæй зæгъдзынæн, уыцы ныхæстæ. Радио æмæ телеуынынады сæрдарæй кусын куы райдыдтон, уымæн йæ дыккаг аз рауагътон мæ фыццаг роман «Хурхæтæн». Рауагъдад мын бафыста фондз мины. Æмæ мæхи хуымæтæджы хъæздыгыл нымадтон! Фыццаг хатт мæм фæзынд уыйбæрц æхца. Фæлæ 1964—1966 азты цы кинокомплекс арæзтам, уымæн бахъуыди алыхуызон техникæ; стæй та уæд Хъойбайы-фырты уынджы кæрон завод «Биномы» дæле аразын куы райдыдтам ног егъау кинокомплексы бæстыхæйттæ, уæд уыдонæн дæр хъуыди бирæ арæзтадон æрмæг: цемент, хъæдæрмæг, æфсæйнаг æмæ æндæртæ. Республикæйы махæн ницы лæвæрдтой. Мах арæзтад пъланон никуы уыдис. Æппæт уыцы техникæ æмæ арæзтадон æрмæг та агурын хъуыди. Æмæ кæм! Мæскуыйы. Фæлæ уым афтид армæй ницы уыдис саразæн. Æмæ дыууæ азмæ мæ литературон фæллойы капеччытæ уыдоны фæдыл æрбасатар сты.

Николай Месяцев радио æмæ телеуынынады Паддзахадон Комитеты сæрдарæй бирæ нæ бакуыста, Брежневæн козбау митæ кæй нæ кодта, уый фыдæй. Йæ бæсты йын сæвæрдтой Сергей Георгиевич Лапины. Уый заман бынæттон комитеттæ кадджын нал уыдысты. Уæдæ ма мæнæн мæ бон афтæ зæгъын дæр у æмæ Брежневы рæстæджы цы уавæр сæвзæрди, хиуылæрвæссондзинад, мидбынаты цоппай, уыцы хъуыддаджы чысыл аххос нæ хауы Лапинмæ. Центрон телеуынынад æмæ радио фылдæр куыстой Брежневæй æплæлыныл. Бæстæйы хъуыддæгтæ æвдыст цыдысты иттæг хорзæй.

Ирыстоны хуызæн чысыл республикæтæм, зæгъæн ис, æмæ Лапин былысчъилæй каст. Æрмæстдæр иу æвдисæн. Цæгат Ирыстоны автономийы дæс æмæ дыууиссæдз азы бæрæгбоны размæ Хъæбæлойы-фырт республикæйы разамонджытæй кæйдæртимæ ацыди Мæскуыимæ. Æз дæр ацыдтæн уырдæм. Биларæн загътон:

— Кæнæ нæ телецентры реконструкци скæнын хъæуы, науæд та бынтон ног саразын хъæуы. Хорз уаид уый тыххæй телеуынынады æмæ радиойы Паддзахаден Комитеты сæрдармæ æххуысагурæг бацæуын.

Хъæбæлойы-фырт сразы æмæ бацыдыстæм Лапинмæ. Билар радзырдта нæ уавæры тыххæй. Лапин фæсидт йæ хæдивæг Леонид Семены фырт Максаковмæ æмæ йын тынг хъуыддагхуызæй афтæ:

— Леонид Семенович! Мӕнӕ, дам, осетинцы сӕ бӕрӕгбонмӕ цӕттӕ кӕнынц. Сӕ телецентр, дам, нӕ бӕззы, зӕгъынц. Ӕххуыс нӕ агурынц. Ӕмӕ сын уӕд та ӕз ӕмӕ ды нӕ мӕйы мыздтӕ раттиккам.

Уый уыди джырыззаг, ӕдзӕсгом ныхас. Хъӕбӕлойы-фырт смӕсты ӕмӕ дзы, ӕвӕццӕгӕн, исты карз ныхӕстӕ куы сирвӕза, уымӕй тӕрсгӕйӕ, ныхъхъус. Ӕз та Лапинӕн афтӕ:

— Нӕ телецентр нӕ бӕззы. Уый зонынц уӕ кусджытӕ дӕр. Равдыстытӕ кӕцӕй фӕдӕттӕм, уыцы студийӕн йӕ фӕз у ӕрмӕстдӕр 80 квадратон метры, уӕвгӕ та хъуамӕ уа 300—400 метры.

Уый йӕ цӕст дӕр нӕ фӕныкъуылдта, афтӕмӕй мын дзуапп радта:

— Ӕмӕ уӕ стырдӕр та цӕмӕн хъӕуы уӕ чысыл республикӕйы!

Шовинисттӕ-иу сыкъаджынтӕ куы уаиккой, уӕд дзы Лапиныл, ӕвӕццӕгӕн, гыццылтӕ не 'рзадаид. Ӕмӕ ахӕм лӕг, ахӕм ӕнӕуд бюрократ ссӕдз азы бӕрц фӕкуыста телеуынынад ӕмӕ радиойы Паддзахадон Комитеты сӕрдарӕй, информацийы оргӕнтӕн сӕ тӕккӕ ахсджиагдӕры разамонӕгтӕй.

Ахӕм уавӕрты кусын цас ӕнцон уыдаид, уый зын бамбарӕн нӕу. Фӕлӕ уӕддӕр, зӕгъӕн ис, ӕмӕ мах Комитетӕн йӕ бон баци бирӕ хъуыддӕгтӕ саразын. Ӕппӕлыны хуызы ма фӕуӕд, фӕлӕ нын ацы ран дыууӕ хъуыддаджы бӕлвырдӕй фесты ахъаззаг ӕххуыс. Фыццаг уыди уый, ӕмӕ нӕ телеуынынад, нӕ радио, нӕ кино ӕвӕлмӕцгӕ фӕллойы ругджы нымад уыдысты хуыздӕртыл. Ӕмӕ нӕм уымӕ гӕсгӕ паддзахадон Комитеты бирӕ хайӕдтӕ, бирӕ кусджытӕ дзӕбӕх цӕстӕй кастысты. Иннӕ уыд ӕмӕ Мӕскуыйы нӕ Паддзахадон Комитеты кӕцыфӕнды кусӕгимӕ дӕр дзурын ӕфсӕрмы нӕ кодтон, стӕй сӕ ӕнцой дӕр нӕ уагътон. Куы-иу бахъуыд, уӕд-иу семӕ хыл дӕр фӕдӕн. Ӕрмӕст Лапинмӕ никуы уал бацыдтӕн. Нӕ фарстатӕ лыг кодтон йӕ хӕдивджытимӕ, ноджы уыдонӕй дӕлдӕр чи куыста, ӕфсисады хъуыддӕгтӕ чи кодта, алыхуызон техникӕ ӕмӕ машинӕтӕ чи уӕрста, уыдонимӕ.

...Уӕлдӕр ӕхцайы кой дзӕгъӕл хуымӕтӕджы не скодтон. Цыбырдзырдӕй, чи не 'мбӕлы, мӕнӕн уӕнгӕл чи уыди, фӕлӕ иумӕйаг хъуыддаг саразынӕн чи хъуыди, ахӕм митӕ дӕр-иу кодтон. Иу хатт нӕ Комитеты бахъыди радиоаппаратурӕ ӕвӕрд кӕм уыдис, ахӕм автомашинӕ. Мӕскуыйы Паддзахадон Комитеты фӕзынд иу-цалдӕр «Волгӕ»-йы, раздӕр ӕндӕр бӕстӕтӕм арвитынмӕ кӕй цӕттӕ кодтой, ахӕмтӕ. Махмӕ та райдианы транспорт, уӕлдайдӕр та сӕрмагонд аппаратурӕимӕ, нӕ уыдис. Ӕз нӕ Комитеты ӕрбайййӕфтон иу «Москвич», дыууӕ «Газиччы» ӕмӕ иу зӕронд уӕзласӕн машинӕ. Цыппар-фондз азы фӕстӕ та Комитеты гаражы уыдис дӕс ӕмӕ ссӕдз алыхуызон ӕхсызгон хъӕугӕ машинӕйы. Уӕлдӕр кӕй загътон, уыцы «Волгӕ»-тӕй кӕд иу къухы бафтид, зӕгъгӕ, Лапины хӕдивджытӕй иумӕ бацыдтӕн. Дзӕбӕх цӕстӕй мӕм каст. Уый мын фӕсомытӕ кодта, ссӕдз машинӕйы, дам, нӕм уыдис ӕмӕ сӕ Цӕдисон республикӕтӕ, Мӕскуы ӕмӕ Ленинградӕн радтам, зӕгъгӕ. Ӕз рацыдтӕн хайӕдтыл зилгӕ. Иу кабинеты сӕмбӕлдтӕн уыцы машинӕты уӕрсты гӕххӕттытӕ чи арӕзта, уыцы сылгоймагыл. Бӕрзондгомау, бурхил, стӕвдтӕ арӕзт, фыдуынд, иу дӕс ӕмӕ дыууиссӕдз азы бӕрц кӕуыл цыдиад, ахӕм. Мӕ хабӕрттӕ йын ракодтон. Уый мӕм фӕракӕсбакӕс кодта, стӕй дын мын афтӕ:

— Кусгӕ боны кӕронмӕ ма-иу мӕм ӕрбауай.

Куыд мын загъта, афтæ бакодтон. Уæдмæ адæм аивылдысты. Стыр уаты ма æз æмæ уый баззадыстæм. Æмæ мæ афарста, мæ фысымуат кæм ис, уымæй. Æз ын загътон:

— Уазæгдон «Украинæ»-йы.

Уый мын афтæ:

— Цом, æз дæр уыцырдæм цæуын.

Æз банкъардтон, сылгоймаг мын баххуыс кæнынмæ кæй хъавы, уый. Фæлæ куыд фæзæгъынц: не помажешь — не поедешь. Йæ митæм гæсгæ йæ бамбæрстон: исты йын раттын хъæуы. Комитетæй рацыдыстæм, Кузнецкийы метройы сбадтыстæм æмæ Свердловы фæзы рахызтыстæм. Бацыдыстæм польшæйаг товартæ уæйгæнæн дукани «Бандæ»-мæ. Æз ын загътон:

— Истытæ равзар.

— Уый цыдæртæ равзæрста, æз сын бафыстон æртæ сæдæ сомы бæрц. Дуканийæ рацыдыстæм, сылгоймаджы машинæйы сбадын кодтон, таксистæн иу туман радтон æмæ йын загътон:

— Ласгæ йæ кæн, кæдæм дын зæгъа, уырдæм.

Дыккаг бон мын æцæгдæр сылгоймаг машинæ рафыста. Куыд мын бамбарын кодта, афтæмæй Украинæйы Комитетæн дыууæ ахæм «Волгæ»-йы радтой. Уый дзы иу систа æмæ йæ балæвар кодта Цæгат Ирыстонæн.

Ахæм æлгъаг хабæрттæ мыл иу æмæ дыууæ хатты не 'рцыди. Мæскуыйы, уæлдайдæр материалон æфсисады хъуыддæгтæ æрмæстдæр афтæмæй уыди саразæн. Иу æмæ дыууæ мины нæ аивгъуыдта мæхи дзыппæй нæ Комитеты хъуыддæгты фæдыл Мæскуыйы материалон æфсисады кусджытæм. Хуыцау хорз кодта æмæ ма-иу куысты мыздæй уæлæмæ гонорар дæр райстон куы рауагъдадæй, куы журнал «Мах дуг»-æй. Æндæр мæ нæ бинонтæ нæ хæдзарæй фæсырдтаиккой. Æмæ æрмæстдæр æз нæ уыдтæн ахæм уавæры. Республикæйæ Мæскуымæ исты хъуыддæгтæ, уæлдайдæр æфсисады хъуыддæгтæ аразынмæ чи цыди, уыдон дæр афтæ кодтой. Æмæ нæ зæгъдзынæн уый æмæ дзы исчи мæнау йæхи дзыппæй архайдта, зæгъгæ. Фылдæр архайдтой куыстуæтты, арæзтæдты, колхозты, совхозты æмæ базаргæнджыты хардзæй. Уæдæ-иу сæм ардæм уазджытæ куы ссыди, уæддæр-иу сæ уыдоны руаджы хынцтой, лæвæрттæ дæр-иу сын уыдоны æххуысæй кодтой. Уымæ гæсгæ иуæй-иу хатт куы раныхæстæ кæныкц, ома афтæ æмæ афтæ уыди, кæмæндæр лæвæрттæ бакодтой, кæйдæр хорз суазæг кодтой, зæгъгæ, уæд афтæ фæдзурынц, хъуыддаг саразын кæй никуы бахъуыд, ахæмтæ. Гъе, æвæццæгæн, бæстæйы цы бирæ хъæндзинæдтæ æрæмбырд, нæ мидбынаты цоппай кæй кодтам, уымæн дæр йæ ахъаззаг аххоссæгтæй иу ацы уавæр уыди. Давын, сайын, чысыл æмæ стыр гæртæмттæ исын сысты Терчы донæй арæхдæр. Уæвгæ Краснодары, Узбекистаны, Мæскуыйы, Сочийы, Ростовы, Казахстаны æмæ бирæ æндæр рæтты цы митæ кодтой, æмæ уым цы цæстфæлдахджытæ уыди, уыдонил адæймаг куы ахъуыды кæны, уæд, чи зоны, æмæ рæдийын, фæлæ махмæ Ирыстоны цы митæ цыди, уыдон сæ цуры, куыд фæзæгъынц, денджызы раз доны къæрта куыд уа, уымæй уæлдай нæ уыдысты. Абон фидарæй зæгъæн ис æмæ уыцы æвзæр, æгадгæнæн митæ райдыдтой тынгдæр Хрущевы рæстæг, стæй урс ридинæг акалдтой Брежневы заман.

Радио æмæ телеуынынады куыст æнцон нæ уыди, уæлдайдæр телеуынынады. Алы куыстæн, алы хъуыддагæн дæр йæ дæсныйад зонын хъæуы

кæнæ теоретикон кæнæ практикон æгъдауæй. Хуыздæр та теоретикон æмæ практикон æгъдауæй дæр иумæ. Махмæ та уый на уыди, уæлдай-дæр телеуынынады. Уæвгæ иннæ бынæттон студитæ дæр хуыздæр уавæры нæ уыдысты. Фæлæ нæхиуыл нæ ауæрстам æмæ нын уый руаджы цыдæр-тæ æнтысти. Куыд загътон, афтæмæй 1965—1966 азтæй фæстæмæ алы изæр дæр мах куыстам æртæ сахаты. 1967 азы телецентр цыдæр хъуыд-дæгты реконструкци скодтам æмæ Пятигорскæй исын райдыдтам Мæску-ыйы фыццаг программæ. Фæстæдæр та уырдыгæй сæрмагонд тел æвæрд æрцыди æмæ уый руаджы æнæкъуылымпыйæ исын райдыдтам Мæскуыйы равдыстытæ. Æнæхъæн республикæйæн дæр уый уыди егъау политикон æмæ культурон хъуыддаг.

Фæлæ уыцы уавæрты дæр мах бирæ лæвæрдтам алыхуызон равды-стытæ æмæ радиойы æрмæг экономикон фарстатыл, литературæ æмæ аивады тыххæй, партион, фæскомцæдисон æмæ профцæдисон организаци-ты куысты тыххæй, адæмты хæлардзинады фæдыл. Уæддæр нæ партийы об-ком, уæлдайдæр та пропагандæ æмæ агитацийы хайад æнцой никуы уагътой. Иудадзыгдæр нæ джыбы-джыбы кодтой. Ахæм къуыри нæ уыд æмæ мæн масты кæд нæ бафтыдтой. Хайады сæргълæууæг Тотыры-фырт КГБ-йы оргæнты, йæ раздæры куысты методæй нал суæгъд и. Бынæтты, хъæуты, колхозты, заводты куыстæн баххуыс кæныны бæсты ракъах-ба-къах кодтой мах хъуыддæгтæ, цыма алцы 'ппæт дæр махæй аразгæ уы-дис, уыйау. Æмæ куы загътон, иннæ рæтты комитеттæй æгуыдзæгдæр куы уыдаиккам, уæддæр ма, гъа. Алы аз дæр кæнæ та нын аз цухæй нæ дзуапмæ хъуыстой партийы обкомы бюройы. Уыцы уавæр æнæзынгæ нæ фæци комитеты æппæт архайдыл дæр, йæ микроклимæтыл.

Цыбырдзырдæй, цалынмæ Тотраты Абхаз обкомы уыди, уæдмæ мын мæ удæй фæхъазыдысты. Уыимæ хайады хицау фылдæр архайдта сусæ-гæй, хинæй, кæддæрты КГБ-йы куыд кодта, афтæ. Æргомæй йæ ныхмæ сдзурын нæ уæндыди.

Сæрмагондæй иу къорд ныхасы ацы лæджы тыххæй. Рагæй йæ зыд-тон, хæсты хæд фæстæ цыбыр рæстæг уыдис Алагиры КГБ-йы хайады хицау, уый размæ дæр оргæнты дзæвгар акуыста, фыдмитæ дæр бирæ-тæн фæкодта. Фæстагмæ Тотыры-фырт уыди республикæйы КГБ-йы парт-организацийы секретарь. Хъулаты Хъуыбадыйы йæ бынатæй куы истой, уæддæр, мæнмæ гæсгæ, хорз скуыста. Æмæ Æгкацаты Владимир обкомы фыццаг секретарь куы сси, уæд æй уайтагъддæр рухсады министрæй авæрдтой. КГБ-йы парторганизацийы секретарь — рухсады министр! 1960 азы кæроны та йæ Æгкацы-фырт баивта обкомы пропагандæ æмæ агита-цийы хайады сæргълæууæджы бынатмæ. Æз æй нымадтон Берияйы фæ-доныл, йæхицæн ын, уæвгæ уый æргомæй никуы загътон, фæлæ сæ об-комы кусджытæй дæр нæ сусæг кодтон. Тотыры-фырты тыххæй мæ хъуы-дытæ зындгонд уыдысты Хъæбæлойы-фыртæн дæр, Кучийы-фыртæн дæр, суанг ма йæ лымæнтæ Чехойты Жури æмæ Черчесты Георгийæн дæр. Жури мæ Абхазæн кæй ныууæй кодта, уый дæр зонын.

Абхазы тыххæй мын иу хатт Пединституты директор Цегойты Уырыз-мæг радзырдта:

— Фæсауyонмæ нæм ахуыр кодта. Æмæ йæм экзаментæ исынмæ нæ ахуыргæнджытæ КГБ-йы агъуыстмæ цыдысты. Диплом дæр ын мæхæ-дæг уырдæм бахастон.

Разамонæг кусджытæй æнаггаг митæ чи кодта, ахæмтæ бирæ уыд. Абон дæр ма ахæмтæ чысыл нæй. Садоны шахтæты бирæ чи фæкуыста, кæддæр уым рудникчы хицауæн хæдивæг чи уыд, ахæм ацæргæ лæг, хæсты ветеран Бесолты Иван мын радзырдта:

— Иу рæстæджы Садонæй горæтмæ куы раивтон, уæд кусынмæ бацыдтæн мæрдтæныгæнæн бюройы хицауæй. Уыцы бюро та уыди Дзæуджыхъæуы горкоммунхозы дæлбар. Иу хатт мæм коммунхозы хицау (йæ ном ын нæ зæгъын, æгас нал у, йæхимæ фæсидти æмæ мын афтæ:

— Ды-иу алы мæй дæр мæнæн хъуамæ æрбахæссай 500 сомы.

Æз æм дисгæнæгау ныккастæн:

— Куыдæй! Кæцæй!

Уый йæ цæст дæр нæ фæныкъуылдта, афтæмæй загъта:

— Бирæтæ уæлмæрдты сæ зианæн дзæбæх бынат райсыны тыххæй разы вæййынц дзæвгар æхца бафидыныл. Райс-иу æхца, дæхицæн дæр-иу дзы ныууадз æмæ-иу мæнæн дæр æрбахæсс.

— Æз æм афтæ смæсты дæн,— дзырдта Бесолы-фырт,— æмæ чысыл ма бахъæуа, мæ лæдзæгæй йын йæ сæр ма ныххафт кæнон. Уайсахат курдиат ныффыстон æмæ дыккаг бон мæ куыстмæ нал рацыдтæн.

* * *

Радио æмæ телеуынынады куыстæй уæлдай, куыд загътон, афтæмæй бирæ хъиамæт, бирæ фыдæбон кæнын хъуыди кинотыл. «Возвращение Коста»-йы фæстæ исын райдыдтам киноныв «Костры на башнях». Хæххон адæм революцийы рæстæг сæ бартыл иумæ куыд тох кодтой, уый тыххæй. Кинонывы сæйраг хъайтартæ уыдысты уырыссæгтæ, ирæттæ, мæхъæлæттæ. Уыцы киноныв дæр фæрæстмæ, Мæскуы йæ хорзыл банымадта. Уый фæстæ та алыхуызон документалон æмæ фильм-концерттæй уæлæмæ бавнæлдтам егъау киноэпопея саразынмæ Дзæрæхохты Хадзымураты тыххæй. Сценарий ныффыстой Черчесты Георгий æмæ зындгонд мæскуыйаг режиссер Юрий Чулюкин. Чулюкин дзы систа дыууæ серийы. Иннæтæ сисын нæ къухы нал бафтыд. Æмæ уый дæр мах аххос нæ уыди. Сценарийы автортæ сæ хъус адардтой «Мосфильм»-мæ. Ома йæ уым сисдзыстæм, зæгъгæ. Мах цы дыууæ серийы систам, уым цаутæ æвдыст цыдысты Ирыстоны хæхты, зæронд Владикавказы, Маньчжурийы æмæ суанг Мексикæйы дæр. Æмæ кæд артисттæ уыдис, уыимæ ирæттимæ цæцæйнæгтæ, мæхъæлæттæ, уырыссæгтæ, суанг ма чилийаг артист дæр, уæд зындæр уавæры уыдыстæм æрдз равдисыны хъуыддаджы. Уæлдай зындæр уыдис Мексикæйы æрдз равдисын, пальмæтæ кæм зайынц, субтропикон æрдз кæм ис, уый. Фæлæ йын хос ссардтам. Нæ горæты паркæй раластам егъау асыччыты чи зад, ахæм стыр пальмæтæ. Уыдысты тынг уæззау. Æппынкъаддæр хъуыди дæс лæджы иу пальмæ сисынæн. Æмæ-иу сæ Зилгæмæ хæстæг быдырты куы иуырдæм фæцæйхастам, куы — иннæрдæм. Цыбырдзырдæй, бирæ тухиты фæстæ уыцы киноныв дæр систам, æмæ адæмы зæрдæмæ тынг фæцыди, стæй Мæскуыйы Центрон телеуынынады кусджыты зæрдæмæ дæр. Ноджыдæр ма систам бирæ æндæр аивадон кинонывтæ, уыдонимæ «Последний снег» (Баситы Чабæханы тыххæй), «Ах, любовь!», «В горах реки бурные», «Оглянись — найдешь друзей», «Во всем виновата Залина», «Горская новелла», «Чегери»,

«Козел и велосипед», «Кубачинская свадьба». «По следам Карабаира», «Кольцо старого шейха», «Семейная драма», «Буйный Терек» æмæ æндæртæ. Цалынмæ ма æз Комитеты куыстон, уæдмæ аивадон кинонывтæ скодтам дæс æмæ ссæдзы бæрц. Æдæппæтæй та алыхуызон кинонывтæ — дыууæ сæдæйы бæрц. Бирæ фыдæбон фæкодтам, бирæ хид ныккалдтам уыцы кинотыл. Фæлæ нæ бон зæгъын уыди: æвдайæм азты æмбисмæ æнахуыр тухитæ 'мæ бирæ фыдæбæтты руаджы махмæ уыдис аивадон æмæ документалон кинонывтæ исынæн цыдæриддæр хъæуы, уый — киноисæн аппаратурæйæ суанг машинæтыл æвæрд электростанцæты онг. Мадзæлттæ арæзт æрцыди, кинотæ исын сæ бон кæмæн уыдаид, ахæм фæсивæд бахъомыл кæнынæн.

Нæ кинокомплексы арæзтад та рæвдз нæ цыди. Раздæрау нын хуызæнæн æхxуысгæнæг нæ уыди. Уый аххосæй-иу нæ бахъуыди Комитеты кусджытæй арæзтадон бригадæ саразын дæр. Ахæм бригад иу рæстæджы куыста канализацийы трубатæ æвæрыныл. Машинæ ракъахта, иу километры дæргъæн чи уыд, ахæм къанау. Фæлæ æхxæст арф нæ фæци, æмæ йæ бахъуыд фæарфдæр кæнын белтæ, ломтæ æмæ къахæнты æхxуысæй. Журналисттæ, режиссертæ, кинооператортæ, инженертæ бавнæлдтой къанау фæарфдæр кæнынмæ. Æз дæр мæ фыдæбоны хай бакæнон, зæгъгæ, иу-цалдæр хатты ныххызтæн иу дыууæ метры арфæн чи уыд, ахæм дзыхъмæ æмæ уырдыгæй сыджыт, хуыр, дуртæ уæлæмæ æппарын байдыдтон. Мæ зæрдæ та, куыд загътон, афтæмæй сахъат уыди. Æмæ йæ низ ахъаззаг фæкарздæр. Акуыста-акуыста æмæ та-иу фæлæууыди. Æрмæстдæр иу афæдзмæ алыхуызон хосты руаджы æрсабыр,, фæлæ уæддæр мæ куыст никуы ныууагътон.

Цыбырдзырдæй, тыхамæлттæй иу дæс азмæ кинокомплексы æртæ бæстыхайæ дыууæ бацъаппытæ кодтам, уыимæ киноисæн павильон 800 квадратон метры бæрц æмæ дзы кусын райдыдтам. Мæ зæрды уыди, æртæ бæстыхайы дæр куы срæвдз уыдаиккой, уæд автономон студи — телефильм саразын. Мæскуыимæ ныхасгонд дæр уыдтæн, фæлæ нæ арæзтад афтæ нытътъæнг æмæ суанг 1982 азы пенсимæ куы рацыдтæн, уæдмæ дæр æртыккаг агъуыст æхxæст цæттæ нæма уыди. Нæ уавæртæ куыд æвзæр уыдысты, куыд нæ не 'мбæрстой, ууыл ма дзурæг у ахæм факт дæр. Бирæ бынæттон телеуынынадты разæй мах Мæскуыйæ райстам хуызджын кинотæ æвдисæн аппаратурæ. Фæлæ йæ кæм сæвæрдтаиккам. ахæм бынат кæй нæ уыд, уый аххосæй нæм æртæ азы дзæгъæлы фæлæууыди, стæй йæ уæд Паддзахадон Комитет айста æмæ йæ Ленинградæн радта.

Зæгъын хъæуы уый æмæ нæ Комитет æнæхъæн Цæгат Кавказы дæр уыди цавæрдæр ахсджиаг хъуыддæгты сæйраг. Зæгъæм, мах Цæгат Кавказæн уагътам журнал «Зори Кавказа» мæй дыууæ хатты. Радиомæ хъусджыты зæрдæмæ тынг цыди. Иу-цалдæр хатты йæ кой уыди газет «Правда»-йы, журнал «Партийная жизнь»,-ы æмæ Махачкалайæ суанг Ростовы онг цы газеттæ цыди, уым, крайты æмæ облæстты партион конференциты. Иннæ ахæм уагътам киножурнал «Дружба» цыппар автономон республикæйæн. Уый дæр адæмы зæрдæмæ тынг цыди. Уæдæ кинотæ исыны хъуыддаджы дæр мах сæйраг уыдыстæм.

Æппæт уыдæттыл дзурын æмæ хъуамæ исчи банхъæла æмæ мах нæ куыстæй разы уыдыстæм, æз та — мæхицæй. Мур дæр нæ, мур. Æз нæ хъуыды кæнын ахæм æмбырд æмæ мах афтæ кæд загътам: хорз кусæм,

нæ размæ цы хæстæ лæууы, уыдон æххæст кæнæм. Уый нæ, фæлæ кæддæриддæр дзырдтам, бирæ хъуыддæгтæ нывыл кæй нæ аразæм, уый тыххæй. Мах нæ куыст барстам республикæйы промышленность, арæзтад, хъæууон хæдзарад æмæ культурæйы уавæримæ. Уыдон та фæстаг бирæ азты, æппæт бæстæйы дæр куыд уыд, афтæ адæмы мыггаг нæ рæзыдысты. Уымæ гæсгæ мах дзырдтам: кæд нæ фабрикты, заводты, арæзтæдты, колхозты уавæр æгуыдзæг у, уæд уым мах дæр стыр аххосджын стæм.

* * *

Мæ уыргты низ уæлдай нæ кодта. Мæ низы хатмæ гæсгæ хъуамæ раджы амардаин. Мæ хуызæн рынчын чи уыди нæ горæты æмæ дзы æз кæй зыдтон, уыдон иууылдæр амардысты. (Ефимцова Ларисæ, Мысыкаты Руслан, Уыртаты Махар æмæ æндæртæ). Æз та нæ мардтæн. Æбæлвырд, тæссаг хъуыддаг та адæймагæн йæ уд бындзарæй ласы. Куы нæ мардтæн, уæд та 1973 азы дохтыртæм бацыдтæн æмæ сын загътон:

— Арвитут мæ Мæскуымæ. Сымахæн уæ бон куы нæ у, цæуылнæ мæлын, уый равзарын дæр...

Уыдон мæ арвыстой. Партийы Центрон Комитеты хъуыддæгтæ аразæг хайадмæ бацыдтæн æмæ мæ уыдон барвыстой сæ рынчындонмæ. Уый уыди ног арæзт рынчындон æхсæз уæладзыгон егъау бæстыхайы, кæддæр Сталины дачæ кæм уыдис, уым. Рынчындоны иу мæй куы фæдæн, æмæ мæ алыхуызон ног аппаратурæйæ, уыимæ Японæй ласт чи уыдис, ахæм аппаратурæйæ дæр куы сбæрджытæ кодтой, уæд мын куы зæгъиккой:

— Дæ уыргтæ æнæниз сты.

Æз хæлиудзыхæй баззадтæн. Уый та куыд! Уæдæ мын ссæдз азы дохтыртæ мæ удæй цæмæн фæхъазыдысты!

— Æмæ уæддæр цæмæй рынчын дæн!

— Уый дын зæгъдзæни цыппæрæм уæладзыджы уролог-сексолог кæй хонынц, уый, Ившин Владимир Васильевич.

Æз æм бацыдтæн. Мæ карæнмæ 'ввахс чи уыд, ахæм рæстæмбис ас тæнтъихæг нæлгоймаг. Фæрафæрс-бафæрс мæ кодта, стæй мын афтæ:

— Дæс боны дæргъы мæнæ ахæм æмæ ахæм хостæ фæнуаз. æмæ дын уæд зæгъдзынæн дæ низ цы у, уый.

Дæс боны фæстæ та мын цыдæр анализтæ скодтой, фæракæс-бакæс мæм кодтой æмæ мын загътой:

— Дæ низ хуыйны простатит.

— Мæ уыргтæ сахъат не сты!

— Не сты.

— Æмæ уæдæ ссæдз азы мæ уд æрдуйæ нарæгдæр кæй тыххæй сси, уыцы низ та цы мæрдтаг у!

— Нæлгоймæгты низ у. Простатит хуыйны. Дæ удæн дзы тас нæу. Æрмæст дæ, чи зоны, фæстæдæр операци кæнын бахъæуа.

Уый размæ бирæ азты дæргъы мæ синтæ иудадзыгдæр рыстысты. Ныронг сæрдæй зымæгæй дардтон хъарм мидæггаг дарæс, нoджы сæрмагонд хъарм бæттæн. Уыцы бон мæ синтæ сæ риссынæй банцадысты, мæ хъарм бæттæн дæр асхуыстон, кæд октябры дыккаг æмбис уыдис, уæд-

дæр. Мæ зæрдæ сахъат уыди, мæхи та афтæ банкъардтон, цыма ногæй райгуырдтæн.

Афтæ ахицæн, ссæдз азы мæ буары цы æгъатыр тас уыд, уый. Мæлæтæй та чи нæ тæрсы.

* * *

Нæ басусæг кæндзынæн: мæнæн цæрын кæддæриддæр зын уыдис. Æдде бакæсгæйæ та бирæтæ афтæ нымадтой æмæ Æгъуызары-фырт цæры йæ уды дзæбæхæн. куыддæриддæр æй фæнды, афтæ. Мæ цард мæхи фæндиаг кæй нæ уыдис, æмæ-иу арæх драматикон уавæрты кæй бахаудтæн, уым фылдæр, æвæццæгæн, мæ удыхъæды аххостæ уыдысты. Бирæты царды хъæуы кадджын бынат, æхца æмæ хъæлдзæгæй, зæрдæрухсæй рæстæг æрвитын. Æз уыдæттæм никуы бæллыдтæн.

Æстдæсаздзыдæй партийы рæнхъытæм куы бацыдтæн, уæд мæм уыди æрмæст дæр иу хъуыды: ног цардарæзты активонæй архайын, ме 'ппæт хъарутæ дæр ын æнæвгъауæй дæттын. Æмæ уый фæстæ цыдæриддæр куыст нæ кодтон, иу ран дæр 'мæхи зындзинадæй фæстæмæ никуы раластон. Фыдæбон кодтон, мæ удыл нæ ауæрдгæйæ. Хатгай-иу мæхинымæры загътон: о, хуыцау, цæмæн мæ сфæлдыстай! Æз уыдтæн æмæ дæн, сдæм афтæ кæмæй фæзæгъынц, йæхи удæн дæр æмæ адæмæн дæр æнцой нæ ратдзæни, зæгъгæ, уыдонæй. Мæнмæ афтæ каст æмæ нæ Цæдисы адæм сæ размæ цы егъау историон хæс æрæвæрдтой, уый сæххæст кæныны тыххæй хъуамæ фæллой кодтаиккой тынг зæрдиагæй. Махмæ та бирæ азты дæргъы уый нал уыдис. Æз та цыфæнды ран дæр мæхи, стæй-иу кæимæ куыстон, уыдоны фæллой дæр кæддæриддæр уыцы бæрцбарæнтæй барстон. Арæх-иу уый охыл загъд дæр кодтон, уайдзæфтæ дæр-иу фæкодтон, хылтæ дæр-иу ныддæн. Кæимæ куыстон, æрмæст уыдонимæ нæ, фæлæ мæ сæргъы цы разамонджытæ лæууыд, уыдонæй дæр бирæтимæ. Мæ куысты, мæ бынаты мыл цы хæстæ æвæрд уыдис, уыдонæй уæлдæр ме 'нæниздзинад дæр никуы æрæвæрдтон. Брежневы рæстæг кæй хонæм, уым та бирæты хуыцау сæхи цардыл, сæхи дзæбæхдзинадыл скодта. Сарæх стъы сайæн митæ, давджытæ. Æмæ, гъе «Куырды фырт»-ы куы фыстон, уæлдайдæр романы дыккаг чиныджы, уæд уыцы хъуыдытæ мæ сæрæй иу минут дæр цух нæ кодтой. Мæ фатеры уавæртæ уæд хорз нæ уыдысты, суанг дзы фыссæн стъол кæм æрæвæрдтаин. уый дæр нæ уыди, мæ куысты та мæ иу минут дæр æнцой нæ уагътой, уымæ гæсгæ 1976 азы мæ отпусчы рæстæг санатори «Осетия»-мæ путевкæ баяхæдтон. Уым мын радтой хицæн уат. Чиныгыл архайдтон фæскуыст æмæ хуыцаубæтты. Мæ хæстæг чызг, телевиденийы диктор Абойты Риммæ æмбисонды хорз мыхуыр кодта. Æмæ-иу арæх уыди афтæ: фæскуыст кæнæ иу фæллад уæдзæн бонты Михайловскийы сæ хæдзары бамидæг дæн æмæ-иу æй мемæ раластон мыхуыр кæнынмæ. Æз-иу дзырдтон, уый мыхуыр кодта. Афтæмæй 37 бонмæ ныммыхуыр кодтам 700 сыфы. Иу ныхасæй, фыст фæци «Куырды фырт»-æн йæ дыккаг чиныджы фыццаг вариант. Уый уыди 1976 азы.

Фæлæ та уæдмæ «ме 'рдхæрдтæ» скуыстой. Нæ Комитеты фарста цæттæ кæнын райдыдтой бюромæ. Цæттæ йæ чи кодта, уыцы къамисы сæрдар уыди Черчесты Георгий, пропагандæ 'мæ агитацийы хайады хицауы

хæдивæг. Иу-дыууæ мæйы бæрц та фæрафæрс-бафæрс кодтой, фæракъах-бакъах кодтой, ногæй та мæн «ахуыр» кæнын райдыдтой, цы дæн. цавæр дæн, сырхытæй æви урсытæй. Куыдзы хъыг сдæн уыцы митæй!

Къамис йе справкæйы цытæ ныффыста, уый абон дæр нæ зонын. Черчесы-фырт æмæ йæ Тотыры-фырт мæнæй басусæг кодтой. Уæвгæ та йæ хъуамæ бакастаин. Фæлæ иуæй, æвæццæгæн, справкæ мæ пайдайæн нæ уыди, иннæмæй та мемæ æргом тохы бацæуын мæ бæрæггæнджытæ сæ ныфс нæ хастой. Æгæр хорз зыдтон, мæ «тæрхонгæнджытæй» чи цы мигæнæг уыди, уый. Æз та ме 'мкусджыты фылдæр хаймæ гæсгæ æвзæр не 'ххæст кодтон мæ хæстæ.

Цыдæриддæр уыди. уæддæр фарста бюромæ рахастой. Бюройы размæ бон мын пропагандæ æмæ агитацийы хайады сæргълæууæг Тотраты Абхаз куы бакой кæнид:

— Дæ уавæр хорз нæу. Дæ куыстæй дæ цыма суæгъд кæнынмæ хъавынц. Æмæ Хъæбæлойы-фыртмæ бацу.

Мæхинымæр чысыл нæ бадис кодтон ахæм дыдзæсгомдзинадыл. Уымæн æмæ мæн мæ бынатæй суæгъд кæнынил кæд исчи архайдта, уæддæр хайады хицау æмæ йæ хæдивæг. Æмæ ма мæ уæд Хъæбæлойы-фыртмæ та цæмæн æрвыстой! Æвæццæгæн, цæмæй мæ разы сæхи барæстытæ кæной. уый тыхххй. Хъæбæлойы-фыртмæ нæ бацыдтæн принципиалон æгъдауæй, мæхинымæры загътон: кæд æм ахæм хъуыды ис, æмæ æндæр ницы æмбары, уæд кæнæд, цы йæ фæнды, уый,

Дыккаг бон бюройы доклад скодтон нæ куысты тыххæй. Кæддæриддæрау мæ доклады фылдæр дзырдтон нæ хъæндзинæдты тыххæй, стæй сæ аиуварс кæнынæн цы мадзæлттæ аразæм, ууыл. Мæ фæстæ раныхас кодта Черчесы-фырт. Цытæ дзырдта, уый мæ зæрдыл нæ бадардтон. Æмæ сæ уæвгæ уæддæр дзæбæх нæ бамбæрстон. Черчесы-фырты фæстæ раныхас кодта Тотраты Абхаз. Хъуыды ма кæнын, хъæрæй дзырдта:

— Билар Емазаевич! Комитеты хъуыддæгтæ хуыздæр цæуиккой, Æгъуызары-фырт йæ фыссын куы ныууадзид, уæд. Мах дæр фыссиккам, мах! Фæлæ махæн рæстæг нæй! Билар Емазаевич, хорз нæу искæйы дзыппытæ сгарын, фæлæ, зоныс, Æгъуызары-фырт алы мæй дæр æхца дæуæй фылдæр райсы.

Иу къорд боны размæ базыдтон партийы обкомы инструктор Серощтановы Тотры-фырт рауагъдад æмæ «Мах дуг»-мæ кæй нырвыста æмæ кæй сбæлвырд кодтой, æз ивгъуыд азы гонорар цас райстон, уый. Уæд мын гонорар бафыстой «Куырды фырт»-ы фыццаг чиныгæн. Уыцы гонорар æмæ мæ куысты мызд баиу кодтой, дыууадæс мæйыл сæ байуæрстой æмæ æцæг дæр ма уыцы аз мæ мæйы мызд фæфылдæр партийы обкомы фыццаг секретарь цы иста, уымæй. Фæлæ уый размæ цалдæр азы дæргъы рауагъдадæй кæй ницы райстон, уый койгæнæг нæ фæци. Тотры-фырт та дзырдта:

— Билар Емазаевич! Æмæ æз Æгъуызары-фыртæн йе 'нæниздзинадыл сагъæс кæнын. Сæрдары æмæ фыссæджы куыст дыууæ иумæ æгæр уæззау сты. Æмæ, мыййаг, йе 'нæниздзинад ноджыдæр куы февзæрдæр уа...

Хъæбæлойы-фырт цыргъзонд кæм нæ уыд æмæ дын Тотры-фыртæн афтæ:

— Æмбал Тотры-фырт! Тæрсын, дæ ныхæстæй Æгъуызары-фыртæн йе 'нæниздзинад куынæ фæхуыздæр уа, уымæй.

Бюройы чи бадт, уыдон ныххудтысты. Ӕрмæст уæддæр, æнхъæлдæн, фотры-фырт уыцы ныхасæй дæр ницы бамбæрста. Ӕмæ мын уæвгæ обкомы секретарь Кучийы-фырт дæр иу æмæ дыууæ хатты нæ загъта:

— Ӕхца дын нæ фаг кæны, æви цæмæн фыссыс!

Кучиты Агуыбейы æз кæддæриддæр нымадтон æнæсайд, æнæхин кусæгыл. Фæлæ-иу мын уыцы ныхæстæ мæ тъæнгтæ ацагътой. Ноджы ма иу мын нæ киноты тыххæй дæр афтæ:

— Ныууадз уыцы кинотæ, науæд дæ куыстæй сисдзысты.— Ӕз-иу ын загътон:

— Уæ ныхæстæ сты, чидæр зæронд усы цæмæйдæр куы тæрсын кодта, уый хуызæн.

Цæвиттон мæм уыцы бюройы дзæбæх куы радтой, уыимæ чингуытæ кæй фыстон, уый тыххæй дæр, уæд цы авд сæдæ сыфы ныммыхуыр кодтон роман «Куырды фырт»-ы дыккаг чиныгæй, уыдон скъаппы къуымрæбынмæ басхуыстон. Хуыцау хорз æмæ мæм хæцæнгарз нæ уыдис, æндæр æй мæ ныхыл банымадтаин. Ӕмæ мæм уæвгæ ахæм зонд мæ уæззау цард æмæ куысты бирæ азты дæргъы иу æмæ дыууæ хатты не 'рцыди... Уæд дæр æмæ абон дæр!

Иуæй уæззау куыст телеуынынады, радио æмæ кинойы, иннæмæй низтæ, аннæмæй фыссæджы куыст. Уæддæр ма мæ обкомы бюрократтæ 'нцой нæ уагътой. Уæдæ Комитетæн йæхи мидæг дæр уыдис магусайæ дам-думгæнджытæ...

* * *

— Мæ фыд Тæтæрхъан æмæ мæ кæйыс Тебиаты Къола бадынц нæ хæдзары фынджы уæлхъус. Дыууæ фæллойгæнæг адæймаджы кæрæдзийы бирæ уарзтой. Сæ разы — графин ирон арахъимæ, хъайла, тебæйы фых картофтæ, цæхджын пъамидортæ æмæ къабуска. Иу сидт иннæйы фæдыл уадзынц. Иу ахæмы та Тæтæрхъан расидти:

— Не сфæлдисæг стыр Хуыцау, нæ хæххон зæдтæ! Уæдæ ма нын ахæм зонд дæр радтут æмæ нæ алчи дæр мæлгæ кæй кæндзæн, уый дзы рох куыд нæ кæна.

— Бузныг, Тæтæрхъан!— бафтыдта ма Къола.— Науæд иуæй-иутæ афтæ æнхъæл вæййынц æмæ ичъынайы калмау уæлæуыл баззайдзысты.

Дыууæйæ дæр сæ нуазæнтæ кæрæдзиуыл бакъуырдтой æмæ сæ анызтой. Фынгмæ æрæвнæлдтой.

Тæтæрхъан та сæ дыууæйы нуазæнтæ дæр байдзаг кодта.

— Къола, цæй, Мыкалгабырты хорзæх дæр нæ уæд. Стыр Хуыцау ахæм арфæ ракæнæд æмæ ацы сыхы дæр æмæ ацы хъæуы дæр махæй мæгуырдæр куыд ничи уа!

— Тæтæрхъан, дæ сидт Хуыцаумæ хорзæй фехъуысæд. Мæ фыдгулмæ дæр ма йæ сыхæгтæ æмæ йе 'мхъæуккæгтæ хæлæг кæной,— загъта Къола æмæ та дыууæ хæстæджы сæ нуазæнтæ кæрæдзиуыл бакъуырдтой...

* * *

Мæ мад Настя-иу райсомæй рабадт фæстагдæр фондз сахатыл æмæ суанг фæсахсæвæртæм æнцой нæ зыдта. Йæ кæстæртæй-иу ын исчи афтæ

куы загъта, нана, иудадзыг дæр ма архайгæ ма кæн, уæд иу ын дзуапп радта:

— Нæ, нæ. Цытæ дзурыс, адæймаг змæлгæ куы нæ кæна, уæд йæ туг мæлгæ кæны.

Мæ мад дæр æмæ мæ фыд дæр рæстудæй куыстуарзаг уыдысты. Фæцардысты фæйнæ 82 азы, стæй уæд, зæгъæн ис, фæд-фæдыл амардысты.

* * *

Иу къорд факты ма мæ цард æмæ мæ цæстæнгасы тыххæй. Мæ хуызæн разамонæгыл нымад чи уыдис, уыдонæн алы аз дæр лæвæрдтой путевкæтæ Партийы Центрон Комитеты, науæд та ССР Цæдисы Министрты Советы санаторитæм Хъырыммæ, Сочимæ, Кисловодскмæ... Фæлæ æз 1964 азæй фæстæмæ никæдæм уал ацыдтæн. Уæд ма фæстаг хатт уыдтæн Хъырымы СЦКП-йы санаторийы.

...Иу дзæбæх райдзæст бон санаторийæ рацыдтæн, киосчы газеттæ балхæдтон, санаторийы алыварс цы дурын æмбонд уыди, уый æнцой балæууыдтæн æмæ кæсын райдыдтон. Нæ санатори уыди деджызы былмæ хæрзхæстæг. Не скомкоммæ та — бирæ алыхуызон профцæдисон санаторитæ. Æмæ уыцы санаториты сæхи чи дзæбæх кодта, уыдон аходæны фæстæ иу къордæй рацыдысты денджызы 'рдæм. Мах санаторийы цурмæ куы 'рхæццæ сты, уæд сылгоймæгтæй иу сдзырдта:

— А здесь отдыхают партийные господа.

— Уыцы ныхас мæнæн мæ тъæнгтæ ацагъта. Мæ зæрдæйы иннæрдæм ахызт. Мæ кæсын ныууагътон æмæ фæндагыл, хъуыдытæгæнгæ, алæсыдтæн. Мæ сæрæй нæ хызт сылгоймаджы ныхас. Мæ зæрдыл æрлæууыди ссæдзæм съезды Сталины культы тыххæй Хрущев цы доклад скодта, уый фæстæ мæхицæн цы ард бахордтон, уый: нырæй фæстæмæ ноджы æгъатырдæрæй тох кæндзынæн хъæндзинæдтæ æмæ æнæраст миты ныхмæ, мæхæдæг та иу æнæраст хъуыддаг дæр не 'руадздзынæн. Æмæ уый æххæстæй кæй къухы 'фтыди, фæлæ та ныр дæр загътон: «Ацы азæй фæстæмæ мæнæй уый санаторимæ нал рацæудзæни. Куы цæуон, уæддæр кусджытæ, колхозонтæ кæдæм цæуынц, уырдæм». Æмæ уыцы азæй цалынмæ пенсимæ рацыдтæн, уæдмæ, 18 азы дæргъы, сæрмагонд санаториты мæ къах нал æрæвæрдтон.

Иуахæмы та мæм уый фæдыл обкомы Тотраты Абхаз æмæ æндæр кæйдæртимæ рауад ныхас. Æз загътон:

— Обкомы дæр, горкомы дæр, райкомты дæр. Министрты Советы дæр стыр хицауæй чысыл хицаумæ лæвар путевкæтимæ цæмæн хъуамæ цæуой æмбисонды сæрмагонд санаторитæм! Алыхуызон фадæттæ, уыимæ хæринаг, дохтырты æххуыс, цæрæн бынæттæ дзæвгар хуыздæр сты ЦК-йы æмæ Министрты Советы санаториты профцæдисон санаторитæй. Рагон дуджы кънияз æмæ мæгуыр лæджы цард фæйнæхуызон куыд уыдысты, афтæ. Хъуыды ма кæнын, Тотры-фырт мын цы дзуапп радта, уый:

— Æмæ цæуылнæ хъуамæ цæуæм! Æмбæлы нын æмæ цæуæм.

Æз та сын загътон:

— Æмбæлгæ уын нæ кæны. Сымах æмæ сымах хуызæттæ æрхъуыды кодтой сæхицæн ахæм дзæбæхдзинæдтæ.

Дыккаг хатт фæхъуын дæн обкомы иумæйаг хайады сæргълæуууæг Борис Субботинимæ. Цæвиттон, обкомы буфеты хæринаг иннæ буфеттæй бирæ хуыздæр уыди. Уый иу. Дыккагæй та, къуыри иу хатт, майрæмбонæй майрæмбонмæ, обкомы кусджытæн уым лæвæрдтой дзидза, кæрчытæ, зынаргъ кæсаг æмæ æндæртæ. Æз мæсты кодтон уый тыххæй дæр. Уымæн æмæ горæты дуканиты дæр æмæ базары дæр дзидза зын арæн уыди. Бацыдтæн Субботинмæ. Обкомы иумæйаг хайады сæргълæуууæгæй уæлдай ма уый уыди, уымы райдиан партион организацийы секретарь дæр. Æмæ йын загътон:

— Борис Григорьевич! Алы майрæмбоны куысты кæронмæ æвваxс уæ буфетæй уæ кусджытæ дзидзайы æмæ кæрчыты тыхтонтимæ кæй рацæйцæуынц, уый дæм худинаг нæ кæсы!

Уый мæм дисгæнæгау æрбакаст æмæ мын дзуапп радта:

— Цæмæн мæм хъуамæ кæса!

— Ау, сымах ма иннæ адæмæй уæлдай цы стут! Сымах дæр цæут базармæ, рады-иу æрлæуут æмæ æлхæнут.

— Æмæ цæмæн хъуамæ лæууон æз рады!

— Æмæ цæуылнæ хъуамæ лæууай! Иннæтæй цæмæй хуыздæр дæ! Кæд иутæн нæй сæ куысты дзидза балхæныны фадат, уæд хъуамæ иннæтæн дæр ма уа.— Цыбырдзырдæй та ам дæр мæ сызгъæрин доны фæкалдтон. Ныммæстджын дæн æмæ ма мæхицæн ноджыдæр иу хатт загътон: цæй æдылы дæн, цæ! Фæлæ та уæддæр иуцасдæры фæстæ обкомы фыццаг секретарь Хъæбæлойы-фыртмæ бацыдтæн.

— Обкомы кусджытæ сæхи мауал худинаг кæнæнт сæ дзидзайы тыхтонтимæ.

Уæдæй фæстæмæ бирæ рæстæг обкомы буфеты сæ кусджытæн дзидза дæр æмæ кæрчытæ дæр нал уæй кодтой.

...Партийы обкомы бюройы тæрхон кодтой автомобильты транспорты разамонджытæй иуы куыстыл. Уыимæ куыд дзырдтой, афтæмæй уый гæртæмттæ дзæвгар иста. Фæлæ диссаг: бюройы ракæ-бакæ кодтой, радзурбадзур кодтой; цæхгæр æмæ карз уынаффæ рахæссыны бæсты ныхас нытътъанг. Æз æнцад бадтæн, кастæн, хъуыстон, смæсты дæн æмæ сдзырдтон:

— Безобразие! Бюро в бардак превратили!

Мæ галиу фарс бадти Себетты Руслан. Уый мæм æрбадзагъул кодта. Мæ хæдразмæ бадти Субботин Борис. Уый мæм фæстæмæ иу каст фæкодта, фæлæ ницы загъта.

Рæстæг цыди. Иннæ бюройы тыххæй мæнмæ боны фæтк нал æрбарвыстой. Уый фæстæ дыууæ-æртæ бюройы боны фæтктæ дæр нал райстон. Æз дæр Субботинмæ ныдздзырдтон.

— Борис Григорьевич! Бюройы боны фæтк мæм нал æрвитынц. Æмæ æз дæр нал цæуын æмбырдтæм.

— Æмæ раст кæныс. Дæу нырæй фæстæмæ цæуын нал хъæуы.

— Дæ цæрæнбон бирæ. Уырыссагау куыд фæзæгъынц: Бабу с воза долой — кобыле легче. Æрмæст ма мын уæддæр куы зæгъис, цы 'рцыд уый.

— Обкомы секретариат уынаффæ рахаста. Нырæй фæстæмæ дæ бюромæ хондзысты, дæумæ-иу хъуыддаг конкретон æгъдауæй куы хауа, уæд.

— Гъемæ уæ цæрæнбонтæ бирæ.

Иу мæйы фæстæ обкомы секретарь Кучиты Агуыбемæ цæйдæр фæдыл бацыдтæн æмæ дын мын афтæ:

— Æнхъæлдæн æмæ та дæм цæмæй загъд кæной, уый дæ фæнды. Бюромæ цæуылнæ цæуыс!

— Цардæй фæсте баззадтæ,— бахудтæн æз дæр. — Хуыцауæй бузныг, мæн ныр уæ бюротæм цæуын нал хъæуы.

— Цы 'рцыди!

Æз ын радзырдтон, Субботин мын цы загъта, уый.

— Нæ зонын. Æз ахæм секретариат нæ хъуыды кæнын. Ахæм уынаффæ дæр.

Рацыди ма иукъорд боны æмæ мæм Кучийы-фырт телефонæй дзуры:

— Иннæбон уыдзæни бюро. Райсом боны фæтк райсдзынæ. Æрмæст бюройы хи дарын зонын хъæуы...

Фæстæдæр куыд базыдтон, афтæмæй бюройы ныхас цы автотранспорты хицауыл цыд, уымæн партийы ЦК-йы Политбюройы уæнг Щербицкий йæ лымæн уыди. Хæсты заман, дам, партизанты къорды иумæ уыдысты...

Зæгътытæ æмæ хъæлæбатæ арæх кодтон обкомы кусджытæй кæйдæртимæ, ноджы секретарьтимæ дæр. Æз афтæ нымадтон: хъуамæ адæймагæн бар уа йæ хъуыдытæ, йæ фæндтæ зæгъынæн. Уымæй афтæ зæгъынмæ нæ хъавын, æмæ алы хатт дæр хъуамæ мемæ разы кодтаиккой. Фæлæ адæймагæн йæ зæрды цы уа, йæ сæр цы скæрда, уый зæгъыны бар ын хъуамæ уа. Нæ бæллæхтæн сæ ахъаззагдæр уый уыди æмæ бирæтæ хъуыды иухуызон кодтой, дзургæ та — иннæ хуызон.

...Мæ зæрды уыди иу хорз хъуыддаг саразын — кинойы ирон театры спектакльтæ «Пæсæйы фæндон» æмæ «Отелло» сисын. Цыдæр капеччытæ дæр сфæстуæрц кодтам уый тыххæй, фæлæ уыцы бæллиц сæххæст кæнын мæ къухы нæ бафтыди. Кинотæ мах истам Центрон телеуынынадзæн. Мæскуы нын æхца дæр уый хыгъдмæ лæвæрдта. Æрмæст нæхимæ æвдисыны тыххæй махæн кинотæ кæныны бар нæ уыд. Уымæн æмæ-иу цыфæнды аслам аивадон кинонывыл дæр хардз кæнын бахъуыди 70—120 мин сомы. Республикæйы хицауадæн иукъорд хатты загътон, цæмæй нæм æхцайæ фæкастаиккой, уый тыххæй. Фæлæ нæм сæ хъус никуы 'рдардтой. Уый ахходсæй фæстæмæ-фæстæмæ фæкодтам «Пæсæйы фæндон» сисыныл. Стæй уалынмæ Хъæрджынты Варя куы амард, Икъаты Серафимæ та пенсийы куы ацыд, уæд «Пæсæйы фæндон» театры æвæрд нал цыди. Цыдæр амæлттæй уæддæр 70 мин сомы сфæстауæрц кодтам «Отелло» сисыны тыххæй. Уадз æмæ баззадаид нæхицæн, Ирыстонæн. Театрмæ ныффыстон гæххæтт. Йæ директор уæд уыди Хъесаты Валодя, сæйраг режиссер Брытъиаты Зариффæ нæ бафарста:

— Уæ кино цал мæйы исдзыстут!

— Æртæ мæйы бæрц.

— Уæдæ уыцы æртæ мæйæн театрæн йе 'ппæт хæрдзтæ дæр бафидут. Мах нæ куыст бауромдзыстæм, æмæ, табуафси, исут кино.

— Уый нæ бон нæ бауыдзæни,— загътон æз.— Уымæн æгæр бирæ æхца хъæуы. Стæй уын цæмæн хъуамæ бафидæм уе 'ппæт хæрдзтæ та!

Махмæ æхца ис æрмæстдæр кинойы комкоммæ хæрдзты фаг, ноджы ма нæ чи хъæуы, уыцы артистытæн цы бафидæм, уый дæр.

— Кæд 'нын не 'ппæт хæрдзтæ нæ фидут, уæд уæ куыд фæнды, афтæ. Мах уын ницæмæй баххуыс кæндзыстæм,— фидарæй загъта Зариффæ.

Цалынмæ дыууæ азы бæрц театримæ «базар» кодтам, уæдмæ Тæбæхсæуты Бало ахъаззаг фæрынчын æмæ æнæ «Отелло»-йæ баззадыстæм.

Раздæр куыд загътон, афтæмæй мæ сæйраг куыстæй уæлæмæ архайдтон фыссынил дæр. Æмæ æз цы куыст кодтон, уымæй уæлæмæ ма ноджыдæр чингуытæ фыссынæн хъуыди стыр зонд, стыр курдиат, науæд та чысыл зонд æмæ æнæмбаргæдзинад. Æмæ æз, æвæццæгæн, фæхайджын дæн фæстаг миниуджытæй. Уымæн æмæ уыцы дыууæ хъуыддаджы иумæ æххæст кæнын хъаймæты зын уыди. Фæлæ уæддæр роман «Хурхæтæны» фæстæ ныффыстон æмæ ныммыхуыр кодтон иу-цалдæр радзырды æмæ киносценарийы, стæй уæд бавнæлдтон ног роман-дилоги «Куырды фырт» фыссынмæ. Уæвгæ къухæй нæ фыстон, мæ рæстæг нæ амыдта. Машинисткæйы цур-иу сбадтæн æмæ-иу дзурын райдыдтон. Афтæмæй фыст фæдæн «Куырды фырт»-ы фыццаг чиныг. 1973 азы йæ рауагъдадмæ радтон æмæ сын загътон:

— Лæмбынæг æм æркæсут. Кæд уæ зæрдæмæ нæ фæцæуа, уæд æй ма рауадзут.

Рауагъдады директор Хъантемыраты Æхсар æмæ аивадон литературæйы хайады сæргълæууæг Малиты Васо къухфыст бакастысты æмæ мын куыд загътой, афтæмæй сæ зæрдæмæ фæцыди. Уæвгæ мын фиппаинæгтæ дæр скодтой.

«Куырды фырт»-ы фыццаг чиныг мыхуыры рацыди 1974 азы. Цы уыди зæгъын мæ зæрды ацы романы! Мæн фæндыди Ленины хъуыддæгтыл, социалистон цардарæзтыл, нæ бæстæйы сæрибардзинадыл чи тох кодта, уыцы фæлтæрты минæвæрттæй иукъорды равдисын.

Мæн фæндыди Ленины заман большевик чи сси, уыдоны традицитæ иу фæлтæрæй иннæмæ куыд цыдысты, ноджы уыдон цы критикон æмæ трагикон цауты бахаудысты, стæй фæстæдæры фæлтæрæй бирæтæ куыд фендæрхуызон сты, Ленины дугæй, Революцийæ цас дарддæр кодтам, уый бæрц фыддæргæнгæ куыд цыдысты, уый равдисын. Кæд стыр хъыгаг у, уæддæр æнæ зæгъгæ нæй: æхсæнадон хъуыддæгтæ чи арæзта, партион кæнæ советон разамонæг бынæттæ чи ахста, уыдон, иумæ райсгæйæ, хуыздæрæй-хуыздæр нæ кодтой. Дыууиссæдз азы дæргъы мæ цæст æппыныдзухдæр дардтон мæ алыварс кæй уыдтон хуымæтæг коммунисттæй дæр æмæ разамонæг кусджытæй дæр, уыдоны архайдмæ, уыдоны митæм. Мæхимæ гæсгæ сæ æвзæр нæ бамбæрстон. Æмæ æнæзæрдæрайгæ хатдзæгтæм дæр уымæн æрцыдтæн. Чи зоны, уыцы уæвæр куынæ уыдаид, иронау куыд фæзæгъынц, мæ гуцъа мастæй куы нæ байдзаг уыдаид, уæд «Куырды фырт»-ы фыссын дæр нæ райдыдтаин, уæлдайдæр романы дыккаг чиныг.

* * *

Уæлдæр дзырдтон, ног телецентр саразыны тыххæй цы фæлтæрæнтæ фæкодтам, уыдонæй кæй ницы рауад, уый тыххæй. Уæвгæ ма мын 70-æм азты æмбисы тынг активонæй æххуыс кæнынмæ бавнæлдта Республикæйы

Министрты Советы сæрдар Цæгæраты Михал. Ног телецентр хъуамæ арæзт æрцыдаид Горæххæсткомы бакомкоммæ Цæголы-фырт æмæ Байы-фырты номыл уынгты æхсæн. Фæлæ иуæй уырдыгæй æгæр бирæ цæр-джытæ бахъуыдаид сыстын. (Æмæ Михал ууыл дæр разы кодта). Иннæмæй та уæдмæ æз ахъаззаг фæсæйгæ дæн, авд мæйы бæрц æрдаудтон рын-чындоны æмæ нæ арæзтады хабар бамынæг ис.

* * *

Уыргты тæссаг низæй куы фервæзтæн, уæд иу-цалдæр азы зæрдæ-хъæлдзæгæй, ныфсджынæй ацардтæн æмæ акуыстон. Фæлæ бирæ азты дæргъы мæ фæллад уадзынмæ кæй никуыуал уыдтæн, æмæ-иу алы бон дæр мæ куысты рæстæг æппынкъаддæр дыууадæс-цыппæрдæс сахаты кæй уыд, уыимæ суанг фæлладуадзæн бонты дæр, уыцы уавæр та ме 'нæниздзинадыл ахъаззаг фæбæрæг и. 1978 азы æрбарынчын дæн, мæ тæвд уыди бæрзонд. Поликлиникæйæ мæм дохтыр Кодзаева æрцыди, æмæ загъта:

— Дæ низ — пневмония.

Уколтæ мын фæкодтой. Иу дæс боны фæстæ мæ тæвд æрхауд æмæ куыстмæ афардæг дæн. Иу афæдзы æрдæг рацыди, æмæ та æрбарынчын дæн. Æмæ та мын Кодзаева загъта:

— Пневмония.

Уколтæ мын фæкодтой, мæ тæвд та æрхауд æмæ та куыстмæ ацыд-тæн. Рацыди ма ноджы иу афæдзы æмбисæй фылдæр æмæ та уæддæр афтæ. Уколтæ та мын скодтой æмæ та куыстмæ ацыдтæн. Иуцасдæры фæстæ та мæм тæвд фæзынди, мæ дохтыр Кодзаевамæ ссыдтæн æмæ йын загътон.

— Æртæ хатты фæд-фæдыл ахъаззаг фæрынчын дæн. Æмæ мын нæ-дæр рентген скодтат, нæдæр мæ тугæн анализ.

— О, æмæ цæй скæнæм. Уый дæр хъæуы, хъæуы...

Рентгенмæ бацыдтæн. Фæкастысты мæм, стæй мын рентгенолог мæ рахиз фарсы ныв ныххæххытæ кодта. Консультацимæ ацыдтæн профессор Зицмæ. Уый мæм фæрайхъус-байхъус кодта. Доцент Бязырты Сулейман мемæ рентгенкабинетмæ бацыди, фæкастысты та мæм, мæ фарсы мын ставд судзин ныссагътой æмæ дзы раскъæрдтой дыууæ литры бæрц сау-сауид æмбыд дон. Уый та дын фæстæмæ ног бæллæх! Авд мæйы æрдауд-тон рынчындоны. Дзæбæх кæнын мæ байдыдтой. Стрептомицинæй мын уколтæ кодтой æнæвгъауæй æмæ уый аххосæй æртæ мæймæ бакъуырма дæн.

— Стрептомицин дæу æппындæр нæ хъуыди,— мæ мастыл ма мын цæхх айзæрæгау загъта профессор Зиц.— Дæ рæуджытæ сахъат куы уыдаиккой, уæддæр ма, гъа...

Рынчындоны куы уыдтæн, уæд мæм авд мæйы дæргъы хæстæгæй, хионæй, зонгæйæ адæм уыйбæрц фæцыди, æмæ зæгъæн ис, иу сахат дæр мæ цух нæ уагътой. Æмæ мын уый бирæ ныфс лæвæрдта.

Авд мæйы фæстæ мæ рынчындонæй рафыстой сахъат хъустимæ, мæ фарсы дон дæр нæ байсысти, афтæмæй. Æмæ ма уæдæй абонмæ дæр цæуы æмæ цæуы...

Рынчындонæй куы рацыдтæн, уæд дыккаг бон кусын райдыдтон. Æмæ кæд мæ низæй не сцух дæн, уæддæр нæдæр фæллад зыдтон, нæдæр кусынмæ мæ ныфс фæкъаддæр. Фæлæ мæ æргæвстой мæ хъустæ.

Адæмы-иу куы æрæмбырд кодтон, уæд-иу мæнмæ дыууæ-æртæ метры æддæдæр чи уыди, уыдоны-иу нæ хъуыстон. Афтæмæй кусын æгæр зын уыди. Уæдæ-иу обкомы бюройы, науæд та Министрты Советы æмбырдты дæр арæх ницы хъуыстон. Раст зæгъын хъæуы, бюройы æмбырдты-иу бирæ хæттыты бафиппайдтон: Хъæбæлоты Билар-иу мæн тыххæй хатгай дзæвгар хъæрдæрæй дзырдта. Ахæм уавæрты мæхинымæры бауынаффæ кодтон пенсимæ ацæуын. Ноджы ма мæ афон дæр æрбахæццæ. Уыцы хъуыды бамбарын кодтон мæ бинонтæн æмæ мæ хæстæгдæр æмбæлттæн.

* * *

Сæрмагондæй мæ зæгъын фæнды, кæимæ куыстон бирæ азты дæргъы, уыдоны тыххæй. Адæм алыхуызон сты. Кусгæ дæр алыхуызон кæнынц. Уæлдайдæр мах бæстæйы. Кæимæ куыстон, уыимæ мæхæдæг кæй райстон, уыдонæн сæ фылдæр хай хорз адæм уыдысты. Уæвгæ та æнæсахъат адæймаг никуы вæййы, фæлæ алы адæймагæн дæр кæсын хъæуы йæ сæйраг миниуджытæм. Адæммæ цы цæстæнгас дара, æмæ æхсæнадон хъуыддагæн йæ хъарутæ куыд дæдта, уымæ. Æмæ телеуынынады дæр, радиойы дæр æмæ нæ кинойы дæр хорз чи куыста, йæхиуыл чи нæ ауæрзта, ахæмтæ бирæ уыдис. Журналисттæй, режиссертæй, операортæй, дикторæй, инженертæ æмæ техниктæй æнæзæрдæхудт фæллой чи кодта, уыдон фыццаг мæхинымæры, стæй та гæххæттыл фыстæй нымайын куы байдыдтон, уæд мын иу фондзыссæдзæй фæфылдæр сты.

Уый бæрцмæ кæй схæццæ сты, уымæ гæсгæ сæ мæ къухфыстмæ бахæссын аивыл нæ банымадтон. Кæд мæ мысинæгтæ æнæхъæнæй искуы мыхуыргонд цæуой, уæд сæ уым, чи зоны, æмæ ранымайон.

Бирæ кусын нæ бахъуыди кинойæн кадртæ хъомыл кæнынил. Æмæ æрмæст Цæгат Ирыстонæн нæ, фæлæ Дагестанæн дæр, Цæцæн-Мæхъæлæн дæр, Кæсæг-Балхъарæн дæр. Уым дæр сырæзыди дæсны кусджытæ, уыдонимæ режиссертæ кæсгон Володя Вороков, цæцæйнаг Ильяс Татаев, дагестайнаг Темур Султанов, мæхъæлон Льянов, грознайаг Куан — кинооператор æмæ æндæртæ.

Телеуынынады мын цы хæдивджытæ уыд, уыдонæй сæрмагондæй зæгъинаг дæн Хъантемыраты Æхсар, Лекъты Нинæ æмæ Фидараты Булаты тыххæй. Æхсар уыди æнæхин кусæг. Æрмæст куысты дæр, стæй обкомы дæр кæйдæрты зæрдæмæ нæ цыди. Æмæ æз мæхæдæг дæр бирæты зæрдæмæ нæ цыдтæн. Уымæ гæсгæ уыцы ныхæстæм мæ хъус уый бæрц нæ дардтон. Обкомы пропагандæ æмæ агитацийы хайады разамонджыты зæрдæмæ цæмæн нæ цыди, уый бæлвырдæй нæ бамбæрстон, фæлæ нæ уый хыгъд иу ахæмы хъæлæбайы бафтыдтой. Уый фæстæ Хъантемыры-фырты сфæнд кодтой махæй ракæнын. Чехойты Жури Тотраты Абхазы цæсты кадджын уыд. Уый та уæд куыста Полиграфиздаты хицауæй. Æмæ уымæн баххуыс кæныны тыххæй бауынаффæ кодтой Æхсары рауагъдады директорæй сæвæрын.

Уый фæстæ мæ хæдивæгæй куыста Лекъты Нинæ. Обкомы уынаффæмæ гæсгæ. Фæлæ йæ уыцы бынаты цы хорздзинадæн нывæрдтой, уый

абон дæр нæ зонын. Кусын æй фæндыди, фæлæ нæдæр журналист уыди, нæдæр режиссер. Литературæ æмæ аивадмæ дæр ницанæбæрæг дæсны уыд. Уæдæ ирон æвзаг дæр нæ зыдта, уырыссаг у. Йæ куысты рæстæгæн йæ зынгæ хай хардз кодта партийы обкомы секретарь Антоникка Мельниковаимæ телефонæй дзурыныл, æмæ мæнмæ зул цæстæй чи каст, уыдонимæ сусу-бусутæ кæныныл.

Нинæ хъуыддагæн зиан йеддмææ пайда ницы æрхаста. Дыууæ азы фæстæ та, мæн фæрсгæ дæр ничи бакодта, цавæр у, цы мигæнæг у, уыдæй, афтæмæй йæ партийы обкомы хайады сæргълæууæгæй сæвæрдтой. Мæхинымæры бацин кодтон, кæй ахъуыдты уыл. Партийы обкомыл та фæхъуыдтæн, кадртæ куыд æвзарынц, æмæ сæ цавæр принциптæм гæсгæ æвæрынц куысты, уый фæдыл. Нинæйы фæстæ мæ хæдивæг уыдис æртæ азы дæргъы Фидараты Булат. Цалынмæ Мæскуымæ нæ ацыд ахуыр кæнынмæ, уæдмæ. Нæ ахастдзинæдтæ хорз уыдысты. Æз йемæ уыдтæн æргом ныхас. Куыд мæм каст, афтæмæй мын мæ хъуыдытæ, мæ ныхæстæ æмбæрста. Иу æмæ йын дыууæ хатты нæ ракодтон мæ зæрдæйы ныхæстæ, нæ республикæйы, нæ бæстæйы æдзæллаг уавæры тыххæй. Æз æмбæрстон, нæ бæстæ, ныр куыд дзурынц, афтæмæй йæ бынаты цоппай кæй кодта, уый. Уæдæ йын республикæйы хицауадæй дæр мæ хъæстытæ чысыл нæ фæкодтон. Æмæ-иу кæддæриддæр мемæ сразы. Булат Мæскуымæ куы ацыд, уæд ын партийы обком йæ бæсты нывæрдта Таутиаты Умары...

* * *

...Мæ роман «Куырды фырт»-æн йæ дыккаг чиныг рауагъдады уыдис 1980 азы пъланы. Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй йын йæ фыццаг вариант 1976 азы фыст куы фæдæн, уæд æй партийы обкомы фыдæнæн арф ранмæ басхуыстон. Ныр æй, 1980 азы райдианы, уæззау низы фæстæ. райстон æмæ йæ бацæттæ кодтон мыхуырмæ. Стæй йæ уыцы иу рæстæг бакæсынмæ радтон Бицъоты Грисæ, Джиоты Хазби æмæ Джыккайты Шамилмæ.

Уыимæ сæ алкæмæн дæр загътон:

— Дæ хорзæхæй, ацы къухфыст бакæс, æмæ кæд рауадзыны аккаг нæу, уæд мын æргомæй зæгъ.

Грисæ загъта:

— Ницы йын у.

Хазби та мын афтæ:

— Æмбисонды чиныг у.

Шамил загъта:

— Бæззы, мæ зæрдæмæ фæцыди.

Чиныг мыхуыргонд æрцыди 1980 азы. Равдыстон дзы алыхуызон социалон, политикон æмæ экономикон проблемæтæ. Мæхимæ гæсгæ дзы сфæлгонц кодтон, уыцы рæстæджыты царды арæх чи зынди, ахæмты. Цармæ акастæн, æцæгæйдæр куыд у, ахæм цæстæй. Мæ зæрды æппындæр нæ уыди нæдæр нæ цардарæзтæй æппæлын, нæдæр нæ партийы архайдæй, конкретон æгъдауæй та Цæгат Ирыстоны хъуыддæгтæй. Чиныг куы рацыди, уæд мæ бирæтæ фарстой:

— Хуыцау тыххæй, куыд æй рауагътой! Куыд бауæндыдтæ афтæ ныффыссын!

1981 аз чиныджы фæдыл фæзынди дыууæ егъау рецензийы. Иу дзы ныффыста поэт æмæ критик Гаджиты Георгий æмæ йæ ныммыхуыр кодта газет «Социалистическая Осетия»-йы, иннæйы та ныффыста Джыккайты Шамил æмæ рацыди «Рæстдзинад»-ы. Сæ дыууæ дæр чиныгæн скодтой стыр аргъ, чи зоны, цы аккаг нæ уыди, ахæм аргъ. Æз æмбæрстон, чиныг хъæндзинæдтæй иппæрд кæй нæу, аивадон æгъдауæй бынтон æххæст кæй нæу, уый. Цыбырдзырдæй ма йыл кусын хъуыд. Æмæ уæд мæ къухы цы нæ бафтыд, уый бакодтон фæстæдæр. Уæвгæ æрмæст уыцы чиныгæн нæ, фæлæ романы фыццаг чиныгæн дæр. Иу афæдзæй сыл фылдæр мæхи тухийæ фæмардтон æмæ мæнмæ гæсгæ, дзæвгар фæрæвдздæр сты. Роман сфæнд кодтон уырыссаг æвзагыл рауадзын. Хъуыдис мæ тæлмацгæнæг æмæ мын Хæблиаты Сафар æмæ ма ноджы чидæртæ загътой, зæгъгæ, дам, Гусалты Барисæй тæлмацгæнæг дæр нæй æмæ нæ уыдзæн. Æз æй нæ зыдтон раздæр. Цы гæнæг уыдис, цы ныффыста, цы стæлмац кодта, уымæн дæр ницы зыдтон. Рауагъдады Гусалты Барисимæ бадзырд сарæзтой æмæ уый тæлмац кæнын райдыдта. Фыццаг райдианты йæ куыст мæ зæрдæмæ цыди, стæй уæд романæй иу чиныг æнæхъæнæй куы стæлмац кодта, уæд хорзау нал уыдтæн. Роман бирæ рæтты тæлмац кодта оригиналæй аздæхгæйæ. Æз Барисæн загътон:

— Кæд тæлмац кæныс, уæд мæн. Оригиналæй мачердæм здæх. Мæн хъæуынц мæхи хъуыдытæ, мæхи фыстытæ.

Барис тæлмацгонд фæцис роман. Æз æй куы бакастæн, уæд мæ зæрдæ барызти. Рауагъдады хистæр редактор Хуыгаты Сергейæн та загътон, цæмæй тæлмацгонд æрмæг рецензи скæнынмæ арвитой Мæскуымæ. Сергей мæнмæ нæ байхъуыста, радта йæ Тотраты Русланмæ. Уый тæлмац банымадта ныммыхуыргæнæн кæмæн ис, ахæмыл. Рауагъдады уæды директор Икъоты Юрий æмæ сæйраг редактор Æгъуызарты Саукуыдзы æдзæлгъæд миты аххосæй цыппар азы дæргъы фæлæуууыди роман, стæй йæ пъланмæ бахастой. Æмæ йыл уæд редактор Калоты Дианæимæ дыууæйæ фæтухи кодтам авд мæйы дæргъы. Зæгъæн ис æмæ тæлмацæн йæ дзæвгар хай оригиналмæ гæсгæ фыст æрцыди ногæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, тæлмацгæнæг лæмбынæгдæрæй куы бакуыстаид, уæд чиныг хуыздæрæй æмæ афоныл рацыдаид, редакторы дæр афтæ бирæ фыдæбон кæнын нæ бахъуыдаид. Мæн дæр. Уæдæ ма уый зæгъын дæр мæ бон у æмæ уыцы авд мæйы мæстæй мæлгæйæ куы нæ фæеудхар кодтаин, стæй тæлмацгæнæг æмæ йе 'рдхæрдтæй кæйдæрты æдзæсгом дзæнгæда куы нæ хъуыстаин, уæд мæ 1989 азы паралич дæр нæ ныццавтаид.

1990 азы роман «Куырды фырт»-ыл тæрхон кодтой Мæскуыйы Фысджыты цæдисы æмæ дзы феппæлыдысты, йæ тæлмац та йын ам дæр тынг рафаудтой.

* * *

Нæхиуыл æгæр кæй ферварссыдыстæм идеологийы дæр, экономикæйы дæр, критикæ фаг кæй нæ уыд, уыцы уавæр республикæйы æвзæрын кодта, чи не 'мбæлд, нæ адæмæн æгады хос чи уыд, ахæм митæ. Сæ ныхмæ та тох фаг нæ уыди.

Ænæраст митæ кæй сбирæ сты, уымæн ма, æрхæссон иу къорд æвдисæны. 1981 азы фыццаг æмбисы хъуамæ уыдаид обкомы Пленум идеологон фарстаты тыххæй. Мæн фæндыди уым раныхас кæнын. Мæ зæгъинæгтæ мæ риуы, мæ зонды æгæр сбирæ сты. Республикæйы зæрдæхсаинаг хъуыддæгтæ дзæвгар уыди. Экономикæйы дæр, социалон хъуыддæгты дæр, идеологийы дæр. Обкомы секретарь Кучийы-фыртæн мæ фæндон бæлвырд кодтон. Уый мын афтæ:

— Ныхас чи кæндзæн, уыдоны бæлвырд кæны обкомы секретарь Мельникова.

Ænæбарыгомау Мельниковамæ бадзырдтон. Æз æй зонджын адæймагыл нæ нымадтон. Уый мын афтæ:

— Фарста Хъæбæлойы-фыртимæ алыг кодтам. Чи дзурдзæн, уыдон бæрæг сты. Ды цæуыл дзурынмæ хъавыс?

— Куы мæм байхъусат, уæд æй базондзыстут.

— Уæдæ уæд Хъæбæлойы-фыртимæ баныхас кæн. Мæ бон дын ницы у.

Ахæм бюрократон ракæ-бакæйы тыххæй æз ахъаззаг смæсты дæн, æмæ сæ ныхъхъуытты ꞁуагътон.

Хъуыды кæнын Партийы обкомы иу Пленум. Уым дæр ныхас цыдис идеологон фарстатыл. Доклад кодта обкомы фыццаг секретарь. Æз дæр раныхас кодтон.

— Акæсут-ма,— загътон æз,— æддагбæстон дарæс адæймаг фыццагдæр кæуыл фены! Базарады кусджытыл, стæй уæд хицауадыл, уæлдайдæр та сæ бинонтыл. Базæты цыдæриддæр хорзæй фæзыны, уыдонæн сæ сæртæ сисынц, сæ хъаймагъ ын бахæрынц, хицауадон бынæттæ чи ахсы, уыдон. стæй уæд се 'рдхæрдтæ, сæ хæстæджытæ. Æмæ уæд мах идеологон куыстыл куыд хъуамæ æуухæндой фæллойгæнæг адæм!

Хъæбæлойы-фырт уыцы Пленумы кæронбæттæны раныхас кодта:

— Æгъуызары-фырт рæстытæ дзырдта. Æцæгдæр ма нæм ис ахæм уавæр. Æмæ уыцы æвзæрдзинадимæ карз тох кæнын хъæуы. Мæхицæй куы зæгъон, уæд нæдæр мæ уæлæ, нæдæр мæ къæхтыл нæй æмæ нæ уыдис фæсарæнтæй ласт дарæс.

Мæхиуыл куы дзурон. уæд та афтæ зæгъдзынæн: 30 азы фæкуыстон Дзæуджыхъæуы æмæ 30 капеччы аргъ дæр никуы рахастон нæдæр скъладæй, нæдæр базæйæ.

...Партийы обкомы бюройы ныхас цыди расыггæнджыты ныхмæ тохыл. Бюромæ уыцы фарстайы тыххæй бирæ адæм æрбахуыдтой. Хъуыды ма кæнын, уæлдай фылдæр ныхас цыди Буроны цы профилактори ис расыггæнджытæн, уый хъæндзинæдтыл. Цыма уым уавæр куы снывыл уыдаид, уæд расыггæнджыты ныхмæ тохы æппæт проблемæтæ дæр лыггонд æрцыдаиккой, уыйау. Мæнмæ диссаг касти ахæм ныхасы уаг. Уалынмæ мæм партийы обкомы фыццаг секретарь баздæхти:

— Æгъуызары-фырт, уыцы хъуыддæгтæ телеуынынад æмæ радиомæ дæр хауынц. Ды та цы зæгъдзынæ!

— Мæнæн бирæтæй æнцондæр дзурæн у,— загътон æз.— Нуазгæ нæ кæнын. Фæлæ кæд хъуыддагыл æцæгæй дзурæм, кæд ныхас мидисджын цæмæй уа, уый нæ фæнды, уæд нæхицæй райдайæм. Алы хъуыддаг дæр хицауадæй аразгæ у. Уыдон сæхи куыд дарынц, фарстатæм цы цæстæнгасæй кæсынц, уымæй. Æмæ ма уæдæ зæгъут: хуыздæр æмæ кадджын-

дæр фынгтæ кæмæн æрцæттæ кæнынц горæтты дæр æмæ хъæуты дæр! Хицауадæн. Хуыздæр нозт кæй раз æрæвæрынц! Хицауады раз. Æмæ уæд афтæмæй нозты ныхмæ куыд тох кæнæм! Уæд афтæмæй мах ныхæстæм, мах уынаффæтæм чи байхъусдзæни! Ничи.

Мæ ныхас, бюройы чи бадти, уыдонæй бирæты зæрдæмæ, ай-гъай, нæ фæцыди. Æмæ уый фыццаг хатт нæ уыди. Ныхас «ме 'взаг — ме знаг», зæгъгæ, мæныл тынг хорз бадти кæддæриддæр. Æмæ йæ æмбæрстон, ме 'взаг æцæгдæр арæх ме знаг кæй уыд, уый. Иуæй-иутæм куыд каст, афтæмæй йыл кæм хъуыдис , уым хæцын нæ фæрæзтон. Æз та афтæ нымадтон: царды мæ архайд æмæ мæ ныхас хъуамæ иу уой. Æмæ кæддæриддæр тырныдтон æмæ тырнын уымæ. Фæлæ-иу ахæм хабæрттæ дæр рауад: хъæбæрæй, фидарæй, уæндонæй зæгъын хъуыди, æз та-иу мæхиуыл ныххæцыдтæн. Æмæ кæд истæуыл фæсмон кæнын мæ царды, уæд — алы хатт æргомдзырд кæй нæ уыдтæн, ууыл.

Ноджыдæр ма иу æвдисæн. Партийы обкомы бюройы ныхас цыди базарады дæвдтытæ, сæйдтытæ арæх кæй уыдысты, ууыл. Ныхас нытътъанг и, дзырдтой алыхуызон базаргæнджытыл, дуканитыл. Цыбырдзырдæй, агуырдтой аххосджынты. Æз дæр ныхасы бар ракуырдтон æмæ загътон:

— Иу организацийы дæр, иу куыстуаты дæр, иу колхозы дæр хуызæнæн æгъдау никуы уыдзæни, дæвдтытæ æмæ æндæрхуызон знаггаддзинæдтæ дæр сæфт никуы æрцæудзысты, йæ разамонджытæ уыцы хъуыддагимæ карзæй куы нæ тох кæной, уæд.— Уый охыл мæ хъуыды дзырдтон дарддæр.— Мах республикæйы къуымты агурæм давджыты æмæ сайджыты. Æмæ ахæмтæ базаргæнджыты 'хсæн æцæг дæр ма чысыл нæй. Æмæ уыдоны ныхмæ æнауæрдон, æвæлмæцгæ тох хъуамæ кæной базарады разамонджытæ. Æмæ уæдæ сæйраг аххосджынты искуыты цæмæн агурæм! Мæнæ ам сты, бюройы. Ам бадынц. Базарады министр æмбал Митин æмæ Фæлхасады Цæдисы сæрдар Моргойы-фырт. Цас зонын æмæ цас æмбарын, уымæ гæсгæ уыдоны æз нымайын сæйраг сайджытыл. Давджытæн сæйраг æххуысгæнджытыл.

Мæ ныхас, кæй зæгъын æй хъæуы, уæлдай тынгдæр нæ фæцыди Митин æмæ Моргойы-фырты зæрдæмæ. Моргойы-фырты цалынмæ йæ куыстæй систой, уæдмæ мæм дзургæ дæр нал кодта. Митин уымæй хиндæр уыд. Уый æнæдзурынджынтæй нæ хъазыди. Хъуыды ма кæнын: нæ республикæйы автономийы æртиссæдз азы бон Одинцов йæ доклады мæ кой дæр куы скодта, куыд фыссæг, афтæ, уæд мæм Митин æрбацыди, мæ къух мын райста æмæ мын арфæ ракодта. Фæлæ ма мæ уæддæр афарста:

— Так как же ты меня все ж таки назвал жуликом и пособником жуликов!

Æз дæр ын, мидбылхудтимæ, дзуапп радтон:

— Александр Петрович, ты же умный человек. Сам все хорошо понимаешь.

* * *

Партийы обкомы фыццаг секретарь Хъæбæлоты Билары æз нымадтон ахуыргонд æмæ курдиатджын адæймагыл. Йемæ фæкуыстон дæс æмæ ссæдз азы бæрц. Уыдон дæс æмæ ссæдз боны не сты. Мæхирдыгонау

мæм афтæ каст æмæ бамбæрстон тыхджын цы хъуыддæгты уыдис, уыдон дæр, фаг цы хъуыддæгтæ не 'мбæрста, фаг цы хъуыддæгтæм нæ арæхст, уыдон дæр. Абон дæр ма гдæймаг уый митæ, уый архайд, уый куыст æвзарын куы байдайы, стæй йæ уæд куы абары иннæ рæтты ахæм бынæтты чи куыста, уыдон цы митæ кодтой, уыимæ, уæд мæм афтæ фæкæсы, цыма партиондзинадæй бирæ æндæр кусджытæй æххæстдæр уыди. Æз уымæй никуы фехъуыстон национализмыл дзурæг чи уыдаид, ахæм ныхас. Мæнмæ гæсгæ хорз æмбæрста адæмты хæлардзинад цы у, уый. Фæлæ афтæ куы зæгъон, æмæ дзы иудадзыг дæр разы уыдтæн, зæгъгæ, уæд гæды ныхас зæгъдзынæн. Алкæд æмæ алы хатт разы нæ уыдтæн йæ ныхæстæй дæр, йæ митæй дæр. Фæлæ æргом зæгъын хъæуы: уый дæр мæнæй арæх нæ уыди разы. Æз афтæ дæр æнхъæл дæн æмæ уый мæнмæ бирæ æвзæрдæр цæстæй касти, æз æм куыд кастæн, уымæй. Уымæн æмæ уый тыххæй æз мæхæдæг цы уыдтон, уымæ гæсгæ кодтон хатдзæгтæ, уый та-иу мæн тыххæй арæх хатдзæгтæ кодта, æрмæст йæхæдæг цы уыдта, уымæ гæсгæ нæ, фæлæ мæн тыххæй уымæ цы хъастгæнджытæ, цы дзырдхæсджытæ цыди, уыдоны ныхæстæм гæсгæ. Уый фæдыл-иу хатгай хыл дæр раистæм. Уый дæр-иу мæм азагъд кодта, æз дæр-иу дзы фылдæр хатт хæсджынæй нæ баззадтæн.

Рахъаст-бахъаст æмæ рафысс-бафысс нæ уарзын. Республикæйы цы бирæ азты фæкуыстон, уыцы азты дæргъы партийы обкомы кусджытæй æмæ Министрты Советы кусджытæй иу дæр афтæ ничи зæгъдзæн æмæ æз искæуыл бахъаст кодтон, искæуыл хахуыртæ бахастон, ныффыстон, уæлдæйдæр та ме 'мкусджытыл. Уый хыгъд мын мæхиуыл фыстой, хъаст кодтой, уыимæ бирæ дзæбæхтæ кæмæн фæдæн, ахæмтæ дæр.

Иу æвзæрдзинад ма ахæм уыди. Æгкацы-фыртмæ дæр, Хъæбæлойы-фыртмæ дæр, стæй уæд обкомы иннæ бæрнон кусджытæм дæр. Цы адæймаджы тыххæй-иу сæм бацыдысты хъæстмæ, уымæ-иу цалынмæ хъастгæнæг уым уыди, уæдмæ никуы фæсидтысты æмæ никуы загътой, зæгъæм, мæнæ афтæ: Æгъуызары-фыртыл хъаст кæныс, æмæ дæ зæрдæмæ цыдæриддæр нæ цæуы, уый дзур мæнæ йæхи цур. Иу хатт дæр афтæ никуы бакодтой. Уый хыгъд-иу адæймагыл цъыфкалæн чи кодта, уымæ-иу лæмбынæг фæхъуыстой, йæ ныхæстæ-иу ын сæ зæрдыл бадардтой æмæ-иу сæ куы бахъуыдысты, уæд-иу сæ спайда кодтой адæймаджы ныхмæ.

Хатгай-иу мæм афтæ каст, цыма мыл Хъæбæлойы-фырт кæронмæ не 'ууæндыд. Æрхæсдзынæн та цæвиттонтæ.

1975 азы Фысджыты цæдис йæхи цæттæ кодта йæ радон съездмæ. Хъæбæлойы-фырты кабинеты æрæмбырд сты правленийы уæнгтæ, ноджы ма фысджыты цæдисы партогранизацийы секретарь Колесников, Девлет Гиреев, Плиты Грис, Кучиты Агуыбе, Тотраты Абхаз, Æмбырдмæ æрбахуыдтой мæн дæр. Хъæбæлойы-фырт бафарста:

— Куыд сты уæ хабæрттæ! Съездмæ куыд цæттæ стут! Мæнмæ Мæскуымæ дзурынц, æмæ уæм нæ уыдзынæн, фæлæ мæ фæнды уæ уавæр базонын.

Фысджыты цæдисы уæды сæрдар Темыраты Дауыт, журнал «Мах дуджы» редактор Цырыхаты Михал радзырдтой, зæгъгæ, дам, мах цæттæ стæм. Фысджытæ сæхи дарынц сабыр, куыд æмбæлы афтæ, æмæ нæ уырны, нæ съезд рæвдз кæй ацæудзæн, уый. Уыцы ныхæстæм ма сæ хъуыды-

тæ бафтыдтой Плиты Грис, Колесников, Гиреев æмæ ноджы æндæр чидæртæ. Æз сыстадтæн æмæ загътон:

— Бипар Емазаевич! Мæн та ацы хатт дæр дзурын бахъæудзæн бынтон æндæр хуызы. Фысджыты цæдисы уавæр хорз нæу. Радзур-бадзуртæ дзы бирæ ис. Афтæ мæм кæсы æмæ съезд ныр куыд нысан кæнынц, афтæ нæ ацæудзæни.— Бамбарын кодтон, цæмæн нæ ацæудзæн, уый дæр.

Мæ ныхмæ карзæй сдзырдтой дыууæ-æртæйæ. Уæлдайдæр Цырыхаты Михал. Дыккаг райсом мæм обкомы секретарь Кучиты Агуыбе фæсидти æмæ загъта:

— Хъæбæлойы-фырт Мæскуымæ ацыди. Мæнæн та ныффæдзæхста, цæмæй дын иу хъуыддаг бамбарын кæнон. Фысджыты съезд нывыл куы нæ ацæуа, уæд дын дæхи уырдæм сæрдарæй барвитдзысты.

— Æз дæр ын дзуапп радтон:

— Кæмæндæр, йæ бæхыл йæ бон нæ цыд æмæ йæ саргъы надта. Æз та цы аххосджын дæн, фысджытæй чидæртæ, сымах куыд фæнды, сæхи афтæ кæй нæ дарынц, уым!

Съезд æцæг дæр ма нæ ацыдис, куыд æй нысан кодтой, афтæ. Цæдисы правленимæ кæй хъуамæ равзæрстаиккой, уыдонæй цалдæр адæймаджы хъæлæс кæнгæйæ асхъиудтой. Сæрдарæй кæнынмæ кæй хъавыдысты, уый дæр нал бахауд правленимæ. Æз Цырыхаты Михалæн загътон:

— Цæй, чи нæ растдæр уыди! Ды æви æз!

Æмæ уæвгæ Михал уæд съезды куысты итогтыл йæ цæссыгтæ нæ калдта. Хъуыддаг афтæ рауад, æмæ правленийы уæнгтæм чи бахауд, уыдонæй сæрдары бынатмæ сæвзæрстой Цырыхаты Михалы.

Иуахæмы та Хъæбæлойы-фыртимæ не 'хсæн рауади егъау хъæлæба. Уый дæр кæйдæр дывзагон ныхæсты аххосæй. Хъуыды ма кæнын: обкоммæ мæм фæдзырдтой, фыццаг секретарьмæ. Бацыдтæн æм. Йæ кабинеты ма уыдысты обксмы секретарь Кучиты Агуыбе, пропагандæ æмæ агитацийы хайады сæргълæууæг Тотраты Абхаз, Министрты Советы сæрдары хæдивæг Ужегаты Солтан æмæ ирон драмон театры сæйраг режиссер Хуыгаты Геор. Салам сын радтон æмæ къулрæбын бандоныл мæхи æруагътон. Иуцасдæр ничи ницы сдзырдта. Цыдæр дызæрдыггаг сабыр уыдысты. Стæй æппынæрæджиау Хъæбæлойы-фырт загъта:

— Вам не кажется, товарищ Агузаров. что вы разлагаете Осетинский театр!

Æз дæр ын дзуапп радтон:

— Ацал-ауал азы телеуынынад æмæ радиойы Паддзахадон Комитет халын æмæ уый мæ къухы куы не 'фты, уæд ма ирон театрæн цы бакæндзынæн!

— Мах хынджылæг нæ кæнæм.

— Æмæ уæдæ кæд хынджылæг нæ кæнут, уæд мæн дæр не 'вдæлы дзæгъæлдзырд кæнынмæ. Хъуыддаг цæй мидæг и, уый мын бамбарын кæнут.

— Иу рæстæг уыди æмæ артист Икъайы-фырты куыстмæ райстай.

— Уыдис. Театрæй куы рацыд, уæд æй райстон. Æмæ уымæй цы аххосджын фæдæн!

— Ныр та Уататы Бибойы дæхимæ сайыс.

— Уататы Бибо мæм æрбацыд æмæ загъта: фæнды мæ сымахмæ кусын. Æз дæр ын дзуапп радтон: «Театры куынæуал кусай, уæд дæ райсдзыстæм».

Куыд бамбæрстон, афтæмæй мæ дзуаппытæ сæ зæрдæмæ нæ айстой. Æмæ та мын ногæй бакой кодтой ирон театр кæй халын, уый. Æмæ уæд æз дæр сыстадтæн æмæ хъæуы ма дæ, нал.

— Цы уæ хъæуы мæнæй! Цы мæ агурут! Иудадзыг мæ цы джыбы-джыбы кæнут! Æххуыс мын нæ кæнут æмæ уый æгъгъæд нæу! Кусын та мæ цæуылнæ уадзут! Мæ ныхмæ куы иу хъуыддаг æрæмысут, куы — иннæ. Уæ дзырдхæсджыты æххуысæй. Удхарæй мæ амардтат. Нал уæ фæразын!

Мæ ныхас ныр фæлмæн у. Фæлæ уым афтæ загъд кодтон, æмæ, æвæццæгæн, обкомы агъуысты бæзджын къултæ зыр-зыр кодтой. Хъæбæлойы-фырт ныхъхъус и, афтæмæй бадт æмæ кæдæмдæр къуыммæ касти. Иннæтæй дæр ничи ницыуал сдзырдта...

Ноджы ма дыууæ хъуыддаджы. Иу уыдис уый, æмæ æгæр сбирæ сты, йæхи Хъæбæлойы-фырты «хæстæг» кæнæ «æрдхорд» чи хуыдта, ахæмтæ. Иннæ та... Хъæбæлойы-фыртыл хъастгæнджытæ æмæ дам-думгæнджытæ сарæх сты, æмæ сæм æгæр здæхта йе 'ргом. Уыцы хъуыддаг фæстаг азты бæлвырд фæзынди йæ куыстыл, йæ уавæрыл, йæ архайдыл.

Фæлæ уæддæр Хъæбæлойы-фыртмæ лæгдзинæдтæ бирæ уыди. Иу хтат мын радзырдæуыд, зæгъгæ. дам, Хъодзаты Æхсары æмдзæвгæты фыццаг æмбырдгонд рауагъдад пъланмæ нæ хæссы. Æхсар мын йæхæдæг ницы загъта. Æз уæд Мæскуыйы ахуыры фæстæ кусгæ ницыма кодтон, афтæмæй Хъæбæлойы-фырты номыл фыстæг ныффыстон æмæ йæм бацыдтæн. Уый мын мæ фыстæг бакаст æмæ мын загъта:

— Ды ныффыстай, мæнæ-иу Горький Ленинмæ куыд фыста, афтæ. (Уымæй уый зæгъынмæ хъавыд, ома, Горький дæр официалон бынат нæ ахста, æз дæр, зæгъæн ис, æмæ уыцы рæстæг æгуыст уыдтæн).

Æз ын дзуапп радтон:.

— Билар Емазаевич, если вы сойдете за Ленина, то я тоже как-нибудь сойду за Горького.

Билар мæ курдиатыл ныффыста: Хъодзайы-фыртæн баххуыс кæнут.

Иу рæстæджы, æнхъæлдæн, 1963 азы Хъодзаты Æхсары цыдæр хъуыддаджы тыххæй педагогон институты студентты номхыгъдæй ацух кодтой. Æз æй куыстмæ райстон. Институты разамонджытæ мыл партийы обкоммæ бахъаст кодтой. Тотраты Абхаз мæ Хъæбæлойы-фыртмæ бакодта æмæ мын уым (Кучиты Агуыбе дæр уым уыди), мæ сæры магъз сдон кодтой. Домдтой, цæмæй Æхсары йæ куыстæй суæгъд кодтаин. Уæвгæ Хъæбæлойы-фырт ницы уыйас дзырдта. Фæстагмæ сын загътон:

— Уыцы лæппу курдиатджын у. Ахæмтæ хæрз стæм сты æмæ сын чысыл цыдæр митæ барын дæр хъæуы. Дзæбæх нæм райдыдта кусын æмæ йæ мæхи бар уадзут. Æз æй райстон æмæ йыл æз дзуапп дæр дæттын. Йæ куыстæй дæр æй не суæгъд кæндзынæн.

Билар мæм лæмбынæг фæхъуыста, стæй мæ фарс рахæцыд.

Æхсар махмæ баззад æмæ уыд тынг хорз редактор.

Уыдис æм ахæм хорздзинад Хъæбæлойы-фыртмæ: æнæ загъд, æнæ хъæлæбайæ, æнæ схъæл ныхæстæй йын дæ уавæр куы бамбарын кодтаис, дæ зæрдæйы ныхæстæ йын куы фæкодтаис, уæд дæ æнæ хуызæнæн дзуаппæй никуы рарвыстаид. Уарзта адæмы хъуыддæгтæ æвзарын дæр, адæмимæ ныхас кæнын дæр. Йæ ацы фæстаг миниуæгæй та ма йын пайда кодтой дызæрдыггаг адæймæгтæ дæр.

Иу æмæ дыууæ хатты не 'рыхъуыстон мæхи тыххæй, зæгъгæ, дам, Хъæ-

бæлоты Биларимæ æрдхæрдтæ сты. Æвæццæгæн æмæ æрдхорддзинад алчи дæр йæхирдыгонау æмбары. Æз Биларимæ дзаг фынгты уæлхъус нæ бадтæн, йемæ балцы дæр никуы уыдтæн. Куысты мидæг та, ай-гъай нæ ахастдзинæдтæ уыдысты хъуыддагæн хуыздæр куыд уыд, афтæ. Фæлæ æз бæлвырдæй Хъæбæлойы-фыртæй исты æвзæрдзинæдтæ куы зыдтаин, æнаккаг митæ, уæд дзы ме сæфт федтаин, фыдызнаджы цæстæй йæм акастаин...

Уæвгæ та Хъæбæлойы-фырты тыххæй æвзæр фауæн ныхæстæ иу æмæ дыууæ хатты не 'рыхъуыстон, зæгъæм, Токаты Асæхæй, Дзасохты Музаферæй, Айларты Измаил æмæ æндæртæй. Уымæ гæсгæ 1984 азы мæ роман «Хæххон доны уынæрыл» куы куыстон, уæд ныхас кодтон обкомы фыццаг секретарь Одинцовимæ Хъæбæлойы-фырты тыххæй. Нæ цуры, уыди Хъесаты Валодя, йæ æххуысгæнæг. Æз æй бафарстон:

— Хъæбæлойы-фырт æнаккаг митæ кæй кодта, уый тыххæй сымахмæ исты факттæ ис!

Уый мын дзуапп радта:

— Ды цы зоныс, æмæ иннæ партион кусджытæ цы зонынц, уымæй уæлдай махмæ дæр ницы ис. Цыдæриддæр уыд, уыдон загъд æрцыдысты партийы обкомы фæндзæм Пленумы. Хъæбæлойы-фырты йæ куыстæй кæм систой, уым.

Уæвгæ та, ноджыдæр ма йæ зæгъын, Хъулы-фырт дæр, Æгкацы-фырт дæр æмæ Хъæбæлойы-фырт дæр æнæхай нæ уыдысты, сæ рæстæджы ахæм разамонæг кусджытæм цы хъæндзинæдтæ, цы рæдыдтытæ уыдис, уыдонæй.

* * *

1981 азы октябры мæйы дыууæ къуырийы фæдæн Ереваны. Уым уыдис Æгпæтцæдисон телевизион фильмты фестиваль. Уыдтæн дзы аивадон кинонывты жюрийы уæнг. Фестиваль ахицæн. Мах кинотæй иуæн («Кольцо старого шейха») приз радтой æмæ иу майрæмбоны нæхимæ рацыдтæн. Æрхæццæ дæн( хæрзæнафон. Дыккаг райсом, уыцы аз цы киноныв истам, «Буйный Терек», уый сценарий мемæ райстон. (Ереваны ма йыл дыууæ къуырийы дæргъы изæрыгæтты фæкуыстон) æмæ горæты фæлладуадзæн парчы 'рдæм рацыдтæн. Уым парчы дирекцийы агъуысты нæ адæм истой ног киноныввы къорд ахсджиаг эпизоды. Цæуын, кæсын. Парк адæмæй æмызмæлд кæны. Хъуысы автоматты къæр-къæр, хъæртæ, дзолгъо-молгъо. Нæ адæм кино кæм истой, уырдæм бацыдтæн, фæлæ уым ничи разынди. Æмæ уæлдæр ссыдтæн. Бирæты 'хсæн бафиппайдтон нæ республикæйы зындгонд поэттæй дыууæйы. Фæрсын сæ:

— Цы у, цы хабар у! Цы кусынц!

Уыдон мын дзуапп радтой:

— Цы хъæуы, уый кусынц.

Мæ тъæнгтæ мын ацагъта уыцы дзуапп. Сæ цурæй рацыдтæн æмæ æмбæлдтæн Хуыгаты Валодяйыл, мæ рагон æмбал æмæ газет «Рæстдзинад»-ы кусæг.

— Валодя, цом ма обкомы 'рдæм.

Парчы асинтыл бынмæ ныххызтыстæм æмæ къахвæндагыл ацыдыстæм. Паркæн йæ уыцы хай дæр æмызмæлд кодта æрытон фæсивæдæй. Кæмæн йæ къухы — рейкæйы саст, кæмæн — дур. Зыгъгъуытт кæнынц. Сæ скомком-

мæ та лæууыдысты хæстон училищейы курсанттæ. Иуæй-иутæн дзы сæ сæртæ бæстытæ, кæмæдæрты дзы автоматтæ хус гилдзытимæ æмæ уыдонæй къæр-къæр кæнынц. Мах куы фæецæйцыдыстæм, уæд нæ цурты сызгъордтой иу-цалдæр æрыгон лæппуйы æд лæдзджытæ æмæ дуртæ. Æз сæм сдзырдтон.

— Лæппутæ, цы ми кæнут! Цы уыл æрцыди!

Мæ ныхас куы айхъуыстой, уæд дын нæ сæ иутæ дуртæй куы æрбахсиккой. Иннæтæ, иукъордæй, нæ алфамблай амбырд сты. Иу мын мæ рахиз къух рейкæйы састæй æрдаудта. Мæ хистæр æнгуылдзы цъар астыхст, йæ туг фемæхсти. Мæ къухы уыдис, раздæр цы сценарийы кой скодтон, уый. Йæ сыфтæ зæхмæ æркалдысты. Иннæ лæппутæй та мын иу мæ сæрыл æрцæйуагъта ставд рейкæйы саст... Æмæ йæ Володя ацахста.

Дардæй та ма мæ хъустыл ауади.

— Цæвут сæ... Уыдонæй сты.

Мах тæссаг уавæры кæй бахаудтам, уый куы федтой не скомкоммæ цы курсанттæ лæууыдысты, уыдон, уæд сæхи махырдæм рауагътой. Фыдбылызгæнджытæ лидзæг фесты. Фæлæ курсанттæ дæр, денджызы уылæнау, фæстæмæ азгъордтой. Æмæ та уæд фыдбылызгæнджытæ дæр бацырын сты. Мæнæн мæ гæххæттытæм æргуыбыр кæнын дæр мæ къухы нал бафтыд, афтæмæй курсантты фæстæ лидзæг фестæм. Партийы обкомы æрбакомкоммæ парчы цы бирæ адæм æрæмбырд, уыдоны 'хсæн ма федтон дыууæ зындгонд артисты. Уыдон дæр, бирæтау, дзæгъæл хъæр кодтой. Мах сæ цурты фæцыдыстæм обкоммæ.

Æппæт уыцы хъуыддæгтæ цæмæй ахицæн сты, уый зындгонд у æмæ сыл бирæ нæ дзурдзынæн. Æрмæст мæ зæгъын фæнды уый, æмæ, æвæццæгæн, чидæртæ хорз бацархайдтой хъуыддæгтæ цæмæй афтæ бамтъеры уыдаиккой, уый тыххæй. Уый иу. Дыккагæй та партийы обкомы, Министрты Советы æмæ Сæйраг Советы Президиумы разамынд, мæнмæ гæсгæ, фаг аргъ не скодтой уæд Горæтгæрон районы цы зиан æрцыди, уымæн. Цыбырдзырдæй, фаг къæрцхъусдзинад нæ равдыстой. Къуырма разындысты æдасдзинад хъахъæнынады оргæнтæ дæр. Партийы Центрон Комитет аккаг уынаффæ рахаста Орджоникидзейы цауты тыххæй.

Хъæбæлоты Билар уæгъдгонд æрцыди Обкомы фыццаг секретары бынатæй æмæ йын йæ бæсты партийы Центрон Комитет снысан кодта Одинцов Владимир Евгенийы фырты. Мæ зæрдæмæ нæ фæцыд ахæм уынаффæ. Æз æфтæ банкъардтон, цыма иронæн йæ партион билет ныллæгдæр æвæрд цæуы, уырыссаджы партион билетæй. 1944 азæй фæстæмæ нæ обкомæн йæ фыццаг секретарьтæ уыдысты ирæттæ. Æмæ уый уыдис раст. Ирыстоны бирæ сæрæн æмæ зонджын лæгтæ, интернационалисттæ бахъомыл Советы дуджы, ахуырады æмæ практикон æгъдауæй дæр йæ бон кусын кæмæн уыд, партийы амынддзинæдтæ æнтыстджынæй чи æххæст кодтаид, ахæмтæ.

Иуæй-иутæй-иу æрыхъуыстон ахæм ныхæстæ, зæгъгæ, дам, уæлдай нæу нæ республикæйы партион организацийы сæргъы цы адæймаг лæууы, уый кæцон у, цы адæмы хаттæй у, уый. Æз та афтæ нæ нымадтон. Ленины национ политикæ куыд дзуры æмæ куыд амоны, уымæ гæсгæ алы национ республикæйы дæр сæйраг разамонджытæ хъуамæ уыдаиккой бынæттон адæмыхаттæй. Уый тыххæй æмæ уыдон хуыздæр æмбарынц сæ адæмы традицитæ, сæ адæмы зондахаст, зæрдæйы уаг, тырнындзинæдтæ. Хъуыддаг афтæ кæй у, уый бæлвырд равдыста Одинцовы архайд дæр.

Мах обкомы ма иннæ бæллæх та уыди уый, æмæ кадртæ æвзарыны

хъуыддаг кæмæ хауди, кадрты политикæ чи æххæст кодта, уыцы секретарь дæр уыди уырыссаг — Мельникова Антонина Илларионы чызг. Æмæ, бæргæ, исты растзæрдæ æмæ зонджын куы уыдаид, фæлæ мæнмæ гæсгæ, уыди æдылыгонд æмæ шовинист арæзт. Ирон адæммæ былысчъил хуызæй касти. Уæвгæ та уыцы зæрдæйы уаг æмбæхсын зыдта, фæлæ йæ практикон куыстыл æнæ зынгæ нæ уыди. О, æмæ ныр Одинцовæн йæ сæйрагдæр уынаффæгæнæг кадртæ æвзарыны хъуыддаджы сси уыцы Мельникова.

Одинцовы архайды та бафиппайдтон иу ахæм миниуæг: бирæтæ дзы тынг тарстысты йæхи куыд дардта, бюроты æмæ Пленумты куыд карзæй ныхас кодта, уымæ гæсгæ. Республикæйы экономикæйы æмæ культурæйы рæзтæн та ницы фæахъаз, афтæмæй йæхи уынаффæгæнæг кодта, кæм ницы æмбæрста, ахæм хъуыддæгты. Ис ахæм ныхас, зæгъгæ, дам, «в чужой монастырь со своим уставом не ходят». Одинцов та махмæ æрбацыди йæхи уставимæ æмæ архайдта нæ адæмы традицитæ куыд амыдтой, афтæ нæ, фæлæ йæхæдæг куыд зыдта æмæ йæ цыбыр зонд куыд ахста, уымæ гæсгæ. Æрхæсдзынæн дыууæ дæнцæджы.

1982 азы январы хъуыддæгты фæдыл ацыдтæн Мæскуымæ. Фæстæмæ куы сыздæхтæн, уæд мын мæ куысты рахъаст кодтой:

— Дæ фæстæ нæм летучкæмæ æрбацыди партийы обкомы мыхуыры, радио æмæ телеуынынады секторы сæргълæууæг Дзатцеты Тамарæ æмæ нæм дзы дзæбæх радта.

— Цæй тыххæй! — бафарстон æз.

— Телеуынынады равдыстам концерт «По вашим письмам». Уым уыдис ирон мыггæгтæ, уырыссаг мыггæгтæ, фæлæ дзы мæхъæлæтты кой не скодтам. Уыдонæй нæм ничи ныффыста. Æмæ, дам, Тамарæ, загъта, зæгъгæ, уый у политикон куырмдзинад.— Кæй зæгъын æй хъæуы, Тамарæ уыцы ныхæстæ йæхи зондæй нæ кодта. Уыдон рацыдысты обкомы фыццаг секретарæй. Тамарæ ма ноджыдæр хъæлæба сарæзта Цæгат Ирыстоны радио алы райсом дæр ирон музыкæ кæй дæдты, ноджы ирон зарджытæ, уыимæ Плиты Иссæйы зарæг дæр, маршал Жуковыл, дам, куыкæ ис зарæг. Ноджы уæд нæ радио æмæ телеуынынады, обкоммæ гæсгæ, иронау æгæр бирæ кæй дзырдтой, уый фæдыл дæр.

Радиойы мæ хæдивæг Дзасохты Музафер мæн ссыдмæ дæр нал банхъæлмæ каст, афтæмæй программæйæ систа ирон музыкæ æмæ ирон зарджытæ, цыма уырыссаг музыкæ Мæскуыйы радио æмæ телеуынынад чысыл лæвæрдтой. Цыма уырыссæгтæ цæмæ хъуыстаиккой, уый нæ уыди.

Æз Тамарæмæ телефонæй бадзырдтон æмæ йын загътон:

— Æнæ мæн ма искуы ахæм æнæсæрфат амынддзинæдтæ куы радтай, уæд дæ бынтондæр масты хай бакæндзынæн.

Иукъорд боны фæстæ нæ Комитеты уыдис партион æмбырд. Обкомы фæндзæм Пленумы хатдзæгты фæдыл нæм доклад кодта партийы обкомы секретарь Кучиты Агуыбе. Йемæ 'рбацыди Дзатцеты Тамарæ дæр. Æз дæр æмбырды, иннæтау, загътон, зæгъгæ, 1981 азы октябры Дзæуджыхъæуы цы цаутæ æрцыдис, уыдон æгады бынаты сæвæрдтой ирон адæмы, республикæйы партион организацийы. Уый фæстæ æз тынг мæстыйæ дзырдтон, ам куы нæ уыдтæн, уæд обком цы амынддзинæдтæ радта телеуынынад æмæ радиойы кусджытæн, уыдоны ныхмæ.

— Цалынмæ кусын, цалынмæ пенсимæ нæма ацыдтæн, уæдмæ æз иунæг минут дæр нæ фæкъаддæр кæндзынæн ирон æвзагыл телеуынынады равды-

стытæ дæр æмæ радиойы æрмæг дæр, фылдæр ма сæ цы фæкæнон, æн-дæр. Уæдæ нæ фæкъаддæр кæндзынæн ирон музыкæ дæр.

...Куыд зонæм, афтæмæй иуахæмы Одинцов баздæхт æмæ цæхгæр æрæ-вæрдта ирон адæмы цардыуаджы, уымæ гæсгæ, цы æнæгъдау, æвзæр митæ уыдис, уыдоны ныхмæ тох кæныны фарста. Æрæмбырд кодта республикæйы зындгонддæр, дзырддзæугæдæр адæмы, ахуыргæндты æмæ сын бафыссын кодта Ирон адæммæ сидт, уымæ гæсгæ, чи нæ бæззы æмæ зиан хæссæг чи у, ахæм æгъдæутты ныхмæ тох кæныны тыххæй. Уыцы сидты амынд цы-дис чындзæхсæвтæ куыд аразын хъæуы, зиан ныгæныны æгъдæуттæ куыд æххæст кæнын хъæуы æмæ бирæ æндæр ахæмтæ. Кæд хъыгаг у, уæддæр Одинцовы фарсмæ чи куыста, уыцы ирæттæй дæр бирæтæ, æз фæраздæро-нæй кодтой йе 'мзард. Уыцы рæстæджы газеты фæрстыл дæр, радио æмæ телеуынынады дæр бирæ дзырдтой, ирон адæммæ цы алыхуызон бæрæг-бæттæ ис, уыдоны ныхмæ. Цыма иннæ адæмтæ ахæм хъуыддагæй иппæрд уыдысты. Абон дæр ма мæ нæ рох кæны иу хатт газет «Социалистическая Осетия»-йы цы æрмæг бакастæн, Н. Бетчер йæ автор кæмæн уыдис, уый. Цæвиттон, уæд тох цыди зиантæм цæуыны тыххæй æхсæнадон транспортæй пайда кæныны ныхмæ дæр. Æмæ Бетчер йе статьяйы афтæ фыста, зæгъгæ, дам, æз иу автобусмæ куы бакастæн, уæд дзы бадтысты бирæ зæронд сыл-гоймæгтæ æмæ, дам, сын æз хуымæтæджы пассажиртæ æнхъæл уыдтæн, уыдон та, дам, паддзахадон автобусы цыдысты хист хæрынмæ. Зиан æвæрын-мæ нæ, фæлæ хист хæрынмæ! Акса-ма, Бетчермæ гæсгæ ирон зæронд сыл-гоймæгтæ иу хъæуæй иннæмæ тагъд кодтой фæйнæ сыкъайы баназынмæ.

Одинцовы рæстæг уæлдай тынгдæр хъыгдард æрцыдысты радио æмæ телеуынынады куыст. Одинцовы амындмæ гæсгæ мæ фæстæ Республикæйы телеуынынады æвдыст нал цыдысты аивадон æмæ документалон кинонывтæ дæр, уыимæ нæхи студи кæй сарæзта, уыдон дæр. Махмæ, нæ республикæ-йы, аивадон кинонывтæ аразын кæй райдыдтой, уый æз нымадтон æмæ ныр дæр нымайын нæ культурæйы ахсджиагдæр бавæрæнтæй иуыл. Абарæн ын ис Ирыстоны ирон театры равзæрдимæ. Фæлæ, акса-ма, Одинцовы ирон царды фæдыл арæзт кинонывтæ ницæмæн хъуыдысты. Æмæ Одинцовыл сыгъд ссæуæд, фæлæ мæнæн тынг зын уыдис, нæхимæ дæр, ахæм одинцов-тæ кæй фæзындис, уый.

...1987 азы сæрдыгон, изæрырдæм нæ горæты сæйраг уынджы фембæл-дтæн профессор Мæхæмæтты Ахуырбегыл. Уый мын стыр диссагæн ра-дзырдта:

— Одинцовæй рацыдтæн, йемæ дзæвгар фæныхас кодтон,— Ахуырбег йæ цæстытæй бахудти, æрбакасти мæм æмæ йæ ныхас кодта дарддæр.— Цы-бырдзырдæй, æнæнхъæлæджы хатдзæгтæм æрцыдтæн.

— Куыд дæм фæкасти? — афарстон æй æз.

— Фæлтау æм куы нæ бацыдаин.

— Уагæры цы 'рцыди?

— Цæугæ ницы... Хъæбæлойы-фыртимæ мæ ахастдзинæдтæ хорз зоныс, æвзæр уыдысты, тынг æвзæр. Фæлæ дын ныр зæгъдзынæн: Одинцов Хъæ-бæлойы-фыртæн æххуысгæнæгæн дæр нæ бæззы.

* * *

Чысыл раздæр цы партион æмбырды кой скодтон, уый фæстæ мыл чидæр сусæг писмо арвыста Одинцовмæ. Зылын мæ кодтой алы алцæмæйты, ноджы мæ схуыдтой националист.

Фыстæг сбæрæг кæнымæ æрбарвыстой партийы обкомы агитаци æмæ пропагандæйы хайады сæргълæууæджы хæдивæг Сазыкин Петрмæ. Цы сбæлвырд кодта, цы базыдта, цы ныффыста, уый тыххæй мæнæн ничи ницы загъта, фæлæ бирæтимæ ныхас кодта, бирæты фарста, суанг ма æмбырд дæр сарæзта æмæ уым æвзæрстой цы дæн, цавæр дæн, чердыгон дæн, уыдæттæ. Мæ ныхмæ чи дзырдта, уыдонæй бахъуыды кодтон æртæйы: Уырымты Петройы, Хъайтыхъты Ленæйы, Выходцовайы. Уыцы хинæ дæр аныхъуырдтон. Уый фæстæ уыдис партийы обкомы æхсæзæм Пленум. Æмæ уым докладгæнæг, партийы обкомы фыццаг секретарь Одинцов, критикæ кодта бирæты, уыимæ газетты дæр, телеуынынады æмæ радиойы дæр. Ноджы афтæ загъта, зæгъгæ, дам, бынæттон телеуынынады цæмæн хъæуы кинонывтæ исын æмæ æвдисын! Уыдоны бæсты дæр, дам, хъæуы интернационалон хъомылады фæдыл равдыстытæ дæттын. Ома, мах цы æртæ сахаты куыстам, уыцы рæстæг æрмæстдæр дзургæ, дзургæ æмæ дзургæ...

Æхсæзæм Пленумы Одинцовы доклады мах тыххæй цы æнæраст критикон фиппаинæгтæ уыд, уыдоны фæдыл ныффыстон СЦКП-йы обкомы фыццаг секретарьмæ. Æмæ йын фидарæй бамбарын кодтон нæ куысты уавæртæ, пълантæ, стæй уæд мах аивадон равдыстытæ, уæлдайдæр ирон æвзагыл, ноджы кинонывтæ куы скуынæг кæнæм, уæд нæм телеуынынадмæ кæсджытæ ахъаззаг кæй смæсты уыдзысты, уый. Фæлæ куыд базыдтон, афтæмæй цы гæххæтт арвыстон, уый фæдыл мæм обкомы хицауад хæрам цы фесты, æндæр мæ æмбаргæ нæ бакодтой. Æмæ æз дæр загътон: «Джызæлы гауарда! Сымахæй цас тагъддæр фервæзон, уыйас хуыздæр». Мæ бынаты мæм кусыны зæрдæ нал уыдис. Уæлдæр куыд дзырдтон, афтæмæй мæ хъустæ дæр фæсахъат сты æмæ сфæнд кодтон курдиат ныффыссын, мæ куыстæй мæ цæмæй суæгъд кæной, уый тыххæй. 1982 азы апрелы бацыдтæн Министрты Советы сæрдар Цæгæраты Михалмæ. Уымæн æмæ уæды рæстæг обкомы идеологон секретарь дæр нæма уыдис. Иннæ секретарьтæм та мæ бацæуын нæ фæндыди. Михалæн мæ хъуыды бамбарын кодтон. Уый мæм фæхъуыста, стæй уæд мын сындæггай дзурын райдыдта:

— Дæ куыстæй ацæуыны тыххæй курдиат ма бадæтт. Уæд дæ хъуамæ исчи галиумæ дæр бамбара. Зæгъа, республикæйы разамынды ивддзинæдтæ кæй æрцыд, уый фыдæнæн цæуы йæ куыстæй. Фæлтау фыццаг секретарьмæ бацу, радзур ын, цæуыл кусут, уыдæттæ. Байхъус ын йæ уынаффæтæм, афтæ растдæр уыдзæни. Дæ куыстæй та ма ацу.

— Мæ пенсимæ цæуыны рæстæг дæр æрхæццæ. Стæй рынчын дæн. Иуæй мæ хъустæ, иннæмæй та ма ныр дæр мæ фарсæй дон цæуы. Фыццаг секретарьмæ дæр нæ бацæудзынæн.

— Нæ, уæддæр курдиат ма бадæтт. Кæд дын, мыййаг, сæхæдæг зæгъой, уæд æндæр хъуыддаг у.

Цæгæраты Михалмæ уал байхъуыстон. Фæлæ уæддæр мæхинымæры скарстон пенсимæ ацæуын. Ахæм уынаффæ мæ бинонтæн дæр æхсызгон уыд. Æрмæст мæ Комитетæй бынтон ацæуын нæма фæндыди. Мæ зæрды ма уыди, бирæ азты цы хъуыддаджы фæтухи кодтон, ме 'нæниздзинад тынг-

дæр цы хъуыддаджы фæдыл ныкъкъахыртæ, уым бакусын — Комитеты документалон æмæ аивадон киноты редакцийы. Уæвгæ мæм уыцы хъуыды раджы фæзынди. Æмæ, æвæдза, кинойы арæзтадтæ раздæр куы срæвдз уыдаиккой, уæд æппындæр ницæмæуал фæкастаин, афтæмæй Паддзахадон комитеты сæрдары бынатæй ацыдаин кинoредакцимæ. Фæлæ нæ арæзтад нытътъанг, æмæ тарстæн, сæрдары бынатæй куы ацæуон, уæд ноджыдæр куы ныкъкъуылымпытæ уа, уымæй.

Рацыди ма иуцасдæр рæстæг. Иу бон дын мæм пропагандæ æмæ агитацийы хайады ног сæргълæууæг Гокъоты Хадзымурат телефонæй куы 'рбадзурид, ардæм ма рацу, зæгъгæ. Æз æм ныццыдтæн. Уый йæхи ралхъивбалхъив байдыдта, цыдæртæ дзурынмæ хъавыд, фæлæ сæ кæронмæ нæ дзырдта. Æз æй бамбæрстон, мæн мæ куыстæй ацæуын кæй хъæуы, уый. Æмæ йын загътон:

— Хæрæг ратæра дæ ратæрæг. Цы зæгъыс, уый ма хуызæнæн зæгъ. Стæй уæд ды цæмæн дзурыс мемæ! Къонийы-фырт кæм ис!

— Йæхимæ.

— Цом ма уæдæ уымæ.

Къонийы-фыртмæ бацыдыстæм æмæ загътон:

— Уыцы бынатæй тынг æхсызгонæй ацæудзынæн. Æрмæст иу хъуыддаг: кæд гæнæн ис, уæд уым кинoредакцийы кусгæ куыд баззайон, афтæ.— Æнæ гæды ныхасæй йæ абон дæр зæгъын: æз дзы цас сарæзтон, æмæ ма дзы ноджыдæр цас сарæзтаин, уый бæрц йæ бон нæ бауыдаид, уырдæм сæйраг редакторæй чи бацыдаид, уымæн. Æгæр бирæ дзы хъуыди фыдæбон кæнын.

— Табуафси,— загъта Къонийы-фырт,— кæд дæ афтæ фæнды, уæд. Гокъойы-фырты зæрдæмæ дæр бацыди мæ хъуыды. Курдиат ныффыстон æмæ мæм иу бон обкомы бюромæ фæсидтысты. Фыццаг секретарь Одинцов сыстад æмæ бирæ былсæрдæн ныхæстæ загъта мæн тыххæй. Ноджы ма афтæ:

— Мы с Вами не прощаемся. Вы будете работать там же, в Комитете и. надеюсь, окажете хорошую помощь новому руководству.

Ног сæрдар Фидары-фырт кусын цы бон байдыдта, уыцы бон æй бафарстон, зæгъын, æз куыд кæнон, кусын райдайон æви уал мæ фæллад суадзон. Уый дын мын афтæ:

— Ацу æмæ дæ фæллад уадз.

— Ам ма кусдзынæн, æви нал!

— Нал...

— Ау, куыд нал! Партийы обкомы фыццаг секретарь бюройы афтæ куы загъта.

— Уым ныхæстæй фылдæр цы вæййы. Сæ дзырд аивтой.

Мæхинымæры ирон аивадон кинойæн мæсгуытæ фæамадтон. Секъайы «Азау», Плиты Харитоны «Сæлимæт», Уырыймæгты Езетханы зындгонд роман, Дарчиты Дауыты «Гæмæт», чи зоны, Нарты кадджытæ дæр... кинойы æвзагмæ раивын. Ныр мын уыцы мæсгуытæ хус змисау æрызгъæлдысты. Мæ дарддæры цард мæм галаганы аргъ дæр нал каст.

Фыццаг бонты ахъаззаг мæсты кодтон.

Стæй ме 'нæниздзинадыл, мæ литературон хъуыддæгтыл куы 'ртæрхон кодтон, уæд æрцыдтæн ахæм хъуыдымæ, зæгъгæ, хуыздæр уыд, уым кæй нæ баззадтæн, уый. Нырæй размæ дæр ма дзырдтон: официалон уæззау

куыст æмæ фыссæджы куыст дыууæ иумæ хуызæнæн хæссын адæймаджы бон нæ вæййы. Кæнæ иу — кæнæ иннæ. Фидараты Булатимæ та нæ ахастдзинæдтæ сты тынг хорз.

Телеуынынады æмæ радиойы куы нæуал кусын, уæдæй нырмæ мын фадат фæци мæ литературон хъуыддæгтæм лæмбынæгдæрæй æркæсынæн. 1982—1983 азты ногæй средакци кодтон «Куырды фырт». Уыцы азты ма ныффыстон повесть «Чабæхан», киноповесть «Æхсарджынты кадæг». Уый фæстæ фыссын райдыдтон роман «Хæххон доны уынæр». Фæлæ та уалынмæ 1985 азы кæронмæ ахъаззаг æрбарынчын дæн. Мæскуымæ ацыдтæн рынчындонмæ, фæстæмæ сыздæхтæн 1986 азы. Тыхамæлттæй ма мæ бон баци роман «Хæххон доны уынæр»-ыл куыст кæронмæ ахæццæ кæнын æмæ повесть «Чабæхан»-имæ иу чиныджы мыхуырæй рацыдысты 1986 азы. Уыцы чиныгæй дæр тынг разы нæ дæн.

1990 азы кусын райдыдтон ног романыл. Ныр ма уал хуыйны «Тулы царды цалх»...

...Кæй зæгъын æй хъæуы, æдылы митæ дæр кодтон æмæ рæдигæ дæр. Ноджы иу æмæ дыууæ хатты нæ. Мæхи удæн зианхæссæг чи уыд, ахæм миниуæг мæм уыди цæрæнбонты дæр. Ме рагъмæ истон, цас æмбæлд, уымæй фылдæр уаргъ. Æмæ афтæмæй царды гуыргъахъ фæндæгтыл цæуын зын у. Царды ме 'мдзугæнджытæй та бирæтæм кæддæриддæр лæмбынæг кæстæн. Æз дæр цæуын, уый дæр цæуы, æз дæр цæрын, уый дæр цæры. Æз мæ уаргъы бын тыхулæфт кæнын, æмæ афтæмæй цæуын размæ, чидæр та æнцонæй згъоры мæ фарсмæ. Уæвгæ ахæм æмбæндаггонтæй дæр бирæтæ сæхи ефтæ февдисынц, цыма уыдоны уаргъ дæр æгæр уæззау у, цыма уыдон дæр сæ хæссинаг тыххаст кæнынц. Мæнмæ гæсгæ та тыххастгæнджытæ уыйбæрц бирæ не сты. Царды фæндæгтыл æнцонæй чи цæуы, куыд фæзæгъынц, æхситтæй заргæ, уыдон дзæвгар фылдæр сты.

Цæсгом... Æгæр зын у ууыл дзурын. Æгæр бирæ ахадындзинад ис уыцы ирон ныхасмæ. Æгæр бирæ амоны адæймагæн. Фæлæ хъыгаг кæд у, уæддæр цæсгæмттæ æгæр алыхуызон сты. Адæм сæхæдæг куыд сты, уыдон дæр ефтæ. Цæрæнбонты мæхицæй дæр æфсæрмы кодтон. Цæрæнбонты дæр мæм афтæ касти: чысыл кусын. Фаг нæ арæхсын, мæ хъарутæ фаг не сты, цы бынат ахсын, уымæн. Иудадзыгдæр мæхи хæсджыныл нымадтон адæмы раз. Уый охыл цæргæ-цæрæнбонты дыууæрдæм тох кодтон, дыууæ «фронты». Иуæй — мæхи æнæсæрæндзинæдты, мæхи хъæндзинæдты ныхмæ. Иннæмæй — мæ алыварс кæй уыдтон, мæ куысты, мæ архайды мæ чи хъыгдардта, уыдоны ныхмæ.

Иудзырдæй, мæхи бадомдтон, мæхи удхарæй фæмардтон.

* * *

Коммунистон партийы Центрон Комитет цы рацарæзт расидти, уый æгъдæуттæм гæсгæ Одинцовы хуызæттæ хъуамæ мауал уыдаиккой национ республикæты парторганизациты сæргъы. Æмæ тынг раст бакодтой, Одинцовы йæ бынатæй кæй суæгъд кодтой æмæ йын йæ бæсты, куыд фæзæгъынц, не 'мтуг, не 'мстæг адæймаг Дзасохты Алыксандры кæй сæвæрдтой, уымæй. Æз æй зонын йе 'рыгон бонтæй фæстæмæ зонджын æмæ 'мбаргæ адæймагæй.

Республикæйы фæллойгæнджытæ йæ æмхъæлæсæй сæвзæрстой ССР Цæдисы адæмон депутатæй. Алыксандр хæссы Сæрмагонд æмæ Æххæстбарджын

минæвары ном. Уыди Сирийы Советон Цæдисы минæвар æмæ йæхи равдыста курдиатджын дипломатæй. Æвæццæгæн, æй уыцы хорзæхæн сæвзæрстой Сæйраг Советы дæр фæсарæйнаг хъуыддæгты къамисы сæрдарæй. Дзасохы-фырт æмæ Одинцовы куысты методтæ сты арв æмæ зæххау кæрæдзимæ дард.

Алыксандр Сæйраг Советы тæккæ ахсджиаг къамистæй иуы сæрдар кæй сси, стæй та уæд СЦКП-йы ЦК-йы политбюройы уæнг æмæ секретарь, уымæ тæсгæ йын йæ бæсты равзæрстой Ґалазты Æхсæрбеджы, нæ университеты ректоры. Галазы-фырты хорз чи зоны, уыдон уыцы хабарыл дæр сæмбæлдысты иттæг æхсызгонæй. Галазы-фырт у фæлтæрдджын кусæг, профессор, сæйрагдæр та хæдзонд, æмбаргæ адæймаг. Йæ бон у ацы зын уавæрты бæстон хъуыды кæнын, æрмæст абоны хъуыддæгтыл нæ, фæлæ сомбон цы уыдзæн, ууыл дæр. Æз цас зонын, уый бæрц ныронг æнæрхъуыды, сæртæг ми никуы бакодта, куыд фæзæгъынц, цапынмæ исты алыг кæны, уæдмæ йæ авд хатты абары.

Æмæ нæ Сæйраг Советы депутаттæ дæр раст бакодтой, сæхицæн æй сæрдарæй кæй равзæрстой, уымæй. Нæ горæты фæллойгæнджытæ та ма йæ равзæрстой адæмон депутатæй Уæрæсейы Федерацийы Сæйраг Советмæ æмæ уым дæр йæхи равдыста зондджынæй. Ныронг уал рафауинаг митæ нæма бакодта. Фæстæдæры хъуыддæгтæ та кæнгæ уыдзысты уымæн æрмæст йæхицæй нæ, фæлæ æппæт бæстæйы уавæр куыд уа, стæй йе 'мкусджытæ куыд архайой, уымæй.

* * *

Социалистон цардарæзты нæ адæмы къухы бафтыди егъау историон уæлахиздзинæдтæ. Уый æппындæр дызæрдыггаг нæу. Кæддæры фæстæзад, гæвзыкк, талынг Уæрæсе сси дунейы мидæг тæккæ домбайдæр дыууæ паддзахадæй иу. Уыцы æнтыстдзинæдтæ нæ къухы бафтыдысты сæйрагдæр Сталины заман, стæй ма суанг уый амарды фæстæ дæр.

Истори нын хæрз чысыл рæстæг радта домбай паддзахад саразынæн. Сталин ссæдзæм азты афтæ дзырдта, зæгъгæ, дам, мах раззагдæр капиталистон бæстæтæй фæсте аззадыстæм 50—100 азы бæрц æмæ кæнæ уыцы рæстæг мах хъуамæ азгъорæм 10—15 азмæ, кæнæ та нæ нæ фыдгултæ ныффалгæрон кæндзысты.

Раздæр дæр ма дзырдтон: Ленины амардæй хæсты райдианмæ рацыдис æрмæстдæр æвддæс азы. Уыцы азты дæргъы Советон Цæдис, куыд загътон, афтæмæй сси дунейы мидæг дыккаг индустриалон-аграрон домбай паддзахад. Æмæ кæд мах тугдзых фашизмы ныхмæ æвирхъау карз тохы ныббыхсыдтам, кæд хæсты рæстæг дæр æмæ уый размæ дæр цы бирæ фыдракæнддзинæдтæ æмæ рæдыдтытæ уагъд æрцыд, уыдоны сæрты дæр ахызтыстæм æмæ фæуæлахиз стæм, уæд уымæн æмæ æвддæс азы дæргъы Советон Цæдис, Коммунистон парти, нæ адæм æмæ нæ разамонджытæ, уыимæ Сталин дæр, бакодтой, æмбал кæмæн нæй, ахæм егъау æмæ хъæбатыр куыст. Абон цъыфкалæн чи кæны Советон дуджы историйыл, уыдон-иу ууыл бæстон куы ахъуыды кæниккой, уæд хорз уаид.

Кæмæйдæрты хъауджыдæр æз нымайын афтæ: Хрущев æмæ Брежнев се 'дылы, æнæсæрфат митæй советон цардарæзтæн æрхастой егъау фыдбылызтæ æмæ знаггаддзинад. Хрущевæн йæ тæккæ хуыздæр хъуыддагыл нымайынц партийы ссæдзæм съезды Сталины тыххæй цы доклад скодта, уый. Доклад йæ рæстæджы æз кастæн. Сталины тыххæй рæстытæ загъта. Фæлæ

мæм уæд дæр æмæ абон дæр афтæ кæсы: Сталины культы, йæ фыдракондзинæдты ныхмæ тох, æнæраст митæ сраст кæнынмæ Хрущев цы методæй бавнæлдта æмæ абон дæр бирæтæ цы методтæй архайынц, уыдон зонджын нæ уыдысты æмæ не сты, æрхастой æмæ хæссынц ахъаззаг зиан Советон Цæдисæн дæр, иннæ социалистон бæстæтæн дæр, дунеон Коммунистон змæлдæн. Хрущев йæхæдæг Мæскуыйы æмæ Украинæйы дæр бирæ адæмты байсæфта æмæ уый тыххæй йæ ком дæр никуы схæлиу кодта. Уæдæ Сталинмæ дæр касти знаджы цæстæй, уымæн æмæ йын хæсты рæстæг уый нæ ферваезын кодта йæ фыдгæнæг фырты.

Хрущевæн ма скæндзынæн йæ бирæ æндæр æнæрхъуыды, æдылы уынаффæтæн 'сæ сæйрагдæрты кой.

Егъау рæдыд уыдис Хрущев МТС-ты æгæр раджы кæй ныффалгæрон кодта, уый. Ацы хъуыддаг æрхаста бирæ экономикон фыдбылызтæ бæстæйæн.

Колхозты увæр фæхуыздæр кæнын æмæ афтæмæй колхозонтæн се 'фтиæгтæ фæфылдæр кæныны бæсты Хрущев æрхъуыды кодта колхозонтæн æхца фидын. Колхозты та æхца нæ уыди, миллиардтæ истой паддзахадæй æфстау, колхозонтæн æхца фыстой. Колхозонтæ сæхæдæг хъæууонхæдзарадон продукттæ цæттæ кæнынил, куыд æмбæлы, афтæ нал куыстой, фæлæ се 'хцаимæ уыдон дæр сæ ных сарæзтой горæты базартæм, дуканитæм. Колхозтæ та цы æфстæуттæ истой, уыдон фидын сæ бон нæ уыдис, æмæ-иу сын уæд паддзахад дæр уыцы миллиардгай æфстæуттæ ныббарста. Уыцы увæр бирæ фыдбылыз æрхаста колхозонтæн сæхицæн дæр, кусджытæ 'мæ службæгæнджытæн дæр.

Уæдæ 1961 азы Хрущев цы æхцайы реформæ сарæзта, уый дæр уыди кусджытæ æмæ службæгæнджыты фыдбылызæн.

Уæрæсейы Цæгатаг облæстты, æнæсаумæр кæй хонынц, уым, стæй Центрон облæстты дæр сæдæгай азты дæргъы адæм кодтой хоры куыст дæр, фосы куыст дæр. Уыцы облæсттæ, уæлдайдæр хæсты рæстæг æмæ уый фæстæ æрцыдысты æгуыдзæг увæрмæ. Æмæ уыдонæн баххуыс кæныны бæсты, стæй уæд иннæ облæстты æмæ республикæты дæр зæххы куыстады културæ фæбæрзонддæр кæныны бæсты, Хрущев баздæхт æмæ дæсгай милуан гектартæ бахуым кæнын кодта Казахстаны æмæ бирæ æндæр æдзæрæг бынæтты. Цыма нæ бæстæ хуымзæххытæ хъуаг уыди! Казахстаны быдырты бирæ мингай тракторæ, комбайнтæ байсæфти, бирæ миллиардгай сомтæ ацыдысты уым зæххы бынмæ. Уытæппæт æхца, техникæ, уыцы æппæт хъарутæ бæстæйы Цæгат æмæ Центрон облæсттæн лæвæрд куы 'рцыдаиккой, уæд уыдаид дзæвгар пайдайдæр, уæд уыцы облæстты хъæууон хæдзарад бынтон зауæтмæ не 'рцыдаид, уымы зæххытæ æдзæрæг, æнæ адæм нæ уаиккой абон.

Хрущев колхозты æмæ кусджыты хæдзæртты хъомтæ кæй скуынæг кæнын кодта, уый та уыди ноджыдæр ма иу фыдракæнддзинад.

Уæдæ йæ рæстæджы Китаимæ, Албаниимæ æмæ æндæр бæстæтимæ нæ ахастдзинæдтæ кæй фехæлдысты, уый дæр уыди тынгдæр Хрущевы аххос. Уый фыдæй мах бахъуыд бирæ миллиардгай хæрдзтæ бакæнын нæ китайаг арæнты æдасдзинад фидар кæнынæн.

Хъыгагæн, æппæт уыдæтты тыххæй дæр абон хуызæнæн дзурæг нæй. Хрущевæй та чидæртæ арæзынмæ хъавынц зонджын, хæларзæрдæ паддзахадон æмæ партион разамонæг. Мæнмæ гæсгæ та уый уыди æдзæсгом.

фæлитой арæзт, æнахуыргонд, цы бынат ахста, уый аккаг чи нæ уыд, æмæ уый фыдæй нæ бæстæйæн егъау зиантæ æмæ фыдбылызтæ чи 'рхаста, ахæм адæймаг.

Бирæтау æз дæр нымайын афтæ, æмæ Брежнев уыди æнæмæт, æдзæлгъæд разамонæг. Уый рæстæджы дæр куыстон, æмæ йæ мæхи рагъыл бавзæрстон. Хиуылæрвæссон, социалистон цардарæзты экономикæ æмæ социалон хъуыддæгтæм æнæмæтдзинад уыдысты Брежневы миниуджытæ. Афтæмæй та йæхицæй, йæ архайдæй бузныг уыди, йæ дæлбар чи уыд, уыдонæй дæр бирæтæй. Царды алы дзæбæхдзинæдтæй хъуаг нæ уагъта йæхи дæр æмæ йе 'рдхæрдты дæр. Æстдæс азы фæци партийы генералон секретарь æмæ иу хатт дæр афтæ нæ загъта: алæ-ма, цы ми кæнæм! Кæдæм цæуæм! Уый аххосæй экономикон æмæ наукон-техникон æгъдауæй, социалон хъуыддæгты, суанг адæмы æнæниздзинад хъахъæнынæ дæр мах аззадыстæм дунейы бирæ паддзахæдты фæстæ. Тæккæ дыдзæсгомдæр, адæмы знæгтæ схонæн кæмæн ис, ахæмтæ, зæгъæм, Щелоков, Рашидов, Медунов æмæ æндæртæ уыдысты йæ хæстæгдæр æрдхæрдтæ. Æппæлыдис сæ æмæ сын лæвæрдта стыр хæрзиуджытæ.

Хрущевы æмæ Брежневы æдзæлгъæддзинад æмæ æбæрнондзинад фæзындысты æппæт бæстæйыл дæр. Суанг партийы Центрон Комитеты Политбюройæ партийы райдиан организациты, колхозты æмæ куыстуæтты онг дæр. Æз нæ хъуыды кæнын, нæ республикæйы иу ахæм партион конференци кæнæ иу Пленум, науæд та Сæйраг Советы сесси æмæ нæ хъуыддæгты фæдыл ахъаззагæй карз æмæ æнæгæды ныхас кæм цыди, стыр критикæ кæм уыди.

Иннæ хабар та ма ахæм. Партион æмæ советон оргæнтæ, обкомы Пленум рæстæгæй-рæстæгмæ цыдысты ногæй æвзæрст. Хъæлæс дæр-иу сыл кодтам, уыимæ сусæгæй, фæлæ уыдон уыдысты иууылдæр формалон, зæгъæн ис, сайæн митæ. Уый тыххæй æмæ партийы обкомы Пленумы уæнгтæ иууылдæр нысангонд цыдысты рагацау. Сæйраг Советты, горæтты, районты, хъæуты, поселокты Советты депутаттæм кандидаттæ дæр афтæ. Æмæ уæвгæ Хрущев æмæ Брежневы размæ дæр ахæм уавæр уыди.

Æвзæрдзинад, зæгъæн ис, егъау фыдбылыз уыдис уый, æмæ бирæтæ нæ уæндыдысты сæ хъуыдытæ зæгъын, сæ зæрдæйы уаг равдисын, алыхуызон æмбырдты, уыимæ партион съездты, конференциты, пленумты, суанг райдиан партион организациты æмбырдты дæр. Дзырдтой-иу, рагацау кæй ныффыстой, кæнæ та сын-иу чидæр кæй ныффыста, ахæм гæххæтты гæппæлтæм гæсгæ. Хуыцау бахизæд, мыййаг, адæймаг куы зæгъа йæ зонды, йæ зæрдæйы цы хъуыдытæ ис, уыдон! Фылдæр хатт-иу хъуыды иуырдæм кодтой, иннæрдæм та — дзургæ. Афтæ чи кæны, ахæм адæймаг та хорзæй никуы ницы сараздзæн. Æмæ нæ бæстæ бирæ азты дæргъы йæ мидбынаты цоппай кæй фæкодта, уымæн йæ сæйрагдæр аххос уыдис ацы ран.

* * *

1985 азы М. С. Горбачев цы рацарæзт расидт, уый дзыллæты цардмæ, Коммунистон партийы архайдмæ, æрбахаста бирæ егъау ивддзинæдтæ. Фадæттæ арæзт æрцыд, æппæтадæмон демократи æмæ æргомдзырды æууæлтæ цæмæй æрфидар ой, уымæн. Дæсгай азты «табу» цы уавæртæ æмæ уагæвæрдтæн кодтам, уыдонæй бирæтыл нæ къух систам. Социалистон цардарæзты бирæ хъуыддæгтæ нымад æрцыдысты, чи нал хъæуы, рæдыд чи у, аппарын кæй хъæуы, ахæмтыл.

Фæлæ уыцы рацарæзт æрхаста æрмæст хорздзинæдтæ нæ — æнхъæл кæмæн нæ уыдыстæм, ахæм æвзæрдзинæдтæ ’мæ фыдракæнддзинæдтæ. Алцæуыл дæр æргомæй дзурыны уавæр бирæтæ афтæ бамбæрстой, æмæ, цæвиттон, кусыны бæсты, дзур, къах,ивгъуыд рæстæджыты цы хъæндзинæдтæ уыд, уыдоны хурмæ хæсс, уыдоныл худ æмæ уæд алцыдæр срæвдз уыдзæни. Ацы хъуыддаджы æз фыццаджыдæр аххосджын кæнын дыдзæсгом ренегатты бандæйы — Горбачевы, Яковлевы, Шеварднадзейы, Ельцины. Уыдоны æнæсæрфат архайд æмæ барæй конд митæ бабын кодтой Советон цардарæзты. Адæмы æууæнк партимæ ахъаззаг фæцудыдта. Бирæты нал уырны социалистон цардарæзты хорздзинад. Уымæй фæпайда кодтой социализмы идеалтæм фыдызнаджы цæстæй чи кæсы, уыдон. Бæстæйы сæвзæрди æмæ гъæйттæй архайынц алыхуызон къордтæ æмæ партитæ, уыимæ æргом буржуазон чи у, суанг монархистон æмæ фашистон, ахæмтæ дæр.

Бирæтæ, уыдонимæ коммунисты ном чи хаста, ахæмтæ дæр, зæгъæн ис, цъыфы сызмæстой нæ егъау историон уæлахиздзинæдты. Цомахъы ныхæстæй дзургæйæ, фæмызтой нæ фыдæлты æнæкæрон тугвæллæйттыл. Ныр бирæтæ афтæ дзурынц, зæгъгæ, советон дуджы нæ цардарæзты хорзæй æппындæр ницы уыд. Уый нæ, фæлæ ма суанг афтæ дæр дзурынц, зæгъгæ, дам, Октябры революци уыдис стыр рæдыд хъуыддаг. Уымæ уыцы революци цы фæндæгтыл рацыд, уымæ бирæтæ кæсынц абоны цæстæй. Нæ сæ фæнды, уæд Уæрæсе цы уавæры уыди, фæллойгæнджытæ цы хъизæмайраг цард кодтой, уый бæлвырд равзарын. Уыдон ивгъуыд цардарæзтыл дзурынц, абон раззагдæр капиталистон бæстæты цы уавæр ис, уымæ гæсгæ. «Рох» кæнынц, Октябры социалистон революци бирæ хорздзинæдтæ кæй æрхаста æмæ кæй радта, уый. Æмæ æрмæст нæ бæстæйы адæмтæн нæ! Уый ахъаззаг сахадыдта æппæт дунейы хъысмæтыл дæр. Уыцы революцийы руаджы рапарахат дунейы æфхæрд дзыллæты тох сæ бартыл, прогрессыл. Æмæ хуыздæры ’рдæм фæзынд капиталы бæстæты фæллойгæнджыты уавæрыл. Уый иу. Дыккагæй та Октябры революци бацырен кодта колониты æмæ æрдæг колониты адæмты тох сæ хæдбардзинадыл. Фидарæй зæгъæн ис уый æмæ мах революцийы æхххуысæй йæ бындур ныззылди дунеон колониалон системæйæн. Азийы, Африкæйы, Латинаг Америкæйы фæзынди бирæ дæсгай ссæрибаргонд бæстæтæ, уыдонимæ Инди, Вьетнам, Индонези, Пакистан, Нигери, Ангола, Кени æмæ ноджы æндæртæ. Абон советон цардарæзтыл цъыф чи калы, уыдон ферох кодтой адæмты историйы уыцы егъау уæлахиздзинад.

Уæдæ хибæстæйы дæр кæд æппын ницы, уæддæр æртæ ахсджиаг хъуыддаджы зæрдыл дарын хъæуид кæддæриддæр. Фыццаг. Уæрæсе уыд экономикон æгъдауæй тæккæ фæстæзаддæр бæстæтæй иу. Æмæ æвæдза, Коммунистон парти, Сталин бæстæйы индустриализаци скæныныл ахъаззагæй куы нæ бакуыстаиккой, уæд талынг, æнæбон Уæрæсе куыд суыдаид индустрион æгъдауæй дыккаг паддзахад æппæт дунейы, Европæйы та — фыццаг! Уый æмрæнхъ бæстæйы арæзт æрцыди, зæгъæн ис, егъау культурон революци. Æнахуыргонд, талынг фæллойгæнджыты цотæн ног цард уæрæх фадæттæ сарæзта ахуыр кæнынмæ, зонындзинæдтæй хи схъæздыг кæнынмæ. Хуымæтæджы талынг зæхкусджыты цот систы инженертæ, дохтыртæ, про-

фессортæ, фысджытæ, академиктæ... Уыцы уавæр, ай-гъай, хорзырдæм æнæфæзынгæ нæ фæци бæстæйы фидардзинадыл.

Зæгъæн ис æмæ уыцы дыууæ уавæрæн уыди ноджы æмбисонддæр фæстиуджытæ. Уыдон сбæрæг сты дунеон империализмы тæккæ реакциондæр тыхтæ, фашистон Герман, Итали æмæ сæ иннæ æххуысгæнджытæ 1941 азы нæ бæстæмæ куы ныббырстой, уæд. Советон цардарæзт æндæр куы ницы скодтаид, уæддæр, уыцы æвирхъау хæсты фашистон æрдонгты кæй ныддæрæн кодта, æрмæст уый дæр ын æгъгъæд у æнустæм стауынæн, социалистон дуджы историйы бæрзонд бынаты сæвæрынæн. Цымæ-иу цæуылнæ ахъуыды кæнынц советон цардарæзтыл цъыфкалæн чи кæны, уыдон ахæм уавæрыл, зæгъгæ, мах дунеон фашизмыл куы нæ фæуæлахиз уыдаиккам, уæд абон советон цардарæзтыл йæ сæт чи калы, уыцы профессортæ, фысджытæ æмæ журналисттæй бирæтæ немыцаг бароитæн хуыгæстæ æмæ хъомгæстæй кæй хафиккой, ууыл! Бирæтæм уыцы амонд дæр нал æрхаудаид, уымæн æмæ гитлерон фашизм æргомæй дзырдта, Советон Цæдисы адæмты фылдæр хай ныщщæгъдинаг сты. Æмæ уæдæ афтæ цыбырхъуыр, афтæ æнæмбаргæ, афтæ фыдзонд цæмæн стæм! Æппæт дæр цъыфы цæмæн сызмæстæм!

Æз дæр мæ романтæ «Куырды фырт» æмæ «Хæххон доны уынæры» нæ цардарæзты бирæ хъуыддæгтæм æркастæн критикон цæстæнгасæй. Æмæ дзы бирæ, тынг бирæ хъуыддæгтæ рафаудтон, уæлдайдæр та бæстæйы экономикæ æмæ культурæйæн разамынд дæттыны хъуыддаджы цы бюрократон, партократон методтæ сæвзæрди Сталины, Хрущевы, Брежневы рæстæджы, уыдонæй. Уæвгæ уыдон фæзындысты революцийæн суанг йæ хæд райдианы дæр, Ленин ма æгас куы уыд, уæд, æмæ æрхастой бирæ фыдбылызтæ. Уæдæ ма уыдоныл куы бафтауæм ноджыдæр, адæм 1937 аз кæй хонынц, уыцы фыдракæнддзинæдтæ, уæд æцæгдæр ма социалистон цардарæзтæн конд æрцыдис баххæстгæнæн æмæ ныббарæн кæмæн нæй, ахæм зиантæ.

Æмæ уыцы уавæрты хъуыдис, парти 1985 азы цы рацарæзт расидти, уый. Фæлæ куыд загътон, афтæмæй бирæтæ социализмы рацарæзт бамбæрстой бынтон иннæрдæм, ома нæ цардарæзтæн йæ быидур нæ бæззы, халинаг у. Æмæ социализмы знæгтæ дыстæ фæлдæхтæй бавнæлдтой уыцы æвирхъау фæнд æххæст кæнынмæ. Уыимæ ацы æвирхъау контрреволюцийы сæргъы лæууынц кæддæры фæлитой коммунисттæ, уыцы Горбачевтæ, Яковлевтæ, Ельцинтæ, Шеварднадзетæ, Поповтæ, Собчактæ æмæ æндæр ахæм дыдзæсгæмттæ.

Абоны цаутыл хъуыдыгæнгæйæ мæхи арæх фæфæрсын: цымæ цы уыдаид мæнæ абоны хуызæн рацарæзт парти ссæдзæм кæнæ та дæс æмæ ссæдзæм азты куы расидтаид, уæд! Дунейы географион картæйы бæрæг дæр нал уыдаид Советон Паддзахад. Уый бæсты дзы фæзындаид, зæгъæм, Скæсæны зæххытæ немыцаг баронтæ æмæ миллиардертæн, немыцаг фашисттæн. Уæдæ иннæ дунейы географион картæ дæр абоны хуызæн нæ уаид.

* * *

Социалистон цардарæзтыл æнæрынцойæ зондджын тох кæнын хъуыди... Махмæ та фæстаг цыппор азы фылдæр дзургæ кæнынц. Суанг бæрзонд æвæрд хицауадæй хуымæтæг кусджытæ æмæ колхозонты онг дæр. Радзур-

бадзур, æмбырдтæ аразын, митингтæ, демонстрацитæ, забастовкæтæ кæнын,— уый, зæгъæн ис, нæ туджы бацыд, уæлдайдæр фæстаг азты. Уæдæ бирæ хъуыддæгты мах, уæрæсейæгтæ, Обломовтæ кæй стæм, магусатæ, нОджы ма уымæй уæлæмæ расыггæнджытæ дæр, уыцы уавæр дæр зындгонд у. Уыимæ Обломовтæ чысыл нæй суанг тынг дæсны æмæ сæрæн разамынд дæттын кæм хъæуы, уым дæр. Ноджы алыхуызон æбæрнон хæлиудзыхты аххосæй кæм наутæ фæдæлдон вæййынц сæдæгай адæймæгтимæ, кæм поездтæ кæрæдзийы нынкъкъуырынц æмæ дзы бабын вæййы бирæтæ, кæм сыгъдтытæ æрцæуы. Æрмæст Чернобылы трагеди дæр кæуылты у, кæуылты! Йæ материалон знаггаддзинад дæр у сæдæгай миллиард сомты бæрц.

Цыбырныхасæй, паддзахады разамонджыты бирæ æнæсæрфат, æнæмæт митæ гæвзыккдзинад бафтыдтой бæстæйыл. Фæллойгæнджытыл мæгуырдзинад фæуæлахиз, сæ дзæвгар фылдæр хайæн мызд фыст цæуы хæрз чысыл, æргътæ та уæларвмæ схæццæ сты.

Бæстæйы сæйраг разамонджытæ — Горбачевтæ, Ельцинтæ, Яковлевтæ, Шеварднадзетæ æмæ иннæ ахæм «демократты» алыхуызон фæлитой миты фыдæй бынтон хæлд æрцыдысты Коммунистон парти, нæ домбай Советон паддзахад. Социалистон цардарæзты бæсты та нæ, фосау, скъæрынц капиталистон цардарæзтмæ, бонджынтæ 'мæ мæгуырты дугмæ. Уый у егъау трагеди, уæлдай дæр ирæтты хуызæн чысыл адæмтæн, сæ экономикæйæн, тынгдæр та сæ культурæйæн.

* * *

Иукъорд ныхасы ма ноджыдæр мæхи тыххæй. Нæ бæстæйы уавæр мыл æнæскъуынгæ æрхæндæг бафтыдта мæ уæззау низтæй уæлæмæ. Æртындæс азы мæ фарсæй дон цæуы, уыимæ арæх туг æмхæццæйæ. Дæс азы бæрц мæ рахиз къух фыссынмæ æппындæр нал арæхсы. Мæ галиуæй фæцæйахуыр кодтон, уый та мын паралич ныццавта. Фæлæ уæддæр мæ ныфс нæ сæтты. Мæнæ ацы мысинæгтимæ иумæ кусын райдыдтон ног романыл (уæлдæр ма йæ кой скодтон). Ныр ма уал хуыйны «Тулы царды цалх». Райдыдтон æй 1910 азæй æмæ йæ мæ зæрды ис æрхæццæ кæнын абонмæ. Мæхи нымайын æмæ, цалынмæ цæрон, уæдмæ дæр нымайдзынæн коммунистыл, социалистон цардарæзты фарсхæцæгыл.

1987 — 1991 азтæ.